АУЛЪЭ Пщымаф

1791-1796 ИЛЪЭСХЭМ АЩЫIЭГЪЭ ШАПСЫГЪЭ ФЭКЪОЛI ЗАОМ ИОЧЕРК

Тарихъ шIэныгъэлэжьэу, археолог цIэрыIоу Аулъэ Пщымафэ истатьяу «1791-1796 илъэсхэм ащыIэгъэ Шапсыгъэ фэкъолI заом иочерк» зыфиIорэр 1976-рэ илъэсым къыхиутыгъагъ. Мы IофшIагъэр ащ зитхыгъэр илъэс 40 Iэпэ-цыпэ хъугъэ нахь мышIэми, ар зитхыгъэ лъэхъаным иидеологие ифэмэ-бжьымэхэр къытеоми, джы непэрэ мафэмкIи осэшхо иI. Анахьэу къыхэд-гъэщымэ тшIоигъор шIэныгъэлэжьым хъугъэ-шIагъэм изэгъэшIэн екIолIакIэу къыфигъотыгъэр, шIэныгъэ къэкIуапIэхэу (источникхэу) ыгъэфедагъэхэр, гупшысэу хилъхьагъэхэр ыкIи ар адыгабзэкIэ къызэритхыжьыгъэр ары.

Очеркыр упчIитфымэ афэгъэхьыгъ ыкIи ащ къыхэкIэу Iахьихьтф мэхъу, ау ахэмэ ащыщэу тэ мы хэутыным пае гъэкIэкIыгъэу къыхэтхыгъэр щы: 1) Заор зыпкъ къикIыгъэр; 2) Восстаниер зэрзекIуагъэр ыкIи зыкIы-текIуагъэр; 3) Восстанием исоциальнэ-политическэ кIэухыхэр. Мыщ къыкIэлъыкIоу ахэр къыхэтэутых.

Тхыгъэр хэутыным фэзгъэхьазырыгъэр ЕмыкI Нурджан.

Кланынчъэ патриархальнэ (клановэ) щыIэкIэ-псэукIэм ыуж феодализмэр зэрэщытэу (е ащ изыпычыгъохэр) зэгорэм зыкIугъэгъэ джырэ цIыф лъэпкъмэ яреволюционнэ традициехэр мэкъумэщышIэ заохэм (восстаниехэм) къащежьэх.

НэмыкI цIыф лъэпкъмэ афэдэу, адыгэ народым феодализмэм къыщежьэгъэгъэ революционнэ традициехэр иIэх. Ахэмэ зэу яшыхьатышIу 1791–1796 илъэсхэм Шапсыгъэ щыжъотгъэгъэ ыкIи Адыгэ шъолъырыр зыгъэтIыгурыгугъэгъэ классовэ фэкъолI зэошхор. Ар зыпкъ къикIыгъэр, зэрзекIуагъэр, кIэухэу фэхъугъэр, нэфэшъхьаф мэкъумэщышIэ заомэ чIыпIэу ащиубытрэр, восстанием иисторие изэгъэшIэн хэхъухьэгъэ хэукъоныгъэхэр, упчIэу къыщынэфагъэхэр ыкIи къыщымынэфагъэхэр, восстаниер художественнэ литературэмрэ искусствэмрэ зэрахэтыр, пщыоркъхэмрэ лэжьакIохэмрэ еплъыкIэу а заом фыряIагъэр – джахэмэ яджэуап кIэкIхэр ары мы къыкIэлъыкIощт сатырхэр зэхьылIагъэхэр.

Очеркыр шIэныгъэ къэкIопIэ зэмлIэужыгъомэ атетэу тхыгъэ. Ахэмэ ащыщых авторым истатья зытIущыхэри (еплъ очеркым къыкIэлъыкIорэ шIэныгъэ къэкIуапIэмэ яспискэ).

1. Заор зыпкъ къикIыгъэр

Я XVIII лIэшIэгъум иятIонэрэ ныкъо зигугъу къэтшIыщт заом (восстанием) хэлэжьэгъэ адыгэ лъэпкъмэ (территориальнэ политическэ объединениемэ) Пшызэ шъолъыр чIыпIэ гъэнэфагъэхэр щаIыгъыгъэх.

Щэнэбз плъышъо зиIэгъэ чIыналъэу ахэмэ аIамычIэ илъыгъэр тIоуцогъу километрэ мин 22-рэ хъущтыгъэ [1: 9].

ШIэныгъэ къэкIуапIэмэ къызэрагъэлъагъорэмкIэ, хы ШIуцIэм пэгъунэгъу хьазырхэу, мэзыхэр зытет къушъхьэмэ ыкIи къушъхьэIушъомэ шапсыгъэхэр ащыпсэущтыгъэх. Псыхъохэу Антхъырырэ Быгъундырырэ къызэлъаубытырэ чIыналъэм Абатэ Нэмэр лIэкъолъэшым икъуаджэхэу Абын, Афы, Щэбыкъ, Сетэжъый, Щэпс зыфэпIощтхэр исыгъэх. Ахэмэ пщыхэр яIагъэхэп, ау анахь лъэпкъ лъэшхэр, нэмыкIэу пIоны хъумэ, лIэкъолъэшхэр, яIашъхьатетыгъэх [2: 332]. Тырку техакIоу Адыгэ хэкум къихьэгъагъэхэр ахэмэ зэкIафи, Быгъур-къалэ (Анапэ) рафылIэжьыгъэх [2: 332]. Илэ (Иль) псыхъо инэпкъмэ нэмыкI шапсыгъэ лIэкъолъэшэу Ныджэкъо ШэрэлIыкъо икъуаджэхэр аIусыгъэх [3].

Мы лъэхъаным натыхъуаехэр шапсыгъэмэ къакIэрысыгъэх. КъуйцIыкIу лъэпкъым АдэIубгъо (Адагум) инэпкъыхэр ыIыгъыгъэх, ШIупакIо Къэлэубат икъуаджэ псыхъоу Бэкъан Iулъэшъогъагъ. ШIупакIо Къашъохэмэ, Нэмэрхэмэ, Наурзэхэмэ, Хьасан ыкIи Ислъам Шыкушмэ, Хьарзэкъдэхэм ПцIэмэз, ТIозэпс, Жьыубгъу, Нэплъ, Псыф, Кудакъо зыфэпIощт чIыпIэхэр аIэкIэлъыгъэх [2: 333–334].

Пщыщэрэ Афыпсыпэрэ азыфагу къыриубытэрэ шъолъырым, джырэ зэманым фэдэу, бжъэдыгъухэр исыгъэх. Пшызэ пэмычыжьэхэу (къэзэкъ селениехэу Алексеевкэрэ Захарьевкэрэ апэчIынатIэхэу) 1790–1794 илъэсхэм султIанхэу Мосэтчэрые Муратрэ Ислъамчэрыерэ якъуаджэхэу Сэрсыерэ Лъэустэнчылэрэ (нэужым–Лъэустэнхьабл) щытыгъэх [4]. Бжъэдыгъупщыхэу Айтэч, Алкъэс, Батыкъу, Батчэрый, («Бахъчэрые» къэIуакIи мыщ иI) Хьаджэмыкъохэм якъуаджэхэри (Батчэрые икъуаджэ – Салтыку ыцIагъ, НэтIэшIоикъокIэ, ТIуабгъокIэ, нэужым ПодковэкIэ зэджэгъэхэ гъэхъунэм итыгъ [5] Пшызэ пэIумыдзыпагъэхэу зэкIэрытыгъэх. Пщыхэу Бечух (джаущтэу урысыбзэкIэ тхыгъэ) НэтIахъорэ (Натахо) Батмырзэрэ Марташъхьэ (къэзэкъ селениеу Константиновкэм пэчIынатIэхэу) къоджипшI щаIыгъыгъ [6]. А къуаджэмэ зэу ащыщыгъэх Гъобэкъуаерэ Нэшъукъуаерэ [2: 358]. Оркъэу Батыкъо Пщыкъуй Мырзэбэчыкъом псыхъожъыеу Едэпсы кIэрысыгъэ къуаджэу Едэпсыкъуаер ыIэмычIэ илъыгъ [6: 21; 2: 358]. Пщэу Аслъанчэрые иоркъэу Собай Пщыкъуй чылэгъо инкIэищмэ яIашъхьатетыгъ [6: 21]. Псэкъупсэ – Лахъщыкъуай, Хьатыгъуй, Мамрыкъуай, Очэпщый [7; 3: 358], Унэубатэ – Тыгъургъой, Чыбый, Щынджый, Суп – Инэм зыфэпIощт чылагъохэр аIусыгъэх [2: 358]. Пщыщэ къоджэ 28-рэ, адэмые къоджэ зытIущи ахэтэу, къегъэIылъэкIыгъагъэх [8: 228]. Л. И. Лавровым ыIогъагъэм урыгъуазэмэ, зы пщышхо тхьаматэ зыхэзыдзыщтыгъэ пщы унэгъо заулэмэ зэрэ Бжъэдыгъоу яфеодыщтыгъ – чIыпIэ – политическэ объединениещтыгъ [50: 10].

Бжъэдыгъум акIыбыкIэ, къыблэ ыкIи къыблэ-къохьэпIэ лъэныкъом,

абдзахэхэр щыпсэущтыгъэх. Ахэмэ япсэупIэщтыгъэхэр Шъхьагуащэ, Пщыщашъхь, Псэкъупсашъхь, Пчыхь (Пшеха), Унэубэташъхь зыфэпIощтмэ къаубытырэ чIыпIэхэр арыгъэ. Анахь лIэкъо лъэрыхьэхэу абдзахэмэ яIагъэхэр – Едыджхэр, Енэмыкъохэр, Анцокъохэр, Джанчатэхэр [9: 64-65].

Переписхэр зэрэщымыIагъэхэм яягъэкIэ мы лъэхъаным цIыф пчъагъэу адыгэхэр зэрэхъущтыгъэр наукэр ыгъэрэзэнэу къыбдзэн плъэкIырэп. 1778 илъэсым Пшызэ шъолъыр урыс дзэпэщэшхоу А. В. Суворовым къызэрэридзэгъагъэмкIэ, зэолI мин 20 Iэпэ-цыпэ зыхэтыдзэ адыгэхэмэ (къэбэртаехэр хэмытэу) зэхащэшъунэу щытыгъ [3: 430]. Ар адыгэмэ япчъагъэ ипроцентипшIыщтыгъ. Ащ урыгъуазэмэ, адыгэ пчъагъэу (къэбэртаехэр хэмытэу) 1778 илъэсым щыIагъэр мин 200 ихьанэ-гъунэ итын фаеу уенэгуе. Я XVIII-рэ лIэшIэгъум иятIонэрэ ныкъо нэбгырэ мини 150 -200 хъущтыгъэхэ къэбэртаемэ къадэплъытэмэ [10: 32], пстэумкIи адыгэмэ япчъагъэ мин 450-500 хъущтыгъэ.

1806 илъэсым Семен Броневскэм ытхыгъэгъэ трудым къызэригъэлъагъорэмкIэ, ПшызэрыкI щыпсэущтыгъэ адыгэхэр унэгъо мин 35-40–рэ фэдизмэ арысыгъэх. Къэбэртаехэр унэгъо минипшIэу гощыгъагъэх. ПстэумкIи Кавказ Iушъом (Предкавказьем) адыгэ унэгъо мин 50-м нэс щалъытэщтыгъэ [9: 72, 87]. Бжъэдыгъухэмрэ, кIэмгуехэмрэ дзэлI минитф зэхащэн алъэкIыщтыгъэу, а автор дэдэм еIо [9: 68–69]. ПроцентипшIым ащыкIэ зэрэрыгъуазэрэмкIэ укъикIымэ, а хэкуитIумэ гурытымкIэ нэбгырэ пшIырыпшI зэрысыгъэ унэгъо минитф яIагъ (унэгъо минитIурэ шъитфырэ зэрызэу), нэбгырэ мин 50 фэдизи а унагъомэ къызэлъаубытыщтыгъэ (гурытымкIэ Бжъэдыгъу – мин 25-рэ, КIэмгуий – мин 25-рэ). Абдзэхэ унэгъо мин 15-мэ [9: 63] – нэбгырэ мини 150-рэ, шапсыгъэ-натхъое унэгъо мин 16-мэ – нэбгырэ мини 160-рэ, къэбэртэе унэгъо минипшIым – нэбгырэ минишъэ ыкIи адрэ адыгэ лъэпкъ цIыкIумэ яунэгъо минипшI нэбгырэ мин 40 арысыгъэнхэ фаеу къыпшIошIы. ЗэкIэмкIи 1806 илъэсым адэжь адыгэхэр нэбгырэ мин 500-у зэхэтыгъэх. Я XVIII лIэшIэгъум иятIонэрэ ныкъо щыIэгъэ адыгэ пчъагъэм ар тефэ (1806 илъэсым атхыгъэгъэ пчъагъэр а лъэхъаныр ары зэхьылIэгъагъэри. АщыкIэ шыхьатых Броневскэм ыгъэфедэгъэ шIэныгъэ къэкIуапIэхэр, гущыIэм фэшI, Паллас итруд).

Я XVIII лIэшIэгъум зэкIэ адыгэмэ, ахэмэ шапсыгъэхэри зэрахэтэу, ямэкъумэщ, ябылымхъун, ясатыу шIын феодальнэ зэфыщытыкIэхэу ахэлъыгъэхэм ыкIи политическэ гъэпсыкIэу яIагъэхэм афэхъугъэгъэ зэхъокIыныгъэ-хэхъоныгъэхэр арыщтыгъ зигугъу тшIырэ илъэситф фэкъолI заор зыпкъы къикIыгъагъэр.

Академикэу М. Н. Покровскэм зэритхыгъагъэмкIэ, адыгэ обществэр (ащ щыщ шапсыгъэ обществэри) «орыжъ уцуагъэу щытыгъэп, ащ зэхъокIыныгъэхэр хэхъухьэщтыгъэх, феодальнэ обществэ пэпчъ

ахэхъухьэхэрэмэ яхьащырхэу. А зэхъокIыныгъэ-хэхъоныгъэмэ яIэгъэ лъапсэр – хозяйствэм зыкъызэриIэтыщтыгъэр ары» [11: 199].

ЧIыгулэжьынымкIэ адыгэмэ системитIу агъэфедэщтыгъэ. Мэзыр зыщыбэ чIыпIэхэр ***жъормашIор***, ***жъотхъурымэр*** е ***жъотхъурылэр*** – мэшIо чIыгу лэжьыр (подсечно-огневое земледелие) – щебэкIыщтыгъэ. Ащ зэу ишыхьат адыгэ гущыIэу (убыхыбзэми ар хэт) «жъо» зыфиIорэри. ПхъэIашэкIэ чIыр къэпIатынэу ары джы дэдэм ащ къикIырэр. Ау нахьыпэм «машIори» апэрэ мэхьанэу «жъо-м» иIагъэмэ ащыщыгъ (еплъ: «жъо-ку» – мэшIогупч, «жъо-плъы» – мэшIо плъыжь, «жъо-нан» – машIом ян, бысымгуащ, аталыкъ ныу, дае (жъон-дае, жъокъуапIэ), «жъуа-гъо» – мэшIо плъыжь – [12]. Мы шIыкIэмкIэ ижъыкIэ адыгэмэ къагъэкIыщтыгъэмэ зэу ащыщыгъ «*маха*» зыфаIорэ коцыр (полбэ лъэпкъ). Мыжъо лIэшIэгъукIэм (неолитым) щыублагъэу джырэ благъэ нэсыфэкIэ а *махэр* Грузием къыщагъэкIыщтыгъэ [13: 299; 15: 385]. Коцышъхьэр пыкIыкIыгъуашIоу зэрэщытыгъэм пае, пхъэ тIаркъокIэ ар папхъотыщти матэхэм араугъуаещтыгъэ, етIанэ къэнэгъэ коцыпкъыхэр гъупчъэкIэ Iуахыжьыщтыгъэх [14: 385].

Жъотхъурылэр (бжыхьэпэ гъэлэу, гъэтхэпэ гъэлэу гощыгъэ) къызэрыкIоу нахь щымытыгъэми, ащ къинэу пылъыгъэр багъэ. ГущыIэм пае, пIастэ, хьарыпI, шъуатэ (бахъсымэ) зыфэпIощтхэр зыхашIыкIыщтыгъэ гъэжъо лъэпкъэу ***гъычы*** – ***цIырамышъэр*** чIыгум халъхьаным ыпэкIэ, чъыгэу а чIыпIэм итхэр раупкIыщтыгъэх, агъэстыщтыгъэх, яжьэкIи чIыгур агъэуIэшIущтыгъэ. ЕтIанэ чылапхъэр тыраутэщти пхъэIашэхэмкIэ ыкIи шIуанэхэмкIэ хэджахьыщтыгъэх. КъушъхьэчIэсмэ цIырамышъэр къушъхьэбгымэ ащашIэщтыгъэ, зы десятинэми пуд 75–80-рэ фэдиз къырахыжьыщтыгъэ.

Мыщ ихьачырэу ***ашIэгъуджыми*** (цIырамышъэ плъыжь), ***ашэфыми*** (гъом) (фыгъом фэд, ау нахь жъгъэй, пуд 60 десятинэм къытыщтыгъэ), хьами (пуд 80 десятинэм къырахыщтыгъэ) адэзекIощтыгъэх. Ашэфы фэшъхьаф лэжьыгъэхэр цукIэ хьамэмэ *лъэхъэйлъэхъэеу* (посад-посадэу) ащаIожьыщтыгъэх, ежь ашэфыр арамым фэдэу аблэти кIашъомэ ащагъэгъущтыгъэ.

Джырэ лъэхъаным елъытыгъэмэ, я XVIII лIэшIэгъум климатыр чъыIэтагъэщтыгъ. Ащ дэгъоу тегъэпсыхьэгъэгъэ ижъырэ Кавказ лэжьыгъэ гъэтхасэу ***гъэтхэшыри*** (къэбэртэябзэкIэ – ***гъашэ***, абхазыбзэкIэ – ***ача***, урысыбзэкIэ – ***полба***) адыгэмэ игъэкIотыгъэу ашIэщтыгъэ, маим апхъыщти сентябрэ-октябрэхэм адэжь Iуахыжьыщтыгъэ, пудишъэм ехъоу зы десятинэми къырахыжьыщтыгъэ [15: 94–95; 16: 34]. Илъэс зытIущэ чIыгур заIыгъыкIэ, нэмыкI лэжьыгъэ шIапIэ етIани мэзым къытырахыщтыгъэ. Умыунэгъошхоу ащ фэдэ чIыкIэхэр къэпIэтын плъэкIыщтыгъэп. Унэгъошхохэри (гурытымкIэ пшIырыпшIхэр арысхэу) щымыIэхэмэ мыхъунэу зыпкъ къикIыщтыгъэхэмэ а чIыгу лэжьыкIэри зэу ащыщыгъ.

Ау ащ фэдэ чIыгу лэжьыкIэр унэгъошхоми лъэшэу къяхьылъэкIыщтыгъэ. Арэу зэрэщытыгъэм пае, *жъотхъурымэм* зэкIэ зэрэчылэу (зэрэобщинэу) е зэцэигъэ унагъохэр хэлажьэщтыгъэ [17]. Мэзыр тыраупкIэу чIыгур зажъокIэ ыкIи псыгощахьэри (псыгощэ къехьэкI, псызэутх, псыхадзэ) зырагъэкIокIыкIэ, етIанэ ар пхъэдзкIэ пхъэIэшэ (е цууж) гощ ашIыщтыгъэ. Апэ рапшIэу пхъэIэшэ пчъагъэм телъытагъэу чIыгу къорэгъкIэ хьасэ-хьасэу зэтыраутыщтыгъэ. Анахь лIыжъ зафэу чылэм дэсыр хьасэ пэпчъ паIом щырагъэIабэти, пхъэдзыр къырырагъэхыщтыгъэ. Зипхъэдз (пхъэдз пэпчъ унэгъо тамыгъэ хэуIупкIыгъагъ) къикIыгъэм хьасэр ратыщтыгъэ. Цуих зыкIэшIэгъэ пхъэIашэ зиIэ унагъом хьасэ псау (полный надел) тефэщтыгъэ. Цу тIурытIурэ зы пхъэIашэрэ нахь зимыIэ унэгъо зыщыплIыми джащ фэдиз хьас ныIэп аIакIахьэщтыгъэр. Ар ахэмэ щэу-плIэу зэтраутыти зэфагощыжьыщтыгъэ. Илъэс зыщыплIым азыфагу джаущтэу жъоныпкъыр зэ агощыщтыгъэ. ЧIыгукIэхэмрэ (целина) мэкъупIэхэмрэ илъэс къэс зэфагощыжьыщтыгъэх. Пхъэн, пкIэн, Iухыжьын, лэжьыгъэ Iожьын Iофхэр зэцэигъэ унагъомэ ежь акIуачIэкIэ агъэцакIэщтыгъэх, къикIыгъэ лэжьыгъэри унагъо пэпчъ зэтырагощэжьыщтыгъэ. Къуаджэм пэчыжьэ чIыгухэмрэ мэкъупIэхэмрэ амыгощыхэу унагъомэ агъэфедэщтыгъэх. Лые хъущтэп мыщ дэжьым чIыгукIэм адыгэхэр зэрэдэзекIощтыгъэ шIыкIэр хэгъэунэфыкIыгъэмэ. Апэрэ илъэсым – зы тIуалэ (вершок), ятIонэрэм – тIолитIу ыкIи ящэнэрэм – тIолищ икууагъэу ар цоплIэIукIэ ажъощтыгъэ. Илъэс къэс чIыгу къатыкIэ къычIэзгъэщыщтыгъэ ащ фэдэ агротехникэр лэжьыгъэхэмкIэ дэгъоу адыгэмэ алъытэщтыгъэ [18: 90, 99]. ЧIыгукIэм илэжьын елъытыгъагъэмэ, жъорэмашIом иагротехникэ нахь лъхъанчэщтыгъ, сыда пIомэ, илъэсипшIхэм къазыфагу ифедэ къэмыкIожьынэу чIыпцIэр ащ ыгъэстыщтыгъэ. Джащ епхыгъэу яжьэмрэ чIыпцIэмрэ зызэхагъэкIухьэкIэ, чIыпцIэм ишIуагъи инэу къыкIырагъэчыщтыгъэ [76: 93].

Жъотхъурылэм пэмыкIэу адыгэмэ губгъо зэблэхъури (переложное земледелие) агъэфедэщтыгъэ. Гъэтхэшы, зэнтхъ, тырку коцэу натрыфыр, аблэ, сатыриплIышъхьэ тазэр (бжыхьэ коцых, гъэжъо лъэпкъых зыIохэри щыIэх) зыфэпIощтхэр шIукIаеу агъэбагъощтыгъэх. Ащ фэдэ систем анахьэу тетыгъэхэр чIыгу зэикIымэ (равнинэмэ) ащыпсэущтыгъэ адыгэхэр ары. ЧIыгур нахьыбэу зэрэщыщытыгъэм пае, ар амыгощэу, шъхьадж фэлэжьыщтым фэдиз хьасэхэр ыубытыщтыгъэх [18]. ТапшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэмэ афэдэкъабзэу, цухэмкIэ, пхъэIашэхэмкIэ ыкIи лэжьэкIо пчъагъэхэмкIэ зэтегъэпсыхьагъэхэмэ нахь чIыгушIухэри ыкIи нахь чIыгубэхэри аIамычIэ илъэу хъущтыгъэх.

Унэгъо мин 40 хъущтыгъэхэ ПшызэрыкI (Закубанье) адыгэмэ гурытымкIэ гектаритIу-гектарищ ашIэщтыгъэ [90: 98–101], пстэумкIи ахэмэ чIыгоу алэжьыщтыгъэр гектар мин 80–120-м нэсыщтыгъэ. Гъэтхэшым телъытагъэмэ, ащ лэжьыгъэу къырахыжьыщтыгъэр пуд миллион 16–24-

рэмэ яхьанэгъунэщтыгъ. ГурытымкIэ унагъо пэпчъ пуд 200–300 лэжьыгъэу къыIакIахьэщтыгъэ. Адыгэ хабзэмкIэ унагъом ис нэбгырэ пэпчъ илъэс гъомылэ хъунэу мэтэ (пуд) 12 (нэбгырипшI унагъомэ – пуди 120-рэ), хьакIэмэ апай мэтий агъэIылъыщтыгъэ [90: 102], чылапхъэуи мэтэ 20–30 (зы гектарым мэтипшI тыраутэщтыгъэ [18: 100] пагъэIылъыкIыщтыгъэ). ЗэкIэмкIи унэгъо кIоцIым щагъэфедэнэу (необходимый продукт) къагъанэщтыгъэр пуди 150–170-рэ Iэпэцыпэщтыгъэ. Къехъугъэ пуд 50 –130-рэр (прибавочный продукт) ибэнахьыбэмкIэ хьакъулахьэмэ атекIуадэщтыгъэ, ахэмэ къялыжьырэр мэкъумэщышIэм ыгъэсатыущти, хозяйствэм ищыкIэгъэ пкъыгъо тIэкIушъокIухэр зэригъэгъотыщтыгъэх. ИгъэкIотыгъэуи имыгъэкIотыпагъэуи щытыгъэми, адыгэхэмкIэ анахь мэхьанэшхо зиIагъэр чIыгу лэжьыныр арыгъэ. Ащ зэу ишыхьатых гущыIэжъхэу «цIыфыр чIыгум нэмыкI ыгъэшхэкIырэп» ыкIи «щыIэмэ анахь баир бжыхьэр» ары зыфиIохэрэр [116]. Былымхъунымрэ ыкIи мыщ къытыщтыгъэхэ гъомылэхэмрэ япчъагъэкIэ щыIэкIэ-псэукIэм джыри щебэкIыщтыгъэхэ нахь мышIэми, чIыгум къыпкъырыкIыщтыгъэ фышъхьэ лэжьыгъэмэ мэхьанэу щыIакIэм щыряIагъэм елъытыгъагъэмэ (пIастэр – пстэуми ягуащэщтыгъ), ятIонэрэ чIыпI аубытыщтыгъэр. 1828, 1833–1834, 1839, 1846 ыкIи 1859 илъэсхэм ащыIэгъэ гъаблэхэр огъумэ е мацIэмэ лэжьыгъэхэр зэрагъэкIодыгъагъэхэм апкъ къызэрикIыгъагъэхэри а упчIэмкIэ нэрлъэгъу щысэх. Ау былымхэр елIыхыгъэ пае, гъаблэ хъугъагъэу адыгэ историем къышIэжьырэп. Мы псэлъэ къызэрыкIо дэдэмэ уарыгъуазэмэ, «былымхъуныра, хьауми лэжьыгъэшIэнра адыгэ хозяйствэм щебэкIыщтыгъэр» аIоу историческэ литературэм джы къызнэсыгъэми зэрщызэдаохэрэм пкIэ хъатэ имыIэу зэрэщытыр нэфэшъыпкъэу къыпфэхъу. Щэч гори хэлъэп ипчъагъэкIэ, иигъэкIотыгъэкIэ апэрэр ятIонэрэм зэрэшъхьадэкIыщтыгъэм, сыда пIомэ, а лъэхъаным «возделываемая земля составляет небольшую площадь сравнительно с невозделанной и почва еще не истощена (а таково положение при преобладании животноводства и мясной пищи в период, предшествующий периоду преобладания собственно земледелия и растительной пищи)» [117: 229]. Апэрэ периодым джыри адыгэхэр хэтыгъэхэ нахь мышIэми, ящыIакIэкIэ нахь мэхьанэшхо зыфагъэшъуашэщтыгъэр – чIыгулэжьынымрэ ыкIи ащ къаIакIигъахьэщтыгъэхэ фышъхьэхэмрэ. Арышъ, былымхъунымрэ лэжьыгъэшIэнымрэ зэфыщытыкIэу (соотношениеу, удельнэ весэу) адыгэ хозяйствэм щыряIагъэм арифметическэ къодыеу былымы шъхьэ пчъагъэр фышъхьэ гектар пчъагъэм зэрэнахьыбагъэр къибдзэу уекIуалIэмэ, хэукъоныгъэшхо пIакIэшIыхьащт. Ау мыщ зэуи къибгъэкIы хъущтэп лэжьыгъэ шIэнымкIи (цухэр) щыIэкIэ-псэукIэмкIи (лыгъо-мыгъохэр, щыгъынэпхъэхэр, сатыур) былым хъуным осэшхо имыIагъэу. КъапIомэ икъущт, баиныгъэри тхьамыкIэныгъэри шапсыгъэ-натхъуаемэ а

лъэхъаным унагъом иIэгъэ былымышъхьэ пчъагъэхэмкIэ нахь къызэрырадзэщтыгъэр.

ЧIыгулэжьыным дакIоу, а былымхъуными, ахэмэ япхыгъэ IэрышI-IэшIагъэхэми (унэгъо промыслхэмрэ ремесломрэ) мэкIэ-макIэу за-ушъомбгъущтыгъэ [100]. Мы Iофыгъомэ язытетыгъэ ащыгъум щыIэгъэ сатыум нэрлъэгъукIаеу къыпфешIы. 1750–1762 илъэсхэм Адыгэ шъолъырым ращыхи Кърым, Молдавием, Лъэхъстаным (Польшэм) [21], Урысыем, Тыркуем мэлыцэу квинтал (кг 49-рэ) мин 40–50, щыухьэ бзыгъэ мини 100, щыухьэ джэнэ мини 5-6, щыухьэ гъончэндж мин 50–60, 100, кIэкIо мин 200, килограмм 36-рэм ехъу зым ионтэгъуагъэу цушъо-чэмышъо мини 5–6 (щарыкъхэр ахэмэ ахашIыкIыщтыгъэ), мэлышъо мин 500, цубжъэкъо тIурытIоу мин 200, щэбзащэу миллионищ ыкIи нэфэшъхьаф пкъыгъохэр ащэгъагъэх (ахэмэ Пшызэ нэгъоймэ агъэсатыугъэ пкъыгъо пчъагъэхэри ахэлъытагъэх). Зы мэлыц окъым (грамм 1225) пэрищ (ахъчэ жъгъэй, пиастрэу чапыч 25-рэм зы парэр иятIокIитIунэрэ Iахь), сортым елъытыгъэу зы щыухьэ джанэм пэрэ 60 – пиастрэ 11, кIакIом зыпиастр-пиастрищ, зы цушъом пиастрищ, зы мэлышъом пэрэ закъу, зы гъончэнджым пэрэ 20 – пиастрищ, цу бжъэкъуитIум – пэрэ закъу, шымэ (бэкъанышхэм, шъэолыхъушхэм) пиастрэ 200 ауасэщтыгъэхэр [28: 282–293; 23: 25–29].

Къэтпчъыгъэ пкъыгъомэ къызэрагъэлъагъорэмкIэ, былым Iофым елъытыгъэмэ адыгэхэр анахьэу зыпылъыгъэхэр Iэшъ-Iэжъгъужъхэм (мелкий рогатый скот), Iэшъ-IэпIашъэхэм (крупный рогатый скот) ыкIи шыхэм яхъун арыгъэ. Илъэс пшIыкIутIум азыфагу, гущыIэм пае, гурытымкIэ адыгэмэ зы илъэсым мэлышъо мин 40-рэ цушъо-чэмышъо 500-рэ ащэщтыгъэ ыкIи былым пIэшъэ мин 17 аукIыщтыгъэ.

А илъэс пшIыкIутIу дэдэхэм адыгэмэ къарахъожьыгъагъ пцэшIо квинтал 3000 (зы окъым пэрэ 14–15 ыуасэу), гъучI квинтал 2000–3000 фэдиз (пэрий-пшIы зы окъым ыуасэу) мин 30–33-рэ (былымхъуным ишыхьатых), гъучI Iунэхэри зэрягъусэхэу шы нал мин 16 (плIым пэрэ 20 ыуасэу), жэдэлъхьэ мин 3–4 (пэри 6–10 зым ыуасэу), лъэрыгъ минищ, тIум пэрэ 20–30 ыуасэу (шыхъуным ишыхьатышIух).

НэпэмыкI пкъыгъохэу адыгэмэ къащэфыгъагъэмэ ащыщыгъэх басмэ къызэрыкIоу пычыгъо мин 50 (пиастрэрэныкъорэ – пиастрищ зым ыуасэу), чэтэн дестэ мини 150-рэ (пиастрэрэ ныкъорэ – пиастритIурэ плIанэрэ дестэм ыуасэу), псыпс шъхьатехъо 1000 (зым пэрэ 20 – пиастритIу ыуасэу), фэс пэIо мини 3–4 (пэрэ 50 – пиастритIу зым ыуасэу ыкIи моллэ-ефэндыхэр адыгэмэ зэряIагъэхэм яшыхьатхэу [23: 750], чыхIан 400–500 (пиастри 2–9 зым ыуасэу), IэплъэкI 500–600 (пэрэ 50–60 зым ыуасэу), дэнэ къолэнэу окъ мини 4–5, дэнэ къолэнэу окъ мини 4–5, бгырыпх 300–400 (пэрэ 50–60 зым ыуасэу), зэрэхадыкIырэ Iудан зэфэшъхьафхэу окъ мини 2–3 (зы окъым пэрэ 50–60 ыуасэу), кофе тюк 30–40 (тюкым окъи 100 илъ зы окъым пиастрэ ыуасэу), инбырэу окъ

200–300 (шъуатэм халъхьащтыгъэ, зы окъым пэрэ 25–30 ыосагъ), чынасыоу окъишъ (гынышIынымкIэ агъэфедэщтыгъэ, зы окъым пиастрипшI ыосагъ), тутынэу окъ мини 4–5 (зы окъым пэрэ 25–30-рэ уасэу), молдавскэ тутын лулэ мин пчъагъэхэр, нэкIущыфэхэу окъ 200–300, мэIашIу пихэу пкъышъолым щафэрэ нардэу (мазь) квинтал 500–600, пхъэ ыкIи бжъэ шъхьамажьэ 1500-рэ (пэри 2–4 ауасэу), тхылъыпIэ тхьапэу 480-рэ (арапыбзэкIэ е тыркубзэкIэ зэрытхэщтыгъэхэм ишыхьат), мастэу пэчкэ 2000 (пачкэм пэрэ 30–60 ыуасэу), кърым щазымэхэу (лъэхъстанхэу) 4000–5000 (плъыжьымэ пэрэ 20, гъожьымэ пэрэ 40–50 ыкIи шIуцIэмэ пэрэ 60 ауасэу) ыкIи нэмыкIыхэр [23: 23–25].

Я XVIII лIэшIэгъум адэжь адыгэмэ сатыу анахьэу зыдашIыщтыгъэр Урысыемрэ (Пщышхойрэ) Тыркуемрэ арыгъэх. ГущыIэм пае, 1784–1785 илъэсхэм адыгэмэ къащащэфыгъэ чэмытхъу пхъэчайхэмкIэ, шэфыкIэ (воск) ыкIи цушъохэмкIэ ушъэгъэгъэ къухьибгъу Быгъур къалэ (Анапэ) IукIыхи Тыркуем кIогъагъэх. Сатыу IофыхэмкIэ агъэфедэщтыгъэ къухьэхэри, аршин 29-рэ зилъэгэгъэ анэежъищхэр (анаем хэшIыкIыгъэ мачтищхэр) зытетхэри ахэтхэу, ежь адыгэ шъыпкъэми яIагъэх [9: 56–57; 24: 37]. Анапэ адыгэмэ хъырбыдзхэри щагъэсатыущтыгъэх, зы хъырбыдз кухьэм пэрипшI ыосагъэр [25: 37].

Я XVIII лIэшIэгъум шапсыгъэ-натыхъуае лIэкъолIэшхэм ыкIи оркъхэм, нэмыкI адыгэ лъэпкъхэм ялъэрыхьэхэм игъэкIотыгъэкIаеу Тыркуем дагъэсатыущтыгъэмэ, гущыIэм пае, цIыфыхэри ащыщыгъэх. Апэрэ лъэхъаным цIыф тыгъугъэхэр ары ахэмэ ащэщтыгъэхэр. Нэужым ащ фэдэ сатыум лэжьакIомэ ащыщ купхэри «рагъэсэгъагъэх». 1750–1762 илъэсым цIыфышъхьэмэ аосагъэхэр пиастрэ 60-м (я XIX лIэшIэгъум исомэ 15) щегъэжьагъэу пиастрэ мини 5–6 (125–150) анэсыщтыгъэх [21: 180; 23: 13]. Н. Каменевым адыгэмэ къыфаIотэгъэгъэ къэбармэ къызэрагъэлъагъорэмкIэ, куигъэ, е кIалэ зыхэмыкIрэ шъузыр (мыщ иIахьылмэ яIизын хэлъэу, ахэмэ уасэм щыщи аритэу) лIым ыщэщтыгъэ. Унагъом къадиштэмэ, ятэ-янэмэ – пхъур, шым – шыпхъур агъэсатыущтыгъэ. Ащэфыщт «псэ зыхэлъ пкъыгъор» дэчыгмэ (купецмэ) бгъу пстэумкIи къаплъыхьэщтыгъэ (илъэсибгъу пшъэшъэжъыехэмрэ шъэожъыехэмрэ). Нэр, лъакъохэр, Iахэр, шъхьацыхэр, лъэгагъэр – джахэмэ ягъэпсыкI ыуасэ къызэрэрадзэщтыгъэр. ЕтIанэ шыхьатхэр щысыхэу дэчыгым аужыпкъэрэ уасэр зыфэдизыр къыIощтыгъэ. Уасэм щыщ Iахьэ къызIэкIахьэщтыгъэ шыхьатхэу моллэефэндымэ ар дэдэм дэфтэрыри (купчая книга) зэхагъэуцоти ыкIи кIэтхэжьхэти Iофыр джаущтэу къуаджэм щаухыщтыгъэ.

Дэчыгмэ тыжьын сомэ 200–500 шъузыхэр, сомэ 500–800 пшъашъэхэр чылэхэм ащащэфыхэти, сомэ 500–800 апэрэхэр ыкIи сомэ 1500 -кIэ ятIонэрэхэр хы Iушъом тырку дэчыгмэ ащыращэжьыщтыгъэх. Илъэси 10–20 зыныбжь хъулъфыгъэхэри сомэ 200–500-кIэ Iуагъэ-кIыщтыгъэх [24]. НэмыкIхэр зэрэригъэнэцIыщтхэм пае, тырку дэчыгэм

ыщэфыгъэ пшъашъэм, хы Iушъом къекIолIагъэмэ алъэгъоу, дышъэ паIу, тыжьын бгырыпх, дарие джан, дарие къэптан, гъончэдж (шальвары), лъэпэдхэр, лъэхъстан лъэкъопылъхь, шъхьатехъу, IаплъэкI цIыкIу (носовой платок), бгъэкIапх зыфэпIощтхэр къаритыщтыгъэх, «унэIутхэри» къыфишIыштыгъэх [25]. Мы сатыур пщыхэмкIи, лIэкъолъэшхэмкIи, оркъхэмкIи лъэшэу федэхэкIыпIэщтыгъэ, сыда пIомэ, дэчыгмэ къапкъырыкIэу ахэми шIухьафтынхэр къаIакIахьэщтыгъэх [25]. Ащ дакIоу, а лъэрыхьэмэ фэкъолI тыгъугъэхэри агъэсатыущтыгъэх, «гъончэджыпхъэ» ашIыщтыгъэх. ФэкъолI заор зыпкъ къикIыгъагъэмэ ащ фэдэ сатыури зэу ащыщыгъ [26].

Сатыу IофкIэ цIыфхэр зыщэфыщтыгъэхэр Тыркуер арыгъэ нахь, Урысыер арыгъэп. Мыщ адыгэмэ дагъэсатыущтыгъэхэр мэкъумэщымрэ IэшIагъэхэмрэ къатыщтыгъэ пкъыгъохэр ары ныIэп. ГущыIэм пае, мэзитIумэ къазыфагу ыкIи зы сатыушIыпIэ закъом Черноморием исыгъэ баткэлIхэм (къэзэкъхэм) 1796 илъэсым адыгэмэ ащащэфыгъагъ фыгоу – пуд 2776, коцэу – пуд 1624, хьамцIый хьаджыгъэу – пуд 378, зэнтхъэу – пуди 160, хьэу – пуди 125, шъоу – пуд 12 ыкIи шэфэу – пуди 10 [27: 11]. Адыгэмэ, анахьэу урысымэ, къащащэфыщтыгъэр чэтэн пхъашэр (холстыр ары). КъэIон фае, урысымэ адашIыщтыгъэ сатыур адыгэхэмкIэ зэрэнахь чарэщтыгъэр: тырку товарымэ ялъытыгъэмэ пщышхой товархэр фэдищкIэ нахь путыщтыгъэх [27: 252]. ФэшIыгъэ адыгэмэ пкъыгъо лъапIэхэри урысымэ къащащэфыщтыгъэх. Ащ зэу ишыхьатых «ФэкъолIышIу иорэд» хэт кIалэм янэ фэгъэхьыгъэхэу ыIогъэгъэ гущыIэхэр: «Урысым икъундаузым плIэIушъо фыщысэгъакIыеп» [32: 72]. Мыщ хэт гущыIэу «къундаузыр» е «къундузыр» (тыркубзэмэ къахэкIыгъ) псэушъхьэу бобрэм ыцIагъ. Ау Кавказым исыгъэ цIыф лъэпкъмэ, гущыIэм пае, абадзэмэ (еплъ: «Абазино-русский словарь», М., 1967, н. 252), бобрышъом фэшъхьафэу соболым ышъуи ащыкIэ еджэщтыгъэх. Зигугъу къэтшIыгъэ сатырым имэхьанэ соболышъо пшъэпIэ лъапIэм зэрепхыгъэми ар зэу къегъэшъыпкъэ (бобрэм къундаузкIэ зэреджэщтыгъэхэр къэгъотыгъэнымкIэ ЗекIогъу Уцужьыкъу ишIуагъэ къытигъэкIыгъ).

Мыхэмэ япхыгъэу лыягъэ хъущтэп хэбгъэунэфыкIымэ, тыркубзэм къыхэкIи адыгабзэм къыхахьи, етIанэ Пшызэ джабгъу Iусыгъэ урысхэм абзэ «сатыу» зыфиIорэ гущыIэри щыщэу зэрэхъугъагъэр. Адыгэмэ адашIыщтыгъэ щэн-щэфэнхэм ыкIи пкъыгъо зэхъожьхэм 1796 илъэсым черномор урысхэр «сатовкэкIэ» еджэщтыгъэх [29: 20]. Ар «сатыу» гущыIэм къызэрэтекIыгъэр гу лъытэгъуаеп.

Ахъчэнчъэ пкъыгъо хъожьыныр (гущыIэм пае, лэжьыгъэр – щыгъукIэ е шэкIыкIэ – меновая торговля), ахъщэ зыхэлъ сатыу къызэрыкIор (пкъыгъо – ахъщ – пкъыгъо – простое товарное обращение, пкъыгъор ещэ – пкъыгъор къещэфы) – джа сатыу шIыкIитIур ары адыгэ обществэм щебэкIыщтыгъэхэр.

1778 –рэ илъэсым А. В. Суворовым зэритхыгъагъэмкIэ, адыгэмэ гын Iэбжыбыр зы мэлыкIэ шхонч щитфыр зы кIэкIо дэгъукIэ зэрахъожьыщтыгъэх [3: 430]. Гъотыгъуаещтыгъэхэ гынымрэ шхончыщэхэмрэ джащ фэдизэу лъэпIагъэх. ДэчыгхэмкIэ ар федэхэгъэкIыпIэшIущтыгъэ.

НэмыкI цIыф лъэпкъымэ адыгэмэ адыряIэгъэ сатыур зыIамычIэ ибэ-нахьыбэмкIэ илъыгъэхэр Тифлис, Ахъэуан (Нахичевань), Кизляр ыкIи Мэздэгу ермэл дэчыгхэр арыщтыгъ [28: 550, 9: 143]. Ары пакIошъ, 1790 илъэсым ехьылIэгъэ шIэныгъэ къэкIуапIэм къызэригъэлъагъорэмкIэ, Адыгэ хэкум ахъэуан ермэл къоджищи итыгъ – зым Джаурхьабл, адырэм Едэпсыкъуай (бжъэдыгъумэ ахэсыгъ), ящэнэрэм Хьатикъуай (Шапсыгъэмэ ахэсыгъ) ацIэхэу [28: 230]. Ермэл дэчыгмэ товар зэфэшъхьафхэр Адыгэ хэкум къыращэхэти щахъожьыщтыгъэх, ахъщэ зиIэми, ахъщэкIэ аращэщтыгъэх, дэчыг сатыу щъыпкъэхэри (купеческая торговля по формуле: деньги – товар – деньги с приращением – Д – Т – Д') ашIыщтыгъэх. Ежь адыгэ дэдэми дэчыг сатыу шъыпкъэм пылъыгъэ зырызхэри ахэтыгъэх. АщыкIэ зэу шыхьатых тапшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэгъэ адыгэхэу, сатыу Iофхэм апае хы къухьэхэр зиIагъэхэр. Ау ахэмэ ясатыу зэрэмыинэгъэм иягъэкIэ, адыгэ обществэм дэчыг капиталым (купеческий, торговый капитал) зыщиушхушъугъагъэп, дэчыг сословие бэгъуагъи а обществэм хэтэу хъугъагъэп (ермэлымэ афэшъхьафэу шапсыгъэ-натыхъуаехэм адыгэ шъузхэри яIэхэу урыс зырызхэр ахэсыгъэх [101: 58].

Хозяйствэ жъгъэимрэ сатыумрэ тIэкIу зызэраIэтыщтыгъэм дырагъаштэу шапсыгъэ обществэм хэлъыгъэ пэсэрэ (ранне) феодальнэ зэфыщытыкIэхэмрэ социальнэ-политическэ кIуачIэхэмрэ зэхъокIыныгъэ гъэнэфагъэхэр афэхъущтыгъэх. Мы лъэхъаным шапсыгъэхэр феодалхэу – лIэкъолъэшхэу (боярхэу), оркъхэу, апшъэрэ моллэ-ефэндхэу, дэчыг баихэу, зы лъэныкъомкIэ, адрэ лъэныкъомкIэ – фэкъолIхэу, пщылIхэу, унэIут – джэхэшъотетхэу гощыгъэхэу щытыгъэх. Яшъхьафитныгъэ кIэчышхохэр фэхъугъагъэ нахь мышIэми, обществэм ипроцент 80–85-рэм фэдизымэ джыри фэкъолIхэу залъытэжьыщтыгъэ. Хозяйствэм хахъо къэс лIэкъолъэшмэ анахь чIыгушIухэр чылэ ыкIи псыхъо общинэхэмэ ашIуаубытыщтыгъэх, чылэхэри чIыгухэри нахьи нахь феодальнэ лъэкъоцIэ унэе мылъкоу (вотчинэу) ашIыщтыгъэх, опсэуфэхэкIэ е къагъотыфэхэкIэ аIыгъынхэу яоркъыми (ядворянми) чылэхэр, чIыпIэхэр (поместьехэр) аратыщтыгъэх (тетыгъор зыIыгъыгъэ классхэу феодалхэм, пщыхэри, лIэкъолъэшхэри, оркъхэри къызэдиубытэу «оркъ класскIи» яджэх). Зигугъу къэтшIыгъэгъэ Абатэ ыкIи ШэрэлIыкъо лIэкъолъэшхэм явотчинэ щыщыгъэ къуаджэхэр а оркъыхэм япоместьещтыгъэх [30]. Зэхэпхэгъэ феодальнэ рентэхэмкIэ – фэIофашIэхэмкIэ, мэфэIофхэмкIэ (барщина) ыкIи тын зэфэшъхьафхэмкIэ (дань, оброк) сословие зэфэмыдэныгъэр феодалмэ агъэлъэшыщтыгъэх.

Анахьэу лIэкъолъэш-оркъхэр зыпылъыгъэхэр адыгэ народым икупкIэу щытыгъэ гурыт сословиер» [30, Н. Каменев] – фэкъолIхэр пщылIымэ афэдэхэу мэфэIофхэри тынIофхэри апшъэ дэкIыхэу ыкIи шъхьафитынчъэхэу зэкIэ зэрашIыщтхэр арыгъэ [31].

АщыкIэ лIэкъолъэшхэмрэ оркъыхэмрэ къызфагъэфедэщтыгъэхэр дань ыкIи рентэ формэ зэфэшъхьафых: шIыхьафыр, хъункIэныр, гъэщынагъэкIэ мылъку къаIахыныр, чIыфэ штэнхэр, хьаф штэнхэр, «екъащыныр» (еблэгъэныр, зекIолIхэр къыщыуцуныр), «щыуагъэр», пщыIахьэр, гощэIахьэр (илъэс пэпчъ а Iахьэхэр фэкъолIмэ атыщтыгъэх). П. Максимовым ишIошIкIэ [102: 22], я XVII-рэ лIэшIэгъум аусыгъэ «ТфэкъолIышIу иорэд» зэрэхэтымкIэ, лъэрыхьэ нэбгырэ 18-мэ «ТфэкъолIышIу тежъугъэкъащ, мафэр ащ щыдгъэкIон» аIошъы, мафэм ренэ фэкъолIым иунэ ешхэхэу, ешъохэу щызэхэсых [32: 71]. А орэд дэдэм гъэщынагъэкIэ фэкъолIым имылъку къызэрыIахыщтыгъэри, фэкъолIым мэкIэ-макIэу ыIэбжъэ-лъабжъэхэр зэрабзыхьэщтыгъэри» [32: 77] къегъэлъагъо. Лъэрыхьэ 18-м ягъусэ оркъыжъ Iофтабгэр фэкъолIым дэжь агъакIошъы, рырагъаIо:

…Уикъоджэпщ лIы пшIыкIуир
КъыдэкIыгъэшъ хэгъуашъхьэм щыт,
Фэрэ шыкIэ пшIыкIуий аIыгъ
Онэ зэпылъ пшIыкIуим
Зызакъо къыщыбгъакIэмэ,
КъикIыкIэнхэшъ уаукIыщт.

Ар фэкъолIым зегъэцакIэм, етIани лIыкIор къагъэдыдыжьышъ къырагъаIо:

Мыр тэ тишмэ яшъуашэ шъхьай,
Тэ тишъуашэ сыдэу хъуна?
ТэкъачIэм фычIэ чIэтышъ,
Iэбжыб зырыз къытфыщых е
Зэрэунаеу тэ къытэти
Тэр-тэрэу зэдгъэфэн [32: 78–79].

ФычIэм илъыгъэ ахъщэ сэнэхьхэри (цехин), зэрэхъурэмкIэ ахэмэ аштэгъагъ, ау ар ахъщэ рентэщтыгъэп, ахъщэ даньщтыгъэ нахь.

«Щыуагъэри» лIэкъолъэшхэмкIэ ыкIи оркъыхэмкIэ федэхэкIыпIэщтыгъ. ЛIэкъолъэшым е оркъым «нэбгъунджыкIэ къысэплъыгъ, къысэгыигъ, симыхьакъхэр къысиIолIагъ, арышъ фэкъолIыр щыуагъ», «хэукъуагъ» аIоти, агъэпщынэщтыгъэ.

ЛIэкъолъэшым е оркъым пкъыгъо горэ къащэфын зыхъукIэ, а пкъыгъор зыер фэкъолIым ибылымхэр зыщыхъурэ чIыпIэм къащэщти анахь былымышIоу ахэтыр ратыщтыгъэ. Ащ ычIыпIэ зы былым шъоецые горэ фэкъолIым IакIагъэхьажьэу къызэрэхэкIыщтыгъэр зэгъо дэд ныIэп. Шы дэгъу тесэу фэкъолIыр ыпэ къызифэкIэ, лIэкъолъэшым ар ыштэщти ежь иш дэй фэкъолIым къыфигъанэщтыгъэ [18].

ФэкъолIхэр пщылIымэ афэдэхэу шIыгъэнхэмкIэ лIэкъолIэш-оркъымэ моллэ-ефэндыхэр IэпыIэгъушхо афэхъущтыгъэх, дань плъышъохэу ушырзэчатэхэми, хьыкумыпкIэхэми а моллэ-ефэндымэ нахь ахагъахъощтыгъэ. Я XIX лIэшIэгъум къатхыжьыгъэ адыгэ гущыIэжъэу «КъурIаныр къызэдахымэ, умысэми ухыеми уиIэхъогъу зы пчэныкIэ нахь макIэ хъущт» [33: 25] зыфиIорэр, я XVIII- рэ лIэшIэгъум щыIэгъэ моллэ-ефэндымэ яхьыкъумхэми яхьылIэгъагъ. Пстэури щыгъэзыий, цIыфыр зэрагъэсатыущтыгъэми моллэ-ефэндыхэр пэуцу-жьыщтыгъэхэп. Ежьыхэм яIизын хэлъэу, тапшъэкIэ къызэрытIуагъэу, дэфтэрхэр афызэхагъэуцозэ цIыфхэр арагъащэщтыгъэх, ащэгъэ цIыфышъхьэ пэпчъи дэфтэрыпкIэхэр къафыхэкIыщтыгъэх [24: 27].

«ЕгъашIэми, – етхы В. И. Лениным, – шIыхьаф зэдэIэпыIэжьыныр – гъунэгъур гъунэгъум дэIэпыIэжьыныр – къоджэдэс цIыфхэм яхэбзагъ» [34: 36]. Адыгэхэр классовэ обществэм зыхахьэхэм лIэкъолъэшхэмрэ оркъыхэмрэ а ижъырэ хабзэм ежьыхэмкIэ барщинэ мэхьанэ иIэу ашIыгъагъ. ЧIыгужъон, лэжьыгъэхэлъхьэ, лэжьыгъэIухыжь, мэкъуон, мэкъукъищыжь ыкIи нэпэмыкI шIыхьафхэм фэкъолIхэр хагъэкIыщтыгъэхэп. «Хьасэ жъоныр сэ сиIофы, – ыIощтыгъэ лэжьакIом, – ау чылапхъэмрэ цухэмрэ зиусхьаным иещтых; мэкъу упкIэныр – сIалджанэмэ ятхьамыкIагъу, ау щэмэджыр, пIастэр ыкIи мэлитIур зиусхьаным ыпшъэ мыжъобгъоу ишIэгъэщтых» [35: 136]. Общиннэ нэшанэ зэримыIэжьыгъэм пае, мы шIыхьафыр народнэ шIыхьафымэ ахэбгъэкIуакIэ хъущтэп [36: 75].

Хозяйственнэ хэхъоныгъэм ежь фэкъолI дэдэхэри гощыгъэхэу ышIыгъагъэх. ФэкъолI пстэуми чылэ ыкIи псыхъо общинэхэм къатефэрэ чIыгухэр ащаIыгъыгъэх. Ау мылъку-былымхэмкIэ нахь тегъэпсыхьэгъэ фэкъолIхэр (фэкъолIышIухэр, фэхъугъэ фэкъолIхэр) арыгъэ ныIэп чылэми псыхъоми яанахь чIыгушIухэр зылэжьыщты-гъэхэр. Мы фэкъолIышIумэ пщылIхэри унэIутхэри яIэхэу псэущты-гъэх., ябаиныгъэкIи, пщылI-унэIут пчъагъэу аIамычIэ илъхэмкIи а фэкъолIышIу купыр лIэкъолъэш-оркъхэм хъатэу атекIыщтыгъэхэп. Джары историкхэри ахэмэ «оркъыкIэкIэ» зыкIяджагъэхэри [37: 3–4].

Фэхъугъэ фэкъолIымэ зэу ащыщыгъ «ТфэкъолIышIу иорэд» зигу-гъу къышIырэ шъузым илIэу «ФэкъолI НэпашIори». Мы аужырэм ищыIуагъэ къызэриIуатэрэмкIэ, фэкъолIышIу «лIыпщыщтыгъ, уп-чIэжьыби къырахьылIэщтыгъ» [32: 70]; гъэтхапэхэр къызнэсыкIэ» нэмыкI лэжьакIомэ» яхьасапэхэр къафигощыщтыгъ, ямэкъушIухэр къафищэищтыгъ»,

Ай – хьай ыIоу закIэкIыекIэ
Шъхьаджзыдэщытым щигъэщынэщтыгъ,
Ишъуатэ дэгъоу,
Ар ежь идэгъугъэкIэ арыгъэп, –
Иныщи икъугъэу,

Чэмыбгъэ пщэрыр кукIэм итэу,
Гъогупибл зыщызэхахьэрэм
Щырегъашхэ, щыригъашъощтыгъ.
Яунашъо къызафишIыкIэ.
ИIотхыдэ лIы ебакъощтыгъэп [32: 71].

ФэкъолIышIу – оркъыкIэмэ фэкъолI шъоецые къызэрыкIоми барщинэ Iофыгъоми арагъэгъэцакIэщтыгъэх.

Гъэ жъоныгъор къызысыкIэ
Пчэгъу занкIэ къаригъащэти,
Хьамэщыпкъым (ихьамэщыпкъ – П. А.) *чIарегъасэ,*
Дэечым илъэфкIэ
Ай ылъапсэ къарегъэфы,
Тфэичым ипытэкIэ
Ыкури къыдафые,
Къазмэкъ пэнаеу
Ку пшIыкIутIу харигъэщыти,
Хьамэщыбжъэ къаригъэшIыщтыгъ,
Шъузымэ ашIэгъэ кIэпыр
Чэу бжъапэм къызнэсыкIэ,
КIыкур чэщыIо-мэфаIоу
Мафэри ащ щыкIыхьэти
Iахьэри ащ щымакIэти [32: 71].

Джащ тетэу ежьым «илъэпкъэгъу» къызэрыкIоми, ежьым ипщылIыми фэкъолIышIур адэзекIощтыгъэ. Фэхъугъэ фэкъолIыхэм е «оркъыкIэхэм» зэу ащыщыгъэх шапсыгъэ унагъохэу Тхьахъуахъохэр [5]. Бзыикъо заом зятэжъэу Ажыгъуир хэлэжьагъэу Тхьахъохъо Зэчэрые (1841 илъэсым къэхъугъ) 1931 илъэсым Наурзэ Ибрахьим къызэриIотэжьыгъагъэмкIэ, «ижъыкIэ Тхьахъуахъомэ анахь бай шапсыгъэмэ ахэмытыгъэу ары».

Адырэ фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэр тхьамыкIэ лъэпкъхэу, лIэкъолъэшми, лIэкъолъэшмэ яоркъми, оркъыкIэ фэкъолIышIуми пщылIы ашIыхэмэ ашIоигъохэу ягъашIэ къахьыщтыгъэ. Барщинэ – шIыхьафым фэкъолIышIу зэрэщигъэшхагъэхэр арыгъэ ныIэп ахэмэ «чырапкIэу» ибэ-нахьыбэмкIэ къаIакIахьэщтыгъэри. Ащ фэдэ гъэпщылIыным «кабальный, ростовщический характер» иIэщтыгъэу В. И. Лениным ылъытэщтыгъэ [38: 192].

Ау зы пкъыгъо а фэкъолIышIухэмрэ фэкъолI къызэрыкIохэмрэ зэгомыхьэхэмэ, зэдэмыбанэхэмэ мыхъунэу ышIыщтыгъэх. А пкъыгъор – лIэкъолъэшхэмрэ лIэкъолъэш-оркъхэмрэ ялъытыгъэхэмэ фэкъолI купитIур Iофтхьабзабэхэмкlэ шъхьафитынычъэхэу зэрэщытыгъэхэр ары. Япыйхэм зэрябэныщтыгъэхэм, ахэмэ пщылIы зызэрамыгъэшIыщтым пае зыцIэ къетIогъэ купитIумэ фэкъолI лIэкъо зэтхьарIогъу политическэ союзхэр зэхащэгъагъэх. «АпэрэмкIэ а зэтхьарIогъухэм ахэтыгъэхэр зэIахьылхэу е зэпышIыхьагъэхэу щытыгъэ унагъохэр ары. Нэужым

ахэмэ аштэхэу хъугъагъэх ямылъэпкъэгъухэри, гъэпщылIакIомэ къаIэпыкIыгъэ нэмыкI адыгэ лъэпкъ (племя) унагъохэри е цIыф шъхьазакъохэри. ЗэтхьарIогъум ихабзэхэм афэшъыпкъэнхэу пстэуми тхьа аIощтыгъэ. Яморадхэр зызэтефэхэкIэ зэгъунэгъу зэтхьарыIогъумэ абдзэхэ ыкIи натыхъое фэкъолI зэтхьарIогъуми етIанэ зэтхьарIогъухэр зэдашIыжьыщтыгъэх» [18: 40]. Мы зэтхьарIогъу шIыкIитIум апшъэ кIоу шапсыгъэ фэкъолI зэтхьарIогъумэ абдзэхэ ыкIи натыхъое фэкъолI зэтхьарIогъуми зэтхьарIогъухэр адыряIэщтыгъэх. А зэтхьарIогъу зэфэшъхьафхэм Iашъхьатетышъор ащызыIыгъыщтыгъэхэр фэкъолIышIухэр арыгъэх. ТапшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэ социальнэ-экономическэ хэхъоныгъэхэм мыхэмэ афэдэ зэмзэгъыныгъэхэр (противоречиехэр) шапсыгъэ обществэм хэплъагъохэу ышIыгъагъэх: апэрэ зэмзэгъыныгъэр лIэкъолъэшхэмрэ оркъхэмрэ, зыбгъумкIэ, ыкIи ахэмэ япщылI унэIутхэмрэ, адырабгъумкIэ, азыфагу илъыгъ; ятIонэрэр – фэкъолIышIу-оркъыкIэхэмрэ ахэмэ япщылI-унэIутхэмрэ къахэщыщтыгъэ; ящэнэрэм – лIэкъолъэшхэр, лIэкъолъэш-оркъхэр, зыбгъумкIэ, ыкIи фэкъолIышIу-оркъыкIэхэр, адырабгъумкIэ зэлъиштэгъагъэх; яплIэнэрэр – фэкъолIышIу-оркъыкIэхэмрэ фэкъолIышIу къызэрыкIохэмрэ азыфагу иплъагъощтыгъэ ыкIи ятфэнэрэ зэмзэгъыныгъэр зэкIэ фэкъолIхэмрэ (фэкъолIышIу-оркъыкIэхэри зэрахэтэу) лIэкъолъэшхэу ыкIи лIэкъолъэш оркъхэу фэкъолI пстэури пщылIы зышIы зышIоигъуагъэхэмрэ азыфагу щыжъощтыгъэ. Мы ужырэ зэмзэгъыныгъэр ары нахь антагонистическэу щытыгъэр (антагонистическэ нэшэнэшхо ащ къезытыщтыгъэхэр фэкъолIышIухэр арэп, фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэр ары нахь). Джары апшъэрэ шъхьаусыгъоу (причинэу) 1791–1796 илъэсхэм ащыIэгъэ Шапсыгъэ антифеодальнэ заом фэхъугъагъэри. Шъхьаусыгъо благъэу (ближайщая причина) а заор зыпкъ къикIыгъагъэр – фэкъолIмэ ателъыгъэ тын фэIо-фашIэхэр феодалыжъымэ (старая аристократия) нахьыбэ зэрашIыгъагъэхэр ары.

2. Восстаниер зэрзекIуагъэр ыкIи зыкIытекIуагъэр

Шапсыгъэ фэкъолI заом иисторие къыгурыIогъоещт а лъэхъаным адыгэ шъолъырыр зэрытыгъэ международнэ зэфыщытыкIэхэр къыдэмылъытэхэмэ.

Хэти зэришIэу, августым 1555 илъэсым Пшызэ шъолъыр исыгъэ адыгэхэр ежьымэ ашIоигъоу Пщышхой хэхьэгъагъэх [40]. Арэу зэрэхъугъагъэхэр къырамыдзэу дунаир зыбгынэжьыгъэхэр адыгитIу. Зыр НэмытIэкъо Айтэч («Кавказское обозрение», № 2. Париж, 1956 илъэс), адырэр – «Черкесы» зыцIэ антисоветскэ тхылъэу 1956 илъэсым Мюнхен урысыбзэкIэ къыщыдэкIыгъагъэм иавторэу ТIрахъу Рэмэзан [92: 218-219]. Ау зыгорэм къызэрэримыдзэрэм пае, а хъугъэшIэгъэшхор щымыIагъэу пшIын плъэкIыщтэп. Я XVI лIэшIэгъум икIэухыхэм адэжь, Пщышхой ыкIуачIэхэр Темыр Кавказым къызыщэланлэхэм (Ливонскэ заом иягъэкIэ), Пшызэ шъолъыр адыгэхэр Тыркуемрэ Къырым

хъаныгъомрэ яполитическэ фэмэ-бжьымэ чIэфэгъагъэх. Нэужым, 1783 илъэсым Кърым иаужырэ хъанэу Шыхьанчэрыер Пщышхой зыгуахьэм, Урысыемрэ Тыркуемрэ зэдашIыгъэгъэ къэрарымкIэ (договор), а хэгъэгуитIумэ Пшызэ иджабгъу зэдырягъунэпкъэнэу, Пшызэ исэмэгукIэ ис адыгэхэри Тыркуем къыхиубытэхэу щытынхэу зэдаштэгъагъэ (1791 ыкIи 1829 илъэсхэм анэс а къэрарым кIуачIэ иIагъ, мы аужырэ илъэсыр ары адыгэхэр Урысыем икIэрыкIэу ыкIи ятIонэрэу зыхэхьажьыгъагъэхэри – воссоединение).

Яхабзэ адыгэ шъолъырым зэрэщагъэпытэщтым ыкIи адыгэхэр Урысыем рагъэзаохэу, рагъэпыихэу, Тырку империем ифедэхэр рагъэухъумэхэу зэрашIыщтхэм пае, 1781–1782 илъэсхэм пытэпIэ къалэу Анапэ (Быгъур къал) ХышIуцIэ Iушъом тыркумэ щагъэуцугъагъ. Ау тырку-адыгэ зэфыщытыкIэхэр егъашIэм зыпкъ итыгъэхэп. Адыгадзэмэ бэкIаерэ Анапэ зэхакъутэгъагъ. Нэужым Бзыикъо зао хэкIодэщт натыхъоелIэу ШIупакIо Ахьмэд «Къэлэубат» зыкIыфаусыгъагъэри а пытапIэр зыщэ-зыплIэ зэрзэхикъутэгъагъэр ары [42: 273–274]. Тыркумэ аIыгъыгъэ шъыпкъэр Анапэ зытетыгъэ хыгъэхъунэ ныкъо цIыкIур ары ныIэп. Ащ къегъэIылъэкIыгъэгъэ адыгэ чIыпIэхэр зэкIэ ахэмэ япыйхэу къызэрыхэкIыщтыгъэхэр мэкIагъэп. Адыгэмэ зэращыщынэщтыгъэхэм пае, дзэлIыхэр ямыгъусэхэу Анапэ дэжь речъэкIрэ псыхъожъыеу Быгъури тыркухэр псыхьи, псыщи кIощтыгъэхэп [43: 17], топыхэри апымышIагъэу адыгэхэм ахахьэщтыгъэхэп. ТхылъыпIэ къэрарымкIэ Тыркуем щыщыгъэхэ нахь мышIэми, тырку хабзэр адыгэмэ аштэщтыгъэп, аштэнэуи фэягъэхэп. ЯтIонэрэ Екатеринэм (урыс къызэрыкIом афэдэу адыгэхэри ащ «КэтэринэкIэ» еджэщтыгъэх) иIофшIэкIошхоу П. А. Зубовым маим и 9-м 1795 илъэсым зэритхыгъагъэмкIэ, адыгэхэр, «не признав турков своими властелинами, законам их не повинуются и их не слушают» [44: 463]. К. Маркс игущыIэхэу «Черкесия всегда была независима от Порты» [45: 417–418] зыфиIохэрэр а зигугъу къэтшIыгъэ фактми дэгъу дэдэу къагъэшъыпкъэ.

Кърымрэ Пшызэ джабгъурэ Урысыем къытрихыжьынхэшъ ежьым ахэр зэриубытыщтхэм пае, тырку пачъыхьэу Апэрэ Абдул-Хьамедэм 1787 илъэсым къэралыгъо зэошхо Пщышхой къыришIылIэгъагъ. Заор 1791 илъэсым нэс, тырку пачъыхьэу ящэнэрэ Селим тетэу, зекIогъагъэ. ТхылъыпIэ къэраркIэ Тыркуем къызэрхиубытэщтыгъэхэм иягъэкIэ, а заом адыгэ шъолъырыри хэщагъэу хъугъагъэ. Заом адыгэ пстэури тыркумэ ягъусэу хагъэлэжьэнхэу портэм иIашъхьатетхэр яшъыпкъэу пылъыгъэх. АщыкIэ ахэмэ шIыкIитIу агъэфедэгъагъ. 1787 илъэсым иятIонэрэ ныкъом топиплI зигъусэгъэ тырку дзэлIи 160-рэ Анапэ къикIыхи Натыхъуаер, Шапсыгъэр, Жанэхэр, Бжъэдыгъур, Хьатикъуаер, КIэмгуер ыкIи Мэхъошыр къакIухьэгъагъ, ахэр къызэрзыкъуащэщтым пае шэкIэу, ахъчэу агощыгъагъэхэри мэкIагъэп. Абдзахэмэ ячIыгу зырамыгъахьэхэм, отрядым Анапэ ыгъэзэжьыгъ.

Мыщ дыкIыгъоу нэмыкI шIыкIэ тхьагъэпцIи тыркумэ зэрахьэгъагъ. 1785–1787 илъэсхэм тырку техакIом яунашъо тетэу «Шыихъэу» Мансур Ушурма восстание Щэщэным къыщиIэтыгъагъ. Ар мэкъумэщышIэ заощтыгъэп, сыда пIомэ, зэфэдэныгъэм ибыракъ чIэтхэу зыкъязгъэIатыгъэр (Мансур) банэщтыгъэп [46: 113]. Мансур зыпылъыгъэр Тыркуем фэфедэщт «гъэзэуат» лъэпкъ зао Урысым ришIылIэнэу, кавказ народхэмрэ урыс народымрэ зэфигъэблынхэу, классовэ банэр лъэпкъдин банэкIэ зэблихъунэу арыгъэ ныIэп. Ары ыкIи Мансур «ивосстание» реакционнэ мэхьанэ зыкIыриIагъэри. Щэщэн, къэбэртэе ыкIи нэмыкI темыркавказ цIыф лъэпкъхэм ялэжьакIохэр зыгокIыжьхэм, июлым и 3-м 1787 илъэсым Анапэ дэсыгъэ итырку зиусхьанхэм адэжь Мансур къэкIожьыгъагъ [46: 105, 112]. Тыркумэ адеIэу адыгэ лъэпкъмэ «гъэзэуат» зао къаригъэIэтынэу мыщ унашъо къыщыфашIи, адыгэмэ Мансурыр къахатIупщыхьагъагъ. Тырку дзэлI отрядым рашIэгъагъэм фэдэу, Мансур абдзахэмэ зыхагъэхьагъагъэп, зыхэзгъэхьагъагъэми хъатэу къырадзагъэп. Февралым и 2-м 1788 илъэсым Iофым щыгъозэгъэ къэбэртэелIэу Хьамырзэ Хьатыжъыкъо къызэриIотэгъагъэмкIэ, «у тамошних народов Мансур не во уважении» [47: 370–371]. Арэу щытыгъэ нахь мышIэми, адыгэ куп къаумэ тыркумэ ыкIи Мансур агъэплъэхъухи зыдагъэзэогъагъэх.

ГущыIэм пае, августым и 12-м 1788 илъэсым Пшызэ верст 20-кIэ пэчыжьэгъэ чIыпIэу ЗанэкIэ заджэщтыгъэхэм дэжь бригадирэу Брехман зипэщэгъэ егерь батальонищ, къэзэкъ 300 ыкIи натыхъое-абдзэхэ дзэлI миниплI сыхьатие зыщызэзаохэм, уIагъэхэми укIыгъэхэми адыгэмэ нэбгырэ 800 чIэнагъэу ашIи, зэкIэкIожьыгъагъэх. Пщышхой щыщэу нэбгыритIу хэкIодэгъагъ, нэбгырэ 21-рэ щауIэгъагъ. Августым и 21-рэм псыхъоу Мартэ инэпкъ генералэу Текелли икорпусрэ бжъэдыгъу дзэлIхэмрэ зыщызэутэкIыхэм, мы аужырэмэ янэбгырэ 20-мэ къагъэзэжьыгъагъэп, оркъэу Шумэныкъо Оздэмыр пачъыхьэм иподданэу зишIи икъуаджэ къыгъэнэжьыгъагъ. Сентябрэм и 26-рэм Убын заор щыIагъ. А заом тырку 700-рэ адыгэ 800-рэ щыфэхыгъагъэх. Пщышхой дзэлIэу 28-рэ зэуапIэм къинэгъагъ, уIагъэхэу 226-рэ къахэкIыгъагъ [8: 210, 241, 235]. Мартым и 24-рэм – апрелым и 6-м 1789 илъэсым генерал-лейтенантэу Бибиковым идзэ дэжь щязаохэзэ, тыркухэмрэ адыгэхэмрэ нэбгырэ миних [105: 37], урысхэм нэбгырэ минитф [105: 27; 243: 149] ясатырхэмэ ахэзыгъагъэх. ПстэумкIи 1787–1791 илъэсхэм азыфагу тырку пачъыхьэм итехэкIо политикэ адыгэ нэбгырэ минихым ехъу [8: 243] текIодэгъагъ.

Ау къэIогъэн фае, урысыдзэми хэтхэу а заом адыгэхэр зэрэхэлэжьагъэхэр. Генерал-фельдмаршалэу Г. А. Потемкиным дзэлI шъхьагърытэу (свитэу) а заом щыриIагъэм шапсыгъэхэри хэтыгъэх [48: 23]. Ахэмэ зэу ащыщыгъ урысыдзэм икапитанэу ШэрэлIыкъо Къырымчэрые. 1787 илъэсым бригадирэу Горич Нахьыжъым (къэбэрт-

эягъ, ылъэкъоцІэ шъыпкъэщтыгъэр Бэгъыл) иотряд ежь-ежьырэу хахьи, тыркумэ язэогъагъ [28: 260]. 1792 илъэсым тырку пачъыхьэу Ящэнэрэ Сэлимэн ыцІэкІэ тырку агентэу Сэлымчэрые СултІанэ адыгэмэ афэгъэхьыгъэу мырэущтэу ыІогъагъ: «Быслъымэнхэу тыркумэ къязэуагъэмэ оттоманскэ правительствэм афегъэгъу» [48: 44]. Урысхэм аготыхэу тырку пачъыхьадзэм адыгэ шІукІаехэр зэрезэогъагъэхэр а гущыІэми дэгъоу къаушыхьаты.

Тырку-урыс къэралыгъо заор кІо пэтзэ генералэу И. В. Гудовичыр (1741–1820 илъ.) зипэщэгъэ пщышхом идзэр джы Краснодар зыдэщыт чІыпІэм маим 1791 илъэсым Пшызэ къызэпырыкІи, шапсыгъэ-натхъуаехэмэ къялъэІугъагъ: «Тыркухэр Анапэ дэсфынхэу сэкІошъ, шъуичІыгу сырыжъугъакІу, шъуигубгъэ лэжьыгъэхэр сидзэмэ язгъэулъэбыщтэп», – ыІуи. Арэу Гудовичым къызафеІопщым, бырсырынхэу ежьэгъэгъэ адыгэхэр рэхьатыжьыгъагъэх, ячІыгуи урысыдзэр рагъэкІогъагъ [49: 645]. Тырку техакІохэмкІэ адыгэ жъугъэмэ агу шІу зэримылъыгъэр а хъугъэ шІагъэми зэу къеушыхьаты. Июным и 26-рэм Гудович идзэ Анапэ ыштэгъагъ. Ащ къегъэтІысэкІыгъэ натыхъуаехэр, занэхэр, хэгъакІэхэр июлым и 10-хэм, шапсыгъэхэр, абдзахэхэр, бжъэдыгъухэр августым ызыныкъом адэжь Урысыем иподданствэ ихьэгъагъэх [49: 651; 28: 240]. Натыхъое-шапсыгъэхэм ялІэкъолъэшхэмрэ яоркъхэмрэ арэу зыкІашІыгъагъэр Пщышхой правительствэр къыздагъэІэпыІэзэ фэкъолІмэ ягъэпщылІын нахь зэрагъэлъэшыщтыгъэр ары [50]. АщыкІэ зидзэхэр зэхакъутэгъэ тырку пачъыхьэу ящэнэрэ Сэлимэм ущыгугъужьыкІэ пкІэ зэримыІэжьыгъэри ахэмкІэ нэрлъэгъу шъыпкъэу хъугъагъэ. Ау бэ темышІэу сентябрэм 1791 илъэсым ЯтІонэрэ Екатеринэм адыгэхэр Тыркуем къыфигъэнэжьыгъагъэх, Урысые подданствэми, «Шъушъхьафитых, зыми шъуепхыгъэхэп» ыІуи, къыригъэкІыжьыгъагъэх [28: 241].

Июлым и 10-м ыуж 1791 илъэсым шапсыгъэ ыкІи натыхъуае фэкъолІмэ явосстание къырагъэжьэгъагъ [50]. ЗыкъэзыІатыгъагъэхэмкІэ уахътэр лъэшэу тефэрабгъоу щытыгъ, сыда пІомэ, оркъ-лІэкъолъэшхэм къадеІэнхэ зылъэкІыщтыгъэхэ тыркудзэхэр зэопІэ пстэуми пхъэхьаитэкъухэу урысыдзэхэм зэхашІыхьэгъагъэх, ежь урысыдзэхэри Адыгэ шъолъырым икІыжьхи Астраханскэ губернием кІожьыгъагъэх. Джащ тетэу, тырку заом къыщыдахыгъэгъэ текІоныгъэхэмкІэ Шапсыгъэ-Натыхъое восстаниер къызщежьэщтыгъэ уахътэм урысыдзэхэр объективнэу къешІушІэгъагъэх.

ТызтегущыІэрэ илъэситф восстанием иисторие периодитІу – охътитІоу бгощын олъэкІы. Апэрэ периодым 1791–1792 ыкІи ятІонэрэм 1793–1796 илъэсхэр къызэдаубытых. Мы периодитІуми зыкъэзыІэтыгъэ фэкъолІхэр ибэ-нахьыбэмкІэ зыфэбанэщтыгъэхэр ежьыхэмрэ лІэкъолъэш-оркъхэмрэ зэфэдэныр арыгъэ [52]. Зэфэдэныгъэм иидее «самой революционной идеей крестьянского движения» щыт В. И. Ле-

ниным зэриIощтыгъэр [53: 226–227] ащ дэгъоу къегъэшъыпкъэ, Мансур иреакционнэ «восстание» ифэмэ-бжьымэ адыгэ восстанием къызэрэтемыхьэгъагъэри а идеем нафэу къыпфешIы. НэмыкIэу кьэпIоны хъумэ, фэкъолIмэ зэфэдэныгъэм къырагъэкIыщтыгъэр ежьыхэм яапшъэрэ хъопсагъощтыгъ — «уничтожить самоуправство князей и дворян» [54].

Июлым ыуж, 1791 илъэсым зыкъэзыIэтыгъэгъэ натыхъое ыкIи шапсыгъэ фэкъолIхэм зэфэсышхо зэхащи, ащ иунашъокIэ къухьэIухэр (портхэр) лIэкъолъэшхэмрэ оркъхэмрэ аIахыгъагъ, суд IофыхэмкIэ, цIыф гъэпщынэнхэмкIэ мыхэмэ яправэхэри аIакIахыгъагъэх, лIэкъолъэш ыкIи оркъ хапIэхэми атебэнэгъагъэх. ЕгьашIэми аугъоигъэ мылъкухэр къызэрагъэнэжьыщтхэм пае, зикIуачIэхэм ащымыгугъужьыщтыгъэ натыхъое лIэкъолъэшхэмрэ оркъхэмрэ яхэбзэжъ зыпкъ рагъэуцожьынэу ыуж ихьэгъагьэхэп, фэкъолIмэ къафагъэуцугъэ дэо пстэуми язэгъыхи, ахэмэ яунашъохэмкIэ «зекIохэу» ячылэмэ къадэнэжьыгъагъэх [51].

Ау лIэкъольэшхэмрэ оркъхэмрэ нахь кIочIэшхо зыщыряIэгъэ Шапсыгъэ фэкъолI восстаниер Натыхъое фэкъолI восстанием фэдэу псынкIэу текIошъугъагъэп. Восстаниер къырагъэжьэнымкIэ шапсыгъэ фэкъолIмэ ушъхьагъуищ (повод) агъэфедэгъагъэу къаIотэжьы. Апэрэр – шапсыгъэ лIэкъолъэш пщыпапкIэхэу ШэрэлIыкъо льэпкъым япхъу фэкъолI шъао горэм зещэм, ар зэрэтырахыгъагъэр арэу алъытэ [55]. ЯтIонэрэр – а лъэпкъ дэдэм щыщ горэм фэкъолIым имэкъу Iатэ (ШэрэлIыкъо Нагъомкъом фэкъолI горэм имэкъу кухьиплI къызарегъащэм, фэкъолIым а Нагъомкъом имэкъу къыщэжьыгъагъ. Ащ къикIи, Нагъомкъом фэкъолIыр зэриукIыгъагъэр заомкIэ ушъхьагъу хьугъагъэуи къаIотэжьы [106], къызыремытым зэриукIыгъагъэр арэу къашIошIы [107: 56, 200]. Восстанием хэлэжьэгъэ шъыпкъэмэ къызэраIотэжьыгъэмкIэ, ащ ушъхьагъоу фашIыгъагъэр ШэрэлIыкьо горэм адыгэ хьакIэ-фэIофашIэхэм апылъ хабзэхэр лъэшэу емыкIоу зэриукъогъагъэр ары. Ермэл дэчыг хьакIэхэр гъогум зэрыщихъункIагъэхэр шIомакIэу, ахэмэ ядэкIотитIуи а ШэрэлIыкъохэкIым ыукIыгъагъэх. «Нахьыпэм ащ фэдэм Iофы зырагъэшIыщтыгъэп: оркъымэ ащ нахьи нахь жъалымагъэхэр зэрахьэщтыгъэх» [52]. Ау джы якIуачIэ зыфэдизыр къызгурыIогъэ фэкъолI зэтхьарыIомэ а бзэджэ зекIуакIэр амыщэчышъоу ыкIи ар IэубытыпIэ ашIи зыкъаIати, япыйхэм зыч-зыпчэгъоу апэуцужьыгъагъэх.

ЗыкъэзыIэтыгъэ тхьэоегъэ фэкъолIхэр апэ рапшIэу зэкIугъагъэхэр ШэрэлIыкъо Нагъомкъомрэ ыкIи шапсыгъэмэ япщыпапкIэу зызылъытэжъыщтыгъэ Ныджэкъо АлисултIан ШэрэлIыкъомрэ яхапIэхэр арыгъэ. АлисултIанэр а мафэм дэмысэу къычIэкIыгъагъ. Ау дэсдэмысым пымылъхэу ащ ипщылIхэмрэ иджэхэшъотетхэмрэ фэкъолIмэ шъхьафиты ашIхи зэбгыратIупщыгъэх, пщылIхэмкIэ ыкIи унэIутхэмкIэ жъалымыжъ дэдэу щытыгъэ АлисултIанэ яни «дысэу зэрэдэ-

гущыIагъэхэм фэшъхьафэу, шъонтIэпIи ашIыгъагъ» [52], хапIэри мылъкури зэфагощыхи фэкъолIхэр нэмыкI лIэкъолъэшмэ ыкIи оркъымэ ауж зэрафэу ихьагъагъэх. Нагъомкъом зигъэбылъи Бжъэдыгъу икIыжьыгъагъ. АлисултIанэ зэрэдзэкIуагъэхэм ихьащырэу зэфэдэнычгъэм ифэкъолIыдзэ, гущыIэм пае, Абатэ лIэкъолъэшхэми адэзекIуагъ. Мы Абатэми шапсыгъэмэ япщыпапкIэу, шапсыгъэ лIэкъолъэшхэми ятхьэмэтэжьхэу залъытэжьыщтыгъэ [54]. КъырашIагъэр «шIохьайнапэу» ШэрэлIыкъо АлисултIанэ оркъыдзэ зэхищи, фэкъолI восстаниер IашэкIэ зэхикъутэнэу фежьэгъагъ, ау зи ащ къыдэхъугъагъэп [51]. Нэужым пщы-оркъ Бжъэдыгъущтыгъэр шъхьаухъумэжьыпIэ уцупIэу къыхахи, лъыпсыкIэ яхабзэ къыдахыжьын яхьисапэу, заIати ШэрэлIыкъохэр Бжъэдыгъу икIыжьыгъагъэх [52]. Зэфэдэныгъэм еуцолIэгъэгъэ лIэкъолъэшхэмрэ оркъхэмрэ Шапсыгъэ къырагъанэхи, аш емызэгъыгъагъэхэр фэкъолIмэ рафыгъагъэх. Хъуажъ Исмахьилэ къыIэкIэхьэгъэгъэ къэбарымкIэ, «оркъэу нэбгырэ 250–300 фэдиз шапсыгъэмэ къызхафыгъагъ» [107].

Джащ тетэу, илъэситIу Iапэ-цыпэм азфагу фэкъолI заор Шапсыгъэ щытекIуагъ. ТекIоныгъэм ихьатыркIэ фэкъолIхэмрэ Шапсыгъэ къинэгъэгъэ феодалхэмрэ азфагу «зэфэдэныгъэр» илъэу агъэуцугъагъ, хабзэри фэкъолI хасэхэмрэ (судхэмрэ) ыкIи фэкъолI зэфэсхэмрэ Шапсыгъэ щызэрахьэхэу хъугъагъэ. Ау а зэфэдэныгъэри, хасэ-зэфэсхэри анахьэу зичарэщтыгъэхэр фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэу, текIоныгъэр къыдэзыхыгъэхэр арыгъэп, фэкъолIышIу-оркьыкIэхэр арыгъэ нахь. ТыдэкIи Шапсыгъэ Iэшъхьэтетныгъэр щызыубытыгъагъэхэр джа фэхъугъэрэ лъэкIырэ зиIэгъэ фэкъолIхэр ары.

Шапсыгъэ фэкъолI заом иятIонэрэ период мэхьанэ купкIэу иIагъэр къыдахыгъэ текIоныгъэр икIыжьыгъэ шапсыгъэ лIэкъолъэшхэмрэ ыкIи ахэмэ къагоуцогъэ бжъэдыгъу пщы-оркъхэмрэ ащаухъумэзэ фэкъолIхэр ззрэбэнагъэхэр, афэлъэкIымэ Бжъэдыгъуи пщы-оркъхэр щытырадзынхэу зэрэпылъыгъэхэр ары. Мы аужырэ IофыгъомкIэ шапсыгъэхэр абдзахэмэ агъэблыщтыгъэх. Абдзахэмэ «раздували ненависть к сословию высшему, властолюбие которого, при благоприятных обстоятельствах, могло бы сделаться и для них опасным. Изменить внутренний строй у соседей было господствующим желанием абадзехов» [54].

Шапсыгъэ зыщырафыгъэ апэрэ мафэхэм къыщегъэжьагъэу ШэрэлIыкъохэмрэ ыкIи ахэмэ яIумэтхэмрэ анахьэу зыпылъыгъэхэр 1791 илъэсым ыпэкIэ Бжъэдыгъурэ Шапсыгъэрэ зэдашIыгъэгъэ мамыр къэрарыр [52] зэрагъэкIодыщтымрэ, уIэшыгъэ IэпыIэгъу бжъэдыгъу пщы-оркъмэ къаIахыны яхэбзэжъ Шапсыгъэ зэрэщагъэуцужьыщтыгъэмрэ арыгъэх. IэпыIэгъу къафэхъунхэу апэ рапшIэу ахэр зэлъэIугъагъэхэр хъымыщей бжъэдыгъумэ япщышхо-япщытатэу Хьаджэмыкъо Алкъэс [57: 58] ышнахьыкIэу Батчэрыещтыгъ. КIымафэм 1794 илъэсым щыIэщт пщы-оркъ зэфэсым а Iофыр ахилъхьаны ты-

ригъэгущыIэнхэу Батчэрыем къызегъэгугъэхэм, зыфаехэр къад-эхъугъахэм фэдэу ШэрэлIыкъомэ къашIошIыгъагъ. Нэужым а къашIошIыгъагъэхэри зэфэсым къыгъэшъыпкъэжьыгъагъэх.

ПIалъэр къызэсым къуаджэу Салтыку январым и 25 –рэм [103: 47] зэфэс къыщызэIуахыгъ [58]. Зэфэсым къекIолIэгъагъэхэмэ ащыщыгъэх СултIанхэу Мурат Мосэтчэрыерэ Марсутчэрые Ислъамчэрыерэ, хъымыщэйхэм япщэу Айтэч, Алкъэс, Батэкъу, Батчэрый Хьаджэмыкъохэр, ахэмэ афэоркъщтыгъэхэу Бжыхьакъо Борэкъу, ШэрэлIыкъо Оздэмыр, Бжъэдыгъу Исмахьил, Шердэе Амырз, чэчэнаехэмкIэ – пщыхэу Мэмэт, НэтIэхъо Бечук (ШэрэлIыкъо НэтIахъукъу), Бэчмыз ыкIи Шыкур Шумаф, Цундэкъо Шыумаф ыкIи Умлягак Дчилит (джаущтэу урысыбзэкIэ тхыгъэ). Черноморскэ кошевой атаманэу Чепегэм илIыкIохэми, адыгабзэ дэгъоу зышIэщтыгъэ тэлмащэу Шарап ягъусэу, зэфэсым ятIысыпIэхэр щаубытыгъагъэх [103: 47–48]. ШэрэлIыкъо АлисултIани ыкIи ащ игъусэгъумэ ащыщхэри зэфэсым щыIагъэх.

Зэфэсыгъэ пщы-оркъхэр зэкI пIоми хъунэу гуитIу-бзэгуитIухэу, агуитIумэ арылъхэр абзэгуитIумэ къамыIоу, абзэгуитIумэ ателъыр – агуитIумэ арымылъхэу, гъэпщылIэкIожъ жъалымыжъ дэдэхэу гъэпсыгъагъэх. АщыкIэ щыситIу къэдгъэлъэгъон.

НэтIахъокъом ишIэ хэмылъэу ицIыфымэ зы лъэубэкъу адзын фитыгъэп. ИпщылI пшъашъэрэ ипщылI шъаорэ зэнэцIыгъэхэу чэу лъапсэм шъэфкIэ щызэдэгущыIэхэу зелъэгъухэм, «сэ сишIэ хэмылъэу сыдэущтэу зэдэгущыIанхэ хъугъэ» ыIуи, пшъашъэр коным ригъэшIыхьэгъагъ, кIалэр Хэкужъ (хы Iушъом) щаригъэщэгъагъ. Пшъашъэр амыгъашхэзэ коным зэрилIыхьагъэр зыраIом, «дэшъулъэшъужь» ыIуи, унашъо ытыгъагъ. ПщылI лIыжъым ытамэ пшъэшъэ хьадэр телъэу дихэу зелъэгъум: «Дэх сIуагъэп, дэшъулъэшъужь сIуагъэ нахь» ыIуи, лIыжъыр цуитIумэ апаригъашIи, даригъэлъэшъуи зэрэпсаоу чIаригъэтIагъ. ЕтIани ежь нахь зафэрэ нахь лIыхъужъырэ щымыIэуи зилъытэжьыщтыгъэ. Орэд зарегъэусыми, хэкум исымэ анахь дэгъоуи зыхаригъэлъхьэгъагъ:

КIэс хьыным ишыпхэкI егъэшъу,
Иашъуан лъытхъубэр диз,
ЗэонкIэ Саусырыкъу,
ШэрэлIыкъо НэтIахъукъу [108].

Бжыхьакъо Борэкъоми зэрэ Бжыхьакъуаеу имылъкугъ. Къуаджэм сыд щагощыми ащ иIахьэ апэу хагъэкIыщтыгъэ, емыупчIыжьхэуи пари ашIэщтыгъэп. Къоджэ шъузыхэм чэт аупщэрыхьымэ (зэраупщэрыхьрэр зыми ымылъэгъугъэми, ымышIэми), «зиусхьан иIахь» аIоти, бгъэлыбэмрэ тамэмрэ апэ рапшIэу Борэкъом фахьыщтыгъэх (ари «пшыIахь» зыфиIорэм изышIыкIэщтыгъ). Мафэ горэм Борэкъор дэмысэу бжыхьакъуаемэ мэкъупIэр агощыгъэу къэкIожьыхэзэ, ар къакIэхьэжьыгъагъ:

– Тэ шъукъикІыжьрэ нэкъэ куп, шъуипаІохэр цэдэжьхэу? – ыІуи, ар лэжьакІомэ къяупчІыгъ.

– Зиусхьан, мэкъур дгощыгъэ.

– Хэт шъузэупчІыжьыгъэр?

– Зиусхьан, тыожэжьын тлъэкІыгъэп мэкъур мэкІодыти.

– Жъугощын шъуфитыгъа?

– Хьау, зиусхьан, къытфэгъэгъу.

– Ащыгъум сибзаджэ шъошх, кІо шъукІожь! – къариІуи, апэ икІи чылэм дэхьажьыгъагъ [108].

ЛэжьыгъэпІэ чІыгухэр агощыми, анахь хьасэшІухэр Борэкъом къыфагъэтхъыхьэщтыгъэх. КІэкІэу пІон хъумэ, пстэури ащ ыІэмычІэ илъыгъэх, зэгорэм ТыгъэкъохьэпІэ Европэм «нет земли без сеньора» зэрэщаІощтыгъэм фэдэу, Бжыхьакъуаий «нет Бжегокая без Бороко» зыфиІорэм тетэу феодальнэ псэукІэр щыгъэпсыгъагъ. Джа феодалитІумэ афэдагъэх зэІукІэм къекІолІэгъэгъэ адырэ пщы-оркъхэри.

Салтыку зэфэсыр упчІитІу зытегущыІэгъагъэр. Апэрэ упчІэр зэхьылІэгъагъэр – бжъэдыгъухэр Урысыем иподданэхэу шІыгъэнхэр арыгъэ. Ау ар кошевой атаманым фызэшІокІынэу щытыгъэпти, бжъэдыгъу лІыкІохэр ПщышхоикІ (Пщышхое гъун) Петербург агъэкІонхэу рахъухьэгъагъ [103: 48]. ЯтІонэрэ упчІэр зэпхыгъагъэр ШэрэлІыкъомэ яІофщтыгъ, нэмыкІэу пІоны хъумэ, Шапсыгъэ восстаниер арыгъэ.

Мы упчІэмкІэ зэфэсым апэу къыщыгущыІэгъагъэмэ ащыщыгъ Хьаджэмыкъохэу Алкъэс, Батчэрый ыкІи бжыхьэкъое оркъышхоу Бжыхьакъо Борэкъор (Бжыхьакъо Хьаджэжъи ащ ыцІагъ). Шапсыгъэмэ яапэрэ даоу зэІукІэм къыралъхьэгъагъэр ялІыукІ ахэмэ аратыжьынэу арыгъэ. Ащ ехьылІагъэу джэуапищ зэфэсым щызэхахыгъагъэр. АпэрэмкІэ, ар «шъоттыжьыщтэп, лъыуасэ шъоттыщт нахь» ыІуи, Хьаджэмыкъо Батчэрые уцугъагъэ. ЯтІонэрэмкІэ, «ятэжъугъэтыжь, зы нэбгырэ пае шапсыгъэхэр тэшъумгъэгъэпыих» Алкъэс ыІогъагъ [106]. ЯщэнэрэмкІэ, «ШэрэлІыкъом тадеІэным ыпэкІэ ыкІи хьаулыеу лъыгъэчъэ зепхъо зао щыІэ зэрэтымышІыщтым пае, – ыІуагъ Борэкъом, – ахэмрэ шапсыгъэхэмрэ тизэфэс зэригъэшІужьынхэ фае». Ау, игущыІэ къыпидзэжьыгъ етІани ащ: «шапсыгъэмэ тизэфэс иунашъо амыштэмэ, ШэрэлІыкъомэ яІоф Іэ уІэшыгъэкІэ ухъумэгъэн фаеу хъущт» [52: 107]. Мы гущыІэмэ къызэрагъэлъагъорэмкІэ, Борэкъом иморадыгъэр шІыкІитІукІэ – мамырэу е заокІэ – шапсыгъэ фэкъолІ заор зэхищытІэнэу арыгъэ. Мамыр шІыкІэхэр а Іофым Борэкъо Хьаджэжъым зэрыхилъхьэгъагъэхэр зэон фалІэхэу зэфэсым къекІолІэгъэгъэ пщы-оркъ ныбжьыкІэ хьакъу-жъокъумэ агу рихьыгъагъэп. «Заор къежьэмэ шапсыгъэмэ пшъхьа ащыуухъумэжьынэу пытапІэ ягъэшІи, дэтІысхьажь» ыІуи, зэон фалІэмэ ащыщыгъэ пщыныбжьыкІэ гори Борэкъом къедысыгъагъ [52: 107]. Джащ ихьачырэу, ау гущыІэ чІэгъ-

чӀэлъхэмкӀэ Борэкъом джэуап къыритыжьыгъагъ ШэрэлӀыкъо горэми, Борэкъом «рэхьатныгъэр зэрикӀасэм фэшӀ, – ыӀуагъ ШэрэлӀыкъом, – тащыщ горэми ӀэпыӀэгъу къысэт ыӀоу ар лъэӀухэмкӀэ ыгъэгумэкӀыщтэп; тэрыкӀэ насып икъоу щыт адырэ пщы-оркъхэм агу шӀоу къытфилъыр» [52: 107]. «Шъукъысщыгугъынэуи егъашӀэм сыкӀэхъопсынэп, ау бжъэдыгъумэ къалъэгъужьын сыщтагъэ паекӀэ, заом ыпэу мамырныгъэ Ӏофзэхэф шӀыкӀэхэр жъугъэфедэ сӀуи сызэрямыушъыигъэр», – ыӀуи Хьаджэжъым изычэзыу гущыӀэ ыухыгъагъ [52]. Зэфэсым ибэ-нахьыбэм мамыр шӀыкӀэр щигъэзыий, уӀэшыгъэ кӀуачӀэхэмкӀэ ШэрэлӀыкъомэ ятетыгъо Шапсыгъэ щагъэуцужьынэу рихъухьэгъагъ. Арэу гуӀэхэзэ зыкӀырахъухьэгъагъэр Шапсыгъэ фэкъолӀ заор бжъэдыгъупщы-оркъхэм яхабзэкӀи зэрэщынэгъуагъэр ары. Джы Салтыку зэфэсым щегъэжьагъэу, зыкъэзыӀэтыгъэгъэ шапсыгъэ фэкъолӀхэр, шапсыгъэ лӀэкъолъэшхэм ыкӀи бжъэдыгъу пщы-оркъхэм яягъэкӀэ, джыри илъэсищ Ӏэпэ-цыпэ фэдизэ, ятекӀоныгъэ къаухъумэзэ, зэонхэ фаехэу хъугъагъэх.

1793–1796 илъэсхэм апэ къифэрэ къуаджэхэр ахъункӀэхэу, лъыпсыхэр агъачъэхэу бжъэдыгъу пщы-оркъ дзэхэм ШэрэлӀыкъом иотрядхэр ягъусэхэу пчъагъэрэ Шапсыгъэ ибэнэгъагъэх. Ахэмэ адакӀоу дэчыгхэри ахъункӀэщтыгъэх. ГущыӀэм пае, 1795 илъэсым Анапэ къикӀыгъэу Екатеринодар дэсыгъэ къэзэкъхэм адэжь къакӀо пэтзэ тифлисскэ ермэл дэчыг атӀэкӀыгъагъ, ащ игъусэхэри аукӀыгъагъэх [28: 550]. Мыщ фэдэмэ яджэуапхэу ежь шапсыгъэ фэкъолӀыдзэми лъыгъачъэхэр бжъэдыгъу рашӀыхьэщтыгъэх, пщы-оркъымэ яхапӀэхэри зэрапхъохэу къызэрыхэкӀыщтыгъэри макӀэщтыгъэп. Январым 1796 илъэсым атхыгъэгъэ документым къызэриушыхьатырэмкӀэ, шапсыгъэхэр, «купыбэ хъухэу, мызэу-мытӀоу къытебэнэгъагъэх» Бжъэдыгъу, Алкъэс ышнахьыкӀэу Хьаджэмыкъо Батчэрые пщым ичӀыгухэмрэ ибылымхэмрэ зэрапхъонхэ яморадхэу [6, л. 104].

Ау бгъуитӀу зэпымыужь зэтебэнэнхэмкӀэ пщы-оркъыми шапсыгъэ фэкъолӀыми текӀоныгъэр къызэрэдамыхышъущтыри, зы зэошхокӀи а текӀоныгъэм иӀоф зэрэӀогъэн фаери къагурыӀоу 1793–1796 илъэсхэм ахэр хэтыгъэх. Ащ фэдэ зэошхом къыхагъэлэжьэнхэу шапсыгъэ фэкъолӀмэ абдзэхэ-натыхъуае фэкъолӀхэм адыряӀэгъэ зэтхьарӀогъухэр агъэлъэшыщтыгъэх, зарагъэушъомбгъущтыгъэх. Нэбгырэ мини 10–12 фэдиз зыхэт шапсыгъэ-абдзэхэ-натыхъоядзи зэрагъэуӀу. ГущыӀэм пае, илъэс щэкӀ нахь макӀэ зыныбжьыхэр а лъэхъаным шапсыгъэмэ заом агъакӀощтыгъэхэп. Заом ежьэнхэу аугъоихэ хъумэ, гъоур унагъо пэпчъ Ӏухьати джэщтыгъэ: «Мы унэм шапсыгъэ лӀэкъуитӀу ис (лӀыр – зы лӀакъо, шъузыр ятӀонэрэ лӀакъу), нахьылӀыкӀэ зызылъытэжьырэр, къерэжь» [98]. Джаущтэу зэхащэгъадзэр тӀоу гощыгъагъэ: шыудзэм натыхъое лӀы бланэу ШӀупакӀо Къэлэубат ыкӀи пчъагъэкӀэ ебэкӀыщтыгъэ лъэсыдзэм шапсыгъэу Тхьахъохъо Нэгьой НэпашӀор [59] япэщагъэх.

НэмыкI шапсыгъэ дзэлIхэм ащыщхэу зыцIэ къэнагъэхэу къепIон плъэкIыщтхэр Хьагьур Мос, Шъхьалэхъо Хьалъащ, Тэчэхъо Нэшъу, Бгъанэ, Тхьахъуахъохэу Ажъыгъуй, ТIыхъу, Щырыхъу ныIэхэп. Шыудзэр зэрэуIэшыгъагъэм (сэшхо, къамэ, шхонч, щабз, пчы) уезэгъынэу щытыгъ. Ау ащыкIэ лъэсыдзэм фэныкъогъэшхохэр иIагъэх. ЯпчъагъэкIэ бжъэдыгъухэм зэранахьыбэм щыгугъухи, псынкIэуи ахэмэ атекIощтхэу къашIошIи, шапсыгъэ лъэсыдзэм лIы шъэ пчъагъэхэр къыхэхьэгъагъэх кIэпсэ кIыхьэхэм анэмыкI амыIыгъэу. ТекIоныгъэр къызыдахыкIэ, а кIапсэхэмкIэ бжъэдыгъу пщы-оркъымэ ямылъкухэр къызэкIоцIапхэны ядэжь къахьынэу ары ахэмэ ягухэлъыгъэхэр [52].

Къапыщыт зэошхом яшъыпкъэу бжъэдыгъу пщы-оркъыми зыфагъэхьазэрыщтыгъ. ЯпчъагъэкIэ зэрэмэкIагъэхэм пае, бжъэдыгъу пщыхэр анахьэу зыпылъыгъэхэр Пщышхой пачъыхьэм уIэшыгъэ IэпыIэгъу къызэраIахыщтыгъэр ары. Ащ ипэгъокIэу Урысыем иподданэу зыпшIын фэягъэ. 1793 илъэсым иапэрэ ныкъо Батчэрые пщыр пачъыхьэ хабзэм апэрэу а IофымкIэ елъэIугъагъ [6, л. 2]. Салтыку зэфэсым ыуж, 1794 илъэсыми ары дэдэмкIэ тыркубзэкIэ ежь иефэнд ытхыгъэгъэ письмэ ЯтIонэрэ Екатеринэм фигъэхьыгъагъ [6, л. 6]. Маим и 3-м 1795 илъэсым ЯтIонэрэ Екатеринэм джэуапэу къытыжьыгъагъэм мары итхэгъагъэр: «Удовлетворение желаний ... пшедугских князей завело бы нас в неприятные объяснения и хлопоты с Портою Оттоманскою» [6: 42]. Ау мы джэуапым икъэбар къынэмысыжьызэ, иермэл бгъэшъуакъохэу (аталыкъхэу) Барнэкъо дэчыгхэм яхьатыркIэ Iизын къыдихи, апрелым 1795 илъэсым Батчэрые, Мыгукъо Долэтчэрыерэ Къэлэубатыкъо Мыхьамэтрэ игъусэхэу, ЯтIонэрэ Екатеринам зыIуигъэкIэнэу Петербург кIогъагъэ (ШэрэлIыкъо АлисултIан Симферополь къыщигъэзэжьыгъагъ [104: 50–51]. Долэтчэрые — Москва щылIэгъагъ [110: 395].

1775 илъэсым хьэкIэ-къокIагъэкIэ Емельян Пугачевым ивосстаниешхо зыпIытIыгъэу, Француз буржуазнэ революцием (1789–1794) изэхэщытIэн зиапшъэрэ IэкIыб политикэу, а революцием иIофырышIэхэу полковникэу Анжелирэ якобинскэ эмиссарэу Соменвилрэ 1794 илъэсым Пшызэ шъолъыр зыкъыщызыIэтыгъэ адыгэхэм адэжь къежьагъэхэу Венецием зэрэщаубытыгъагъэхэр [28: 367] зышIэщтыгъэу щытыгъэ императрицэм лъэшэу игопагъ Батчэрые шапсыгъэ фэкъолI восстаниер игьонэмысы ышIынэу зэрэшIоигъуагъэр. Маим письмэу зыкIэтхэжьыгъагъэми пымылъыжьэу, уIэшыгъэ кIуачIэ къыритынэу Черномор къэзэкъмэ яатаманэу Захарии Чепегэми унашъо къыфаригъэшIыгъагъ.

Октябрэм и 23-рэм къежьэжьи [64: 100], декабрэм 1795 илъэсым оркъэу Къэлэубытыкъо Мыхьамэт игъусэу Батчэрые Петербург къызекIыжьым [45: 400] зэо IофхэмкIэ амалэу агъэфедэщтхэм атегущыIэнхэу бжъэдыгъу пщы-оркъмэ ятIонэрэ зэфэс январым и 4-м 1796

нлъэсым Пшызэ нэпкъ, Богоявленскэ къошъоIум пэчIынатIэу, щызэхащэгъагъ [103: 51]. Зэфэсым анахьэу зыкIыщызэнэкъокъугъагъэхэр дзэ пащэу ашIыщтыгъэр яры. Зы купымэ дзэ пащэу къагъэлъэгъогъагъэр илъэс 53-рэ зыныбжьыгъэ Алкъэсщтыгъ. Ау Алкъэс шапсыгъэ пIурэу (нэнжъыеу) зэгорэм зэрэщытыгъэм пае [58], адырэ купымэ ар къырагъэкIугъагъэп (пIурыр бгъэшъуакъомэ пхъашэу ямызэожьынкIэ енэгуегъагъэх). ЗызэхэгущыIэжьхэм, ибэ-нахьыбэм зэдырагъаштэу Батчэрые дзэпащэу хадзыгъагъ [58]. Зэфэс ужым шыулъэсыдзэу яIагъэр нэбгырэ мини 3—5 нагъэсыгъагъ. Ащ икупкIыщтыгъэр егъашIэм зэон-бэнэныхэр зисэнэхьатщтыгъэ пщы-оркъхэр арыгъэ. КъушъхьэчIэс шапсыгъэ-абдзахэ-натыхъуаемэ афэмыдэу, шъоф заомэ а дзэр анахь афэкъулаещтыгь. Пщы-оркъмэ апкъыхэр щылыч гъучIычыкIэ хъэгъэ ашъохэмкIэ (гъучI джанэхэмкIэ), ашъхьахэр танджхэмкIэ (шлемхэмкIэ), аIэхэр IэкIыIутелъхэмкIэ ухъумэгъагъэх. Сэмпал шхончхэмкIи, мушкетон пэхъухэри [4: 1] ахэтыжьхэу, ахэр узэндыгъагъэх. Мы пщы-оркъмэ ащыщэу нэбгырэ 40-м ехъумэ ацIэхэр лIыбэ пщыналъэхэу «Бзыикъо заом иорэдмэ» къахэнагъэх. АдыгацIэмэ яистороие пылъхэм апае ахэмэ яспискэ къэттын (фэкъолI зэе-тIуай а спискэм хэтынкIэ енэгуягъор):

1. Аскъэлэ Пщымаф
2. Ахэджагокъо Анцокъу
3. Ахэджагокъо Бэчмыз
4. Ахэджагокъо Ягъубэкъу
5. Батэкъо Пщымаф
6. Батэкъо Пщыкъуй
7. Бжыхьакъо Борэкъу
8. Бжыхьакъо Алджэрый
9. Бэрзэдж Едыдж
10. Бэрзэдж Хьатит
11. Джэджыкъо Бэчмыз
12. Джэджыкъо Елмыз
13. Джэджыкъо Таумэз
14. Добрэкъо Къэрбатыр
15. Дэгужъ Къази
16. Дыхъукъо Мырзэбэч
17. Дыбарыкъо Къэрбатыр
18. Ешыгоо Аслъан
19. Ещыкъо Есэнджэл
20. Ещыкъо Зэчэрый
21. Кърымчэрыекъо Нэгъой
22. Къунчыкъокъо Бзэджэус
23. Лахъщыкъо Аскъал (Алкъэс)
24. ЛъэпцIэрыкъо (ЛъэпцIэрычъэ) Мыхьамэт
25. ЛIыхэсэ Узыщэкъу
26. Мызэгъы Хьаджэкъул
27. Ошъогумыкъо Хьабырыдж

28. ПкIыхьалIыкъо Хьаджэбирам
29. Сеошхо Мэтзэт
30. Тэчэхъуныкъо Шъынахъу (фэкъолI)
31. Уджыхъу Тэхъутэм
32. Тэхъутыныкъо Тэхъутэм
33. Хепсэкъокъо Зэчэрый (Хэусэкъо ЗекIорыешху)
34. Хэусэкъо Быишху
35. Хьаджэкъо Зэчэрый
36. Хьаджэмыкъо Алкъэс
37. Хьаджэмыкъо Батчэрый
38. Хьаджэмыкъо Ислам
39. Хьаджэмыкъо Якъубэкъу
40. Хьатыгъужъыкъо Шъынахъу
41. Хьатитэ Къутас
42. Хьадэпэшъо (Хьаджашъо) Чэтэжъахь
43. Хьашъухъуанэкъо Таумыз
44. Хъурэшэ Мыхьамэт
45. Чъылшэкъо (Чылыщыкъо) Гъомылэгъэшъу
46. Шъынэхъо Теуцожь
47. Шъхьаплъэкъо Бгъуджыжь
48. Шэбэнэ Хьатыгъу [51; 60, 77–81; 61].

Заом фэхьазэрхэмэ зэригъэшIэнэу, хэшIапIэри (зыщызэзэощт чIыпIэри) ыкIи мафэри ариIонэу шыуаджэ (вестовой) горэ шапсыгъэмэ адэжь Батчэрые ыгъэкIогъагъ. А лъэхъаным щыIэгъэ хабзэмкIэ, шыуаджэм псаоу къызигъэзэжькIэ зыдаIофтагъэхэр заом фэмыхьазэрхэу къыгъэлъагъощтыгъэ. Шапсыгъэмэ шыуаджэр заукIым, ахэр заом зэрэфэхьазырхэр Батчэрые къыгурыIогъагъ [63]. Мы хабзэм я X-рэ лIэшIэгъум Ижъырэ Урыс къэралыгъом ипщыщтыгъэу Святослав Игоревич пыимэ хьашъэфрытхъоу атемыбанэу «Иду на вы» (заокIэ сышъокIу) зэрариIощтыгъэр гум къегъэкIыжьы.

Июным и 25-рэм 1796 илъэсым [64: 102–103], хэкум игъонэмысыр щызыпхъыщтыгъэ тэлаум [29: 18] ымыIажэхэу, нэбгырэ мин 12 фэдиз [64: 102, 103] зыхэтыгъэ шапсыгъэ-абдзэхэ-натыхъоядзэ Батчэрые ишыуаджэ афиIопщыгъэгъэ хэшIапIэм къэкIонхэу къежьэгъагъэх. Зыщызэзэощтыгъэ чIыпэр Нэджыдэ гъэхъунэр арыгъэ. Джырэ Новодмитриевскэ станицэм (еплъ картым) итемыр къокIыпIэ дэдэм а гъэхъунэр Iулъэшъуагъэу щыт, трассэу Краснодар-Новороссийскэм километритф нахькIэ пэмычыжьэу. ДжабгъумкIэ а Бзыикъо псыхъожъыер а гъэхъунэм игъунапкъэу гъэпсыгъэ ыкIи а псыхъожъыем хьабзэгоуи кIоцIырэхьэ (еплъ гъэтхъыгъэ картэу «Бзыикъо заом»). Хьабзэгум итемыркIэ метрибл фэдиз илъэгагъэу метрэ щэкI фэдиз ишъомбгъуагъэу «Батчэрые иIуашъхьэ» щыт. Мы Iуашъхьэр я II–IV лIэшIэгъухэм ижъырэ адыгэхэу меотмэ ясэрэежъыщтыгъ – ягородищэщтыгъ. Сэрэежъ кIыбым, а меот дэдэхэм ячыли щысыгъ (етIэ хьакъу-шыкъу къутафэхэу ащ, 1972 илъэсым къыщыдгъотыгъэмэ ар къаушыхьаты).

СэмэгумкIэ псыхъоу Шэбжьыр гъэхъунэм речъэкIы. Картэу «Бзыикъо заом» зэриплъагъорэмкIэ, гъэхъунэм бгъуищыкIэ чIыпIэ Iэтыгъэхэр къышъхьащытых. ЗэкIэмкIи квадратнэ километрищ фэдиз хъурэ чIынэлъэ зэшъхьазашъу гъэхъунэм ыубытырэр [65]. Нэджыдэ къыкIэрылъэшъогъэ Бзыикъо иджабгъу нэпкъ утетэу тыгъэкъохьапIэмкIэ узыплъэкIэ, къушъхьэу Пепау (Папай) уапашъхьэ къеуцо, къыблэмкIэ зыбгъазэмэ – къушъхьэхэу Тхьымахэрэ Пшъадэрэ олъэгъух. А гъэхъунэр Новодмитриевскэ колхозэу «Путь к коммунизму» зыфиIорэм ичIыгумэ джы ащыщ. Станицэм дэс цIыфхэр «низинэкIэ» ащ еджэх.

ФэкъолIыдзэр гъогум тетыфэ, Батчэрые идзэ Нэджыдэ рищэлIэгъагъ. Капитанэу Тимофей Еремеевыр атаманэу Захарий Чепегам Батчэрые къыритыгъэгъэ лъэсыдзэ сотнеми топитIу игъусэу [66, л. 12], ТIуабгъокIэ (Хомуты) къикIи, гъэхъунэм дэжь уцупIэ щыхихыгъагъ. Еремеевыр иIэпыIэгъоу пщы-оркъыдзэр ыгощи, тхьагъэпцIыгъэ хэлъэу ыгъэуцугъагъ. Мызэгъы Хьаджыкъулэм, Уджыхъум, Хэусэкъо Быишхом ыкIи Хьатитэ Къутасэм [67] яшыудзэ Нэджыдэ икъыблэ-къохьэпIэ лъэныкъокIэ Iутыгъэ чIыпIэ Iэтыгъэм (джы ащ Орджоникидзэм иурам щырекIокIы) тыригъэуцогъагъ. Ащ километрэм ехъукIэ пэIудзыгъэу лъэсыдзэр Бзыикъо хъуатэм дигъэбылъыхьэгьагъ. Мыхэмэ апэмычыжъэу Еремеевым иотряди, фэкъолIыдзэм къымылъэгъунэу, «Батчэрые иIуашъхьэ» иджабгъукIэ къыщыкIыщтыгъэ мэз пырпыцум (Лэнчъэтх мэзым итыгъэ къохьэпIэ пакI) хагъэуцогъагъ. А купищымэ пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр афашIыгъагъэх. ФэкъолI шыудзэр къызежьэкIэ, щтагъэм фэдэу пщы-оркъ шыудзэм къыкIиIэны гъэбылъыгъэхэ лъэсыдзэмрэ сотнемрэ къарищэлIэнхэу ипшъэрылъыгъ. Арэу зыхъукIэ, лъэсыдзэмрэ сотнемрэ фэкъолI шыудзэм шхончхэмкIэ ыкIи топхэмкIэ ошIэ-дымышIэу къахэонхэу арыгъэ яморадщтыгъэр [52]. Мэфэ зыщыплIэ гъогум тетыгъэ фэкъолIыдзэри зэуапIэм къызэсым, тIоу зигощыгъагъ: шыудзэр шъхьафэу, ащ ыуж лъэсыдзэр итэу, шыудзэр ежьэмэ лъэсыдзэр лъыкIонэу.

Июным и 29-рэ 1796 илъэс. Гъубдж маф. А лIэшIэгъум адыгэ ефэндымэ уахътэр зэралъытэщтыгъэ хъыджырым (хиджра) ия 12-рэ мазэу Зулъхьаджэм и 29-рэ 1210 илъэс. Заом хэлэжьэгъагъэмэ Хъанджэрые [52] къыфаIотэжьыгъагъэм урыгъуазэмэ, а гъэмэфэпэ мазэм имафэ пчэдыжь лъэшэу дэхагъэ; дзэм фэдэу ошъопшэ псынкIэхэр огум шъабэу щесыщтыгъэх ыкIи къыблэ ошъо шхъонтIэ чIэгъым щызэрэугъоищтыгъэх: жьым чъыгышъхьэхэр ыгъэсысышъущтыгъэхэп; бэтемышIэу лъыпсыкIэ агъэшъокIыщтэу, тыжьын осэпсыкIэ цIыурэ гъэхъунэ зэикI шIагъом гъэмэфэ тыгъэр кIэракIэу къыфыкъокIыгъагъ... Ау заор рагъэжьэнкIэ бэ къэмынэу пщэ шIуцIэмэ ошъо чапэр зэлъаубытыгъагъ, загъори шыблэ хъопскIыр къэнэфыщтыгъэ, жьыбгъэшхо къепщагъ, заор заублэщт дэдэм ощх бырыбышхо къежьи, хъуатэмэ псыр ащигъэчъэгъагъ. Мы оешхом лъэшэу иягъэ зэкIыгъагъэр

фэкъолIыдзэм хэтыгъэхэр ары. Ощхым гын кIэтакъохэр ыгъэуцIынычгъэти, ахэмэ яештэолъэ сэмпал шхончхэм пкIэ ямыIэжьэу хъугъагъэ (пщы-оркъыдзэм гын гъушъэхэр Еремеевым къыIакIигъэхьэжьыгъагъэх), ибэ-нахьыбэмкIэ сэшхокIэ зэонхэ фаеуи ащ ышIыгъагъэх.

Уаер зэрзэпыугъэм лъыпытэу зэкуогъукIэ ипыимэ апэчыжьэгъэ фэкъолI шыудзэр пщы-оркъ шыудзэм къыфилъи, Бзыикъо заор (Нэджыкъо заокIи ащ загъорэ еджэх) [106] къызэIуихыгъ. Шыудзэм ыуж фэкъолI лъэсыдзэри ихьи ыпэ ригъэхъугъ. Батчэрые къыфишIыгъэгъэ пшъэрылъыр ыгъэцакIэзэ, хъатэу апэмыуцужьэу, монгол зэо хабзэкIэ къызэкIакIохэзэ, пщы-оркъ шыудзэм фэкъолI шыудзэр Бзыикъо хъуатэм зыдэзгъэбылъыхьэгъэ лъэсыдзэмрэ сотнер зыхэтыгъэ мэз пырыпыцумрэ къарищэлIагъэх. Пщы-оркъ шыудзэр сэмэгумкIэ зыкIэбгъулъым, пщы-оркъ лъэсыдзэр ошIэ-дэмышIэу фэкъолI шыудзэм ыпашъхьэ къитаджи зэдиштэу шхончао къыришIылIагъ. Ащ дыкIыгъоу топитIумкIэ къызахэохэм, фэкъолI шыудзэр къэукъуи, ыуж къырыкIощтыгъэ фэкъолI лъэсыдзэр зэхипIытIэжьызэ, чIэнэгъэшхохэр ышIыхэзэ, къызэкIэчъэжьыгъагь. Елбэтэу, зэкIакIохэрэр гукъыIапышIыхьажьыгъо римыгъафэхэу, пщыоркъ шыудзэр фэкъолI шыудзэм кIахьи зэхикъутагъ, къэнагъэхэри зэбгырифыгъэх. Къызегъэзэжьым, къызэкIакIозэ пхъашэу пщы-оркъ лъэсыдзэм езэожьыщтыгъэ фэкъолI лъэсыдзэм кIыбао къырихи сыхьатиблэ зекIогъэгъэ Бзыикъо заом кIэух фишIыгъ.

Мы мафэм ыпэкIэ Адыгэ хэкум иистории джащ фэдэ классовэ зэошхо къыхэхъухьагъэу щытыгъэп. Нэджыдэ гъэхъунэрэ Бзыикъо – Шэбжь нэпкъыхэмрэ цIыфы ыкIи шы хьадэхэмкIэ, уIагъэхэмкIэ ушъэгъагъэх. ФэкъолIыдзэм процент 28-рэ чIэнагъэу ышIыгъагъ – нэбгырэ мин укIыгъэу, минитIу фэдиз уIагъэу, гъэрэу нэбгырэ 300, шы 800 ашIокIодыгъагъ [64: 103]. ЛIыхъужъэу заозэ фэхыгъагъэмэ ащыщыгъэх ШIупакIо Къэлэубати [68: 40], Хьагъур зэшибгъури [109]. Бзыикъо заом пае шапсыгъэмэ аусыгъэгъэ гъыбзэми «лIэу хэкум (Шапсыгъэ – *П. А.*) исыр зы мэфэ заом хэкIуад», «щапсыгъэмэ япшъэшъэ дахэхэр зыдэкIожьынылIи щымыIэжьыщтыгъэ» фэдэу аIуи гущыIэхэр халъхьэгъагъэх [109].

ЛIыгъэу, блэнагъэу фэкъолIыдзэм ззрихьагъэмэ яшыхьат нэрылъэгъуащтыгъэр пщыоркъыдзэм чIэнагъэу ышIыгъагъэр ары. Пщыми оркъыми нэбгырэ 60-рэ [69: 560–561], дзэлI къызэрыкIохэу нэбгырэ 2000 Iэпэ-цыпэрэ фэкъолIыдзэм IэкIэкIодэгъагъэх [69: 560–561; 64: 103]. АукIыгъагъэмэ зэу ащыщыгъ Хьаджэмыкъо Батчэрыери. Ар уIагъэу зэрылIыкIыгъагъэр къытезылъхьэгъагъэм ыцIэ шапсыгъэмэ зэтыраIукIы. Зым ар Хьагъур Мос, адырэмэ – Тхьахъохъо Лыхъу, бжьахъоу Щэрыхъ, Шъхьэлэхъо Хьалъащ, Тхьахъохъо Нэгъой, Бгъанэ, Шъхьалэхъо Щэупсыжъыкъу аIох.

ЯтIонэрэ периодым имызакъоу зэкIэ Шапсыгъэ фэкъолI восстанием

ианахь хъугъэ-шIэгъэшхоу Бзыикъо заор щытыгъ. НахьышIоу зэрэуIэшыгъагъэхэм, къулайныгъэрэ тхьагъэпцIыгъэрэ хэлъэу ежьыхэмкIэ Iарыфэгъу чIыпIэм якIуачIэхэр зэрэщагъэфедагъэм, заор егъашIэми зисэнэхьатщтыгъэ пщы-оркъымэ дисциплинэрэ зэдегъэштэнырэ нахь зэрахэлъыгъэм ыкIи пачъыхьэм гъэгушхо IэпыIэгъу – къызэраритыгъагъэм яхьатыркIэ, «к победе весьма много способствовавшему» [70: 346], зэо (военнэ) текIоныгъэр пщы-оркъыдзэм къыдихыгъагъ.

НэмыкI факторхэм афэшъхьафэу зэо текIоныгъэр Бзыикъо къыщыдэхыгъэнымкIэ фэкъолIыдзэм пэрыохъу афэхъугъагъэр шхончхэм пкIэ ямыIэжьэу зышIыгъэгъэ ощхымрэ (обществэмкIэ географическэ средам имэхьанэ изыщыс) Iэшэ-шъуашэхэм ачIыпIэкIэ кIапсэхэр къэзыштэгъэгъэ фэкъолI шъэпчъагъэхэмрэ арыгъэх. Джахэр къыдилъытэхэзэ, Хъанджэрые ибгъэшъуакъощтыгъу, Бзыикъо заом пхъашэу хэлэжьэгъагъэ шапсыгъэ горэм мары нэужым ыIогъагъэр: «Бжъэдыгъухэр арэп, типэгагъэ пае тигъэпщынэзэ тхьар ары нахь тызэтезыукIыхьэгъагъэр» [52].

Тиэрэ ыпэкIэ я IV—III лIэшIэгъухэм Грецием щыщ хэкоу ЭпиркIэ заджэщтыгъэхэм Пирр ыцIэу пачъыхьэ иIагъ. Къалэу Аускул дэжь 279 илъэсым римлянхэм щязауи ар атекIогъагъ. Ау чIэнагъэу ышIыгъагъэр зэрэбэдэдэщтыгъэм къыхэкIыкIэ, ащ мырэущтэу къыIэкIэIогъагъ: «Джыри ащ фэдэу зытекIоныгъ ищыкIэжьыгъэр зэкIэми тыкIодыным пае!». ИплъышъокIэ текIоныгъэу, ау имэхьанэ купкIыкIэ арэу щымытым джы къызнэсыгъэми историер «пирр итекIоныгъэкIэ» еджэ [71: 159–160]. ФэкъолIыдзэм елъытыгъагъэмэ пщы-оркъыдзэм процент 13-кIэ нахьыбэу Бзыикъо заом цIыфхэр щычIинэгъагъэх. Iофыр зытетыгъэ шъыпкъэм рыгъуазэзэ, джары А. Н. Дьячков-Тарасовыр пщы-оркъыдзэм изэо текIоныгъэ «пирр итекIоныгъэу» зыкIилъытэгъагъэри [72: 38]. Аллюзиеу «пирр итекIоныгъэу» ар зэрэщытыгъэр мыщ фэдэ фактми къеушыхьаты. Батчэрые иIахьылэу пщы Талъэустэным къызэриIотэжьыгъагъэмкIэ, а лъэхъаным адыгэ пщымэ хэбзэ гъэшIэгъон ахэлъыгъ; дзэ пащэр заом зыхэкIуадэкIэ е ылъ ащ зыщагъачъэкIэ дзэми текIоныгъэр къыдимыхыгъэу алъытэщтыгъэ. Батчэрые заом зэрэщыфэхыгъэм пае, пщы-оркъы дзэм хьадэгъэшхо иIэу къыгъэзэжьыгъагъ [73: 157–159], къэнэжьыгъэгъэ фэкъолIыдзэм хэтыгъэхэр, «Батчэрые тыукIыгъэ» аIозэ, гушIоным зэрихьэхэу ядэжь кIожьыгъагъэх, къапэгъокIыгъэу, шапсыгъэ шъуз горэми, Iэгушъом теозэ, мырэущтэу ыIогъагъ: «Шапсыгъэмэ чIанагъэр зы чэщыкIэ шапсыгъэ шъузхэм къалъфыжьын, ау Батчэрые фэдэ Бжъэдыгъу пщымэ яшъузымэ илъэсишъэкIи къафэлъфыжьынэп!» [51]. НэмыкIымэ къызэраIотэжьырэмкIэ, заом икIыжьыгъэгъэ шапсыгъэмэ Хьагъурымэ яшъуз горэ къяупчIыгъагъ:

– Сыд хъугъэ, мардж?

– ПкъуитIу къаукIыгъ.

– Адэ шъо зи шъуукIыгъахэба?

– Хьаджэмыкъо Батчэрыер тыукIыгъэ.

– Ащыгъум бжъэдыгъупщ пстэури шъуукIыгъэба! Сэ скъуитIу афэдэ нычэпэ къэслъфыжьын, ау Батчэрые фэдэ бжъэдыгъупщ гуащэ ныбжьи къылъфыжьынэп» [106].

Мы гущыIэми пщы-оркъыдзэм итекIоныгъэ зэхьыщырыгъэм гу лъыуагъатэ.

Бзыикъо заом икIэух итеплъэкIэ «пирр текIоныгъэ» къодыеу, имэхьанэ купкIыкIэ мытекIоныгъэу пщы-оркъыдзэмкIэ щытыгъэмэ, фэкъолIыдзэмкIэ а кIэухым иплъышъокIэ мытекIоныгъэу, ау имэхьанэ купкIыкIэ текIоныгъэ шъыпкъэу щытыгъ. Ащ имызакъоу фэкъолIыдзэм политическэ текIоныгъэшхуи къыдихыгъагъ. Пщы-оркъмэ яхабзэ Бжъэдыгъу щимыгъэкIодышъугъагъэ «нахь мышIэми, Шапсыгъэ щырадзыхыгъэгъэ лIэкъолъэш хэбзэжъыр зэпкъыригъэуцожььынэу пщыоркъы дзэм иапшъэрэ политическэ морадыри гъэцэкIагъэу хъугъагъэп. Шапсыгъэ фэкъолI илъэситф восстанием игъэхъэгъэ пстэухэри пщыоркъы дзэ лъэшыщтыгъэм зэрэщиухъумагъэхэм пае, прогрессивнэ хъугъэ-шIагъэхэм зыкIэ ащыщэу Бзыикъо заор историем елъытэ. Бзыикъо заом ихьатыркIэ Шапсыгъэ фэкъолI восстаниер текIопэгъагъ.

ЗыкъэзыIэтыгъэгъэ фэкъолIхэм ятекIоныгъэкIэ Шапсыгъэ восстаниер ибэ-нахьыбэмкIэ 1796 илъэсым ухыгъэу хъугъагъэ. Сыда а текIоныгъэр зыпкъ къикIыгъагъэр? Профессорэу З. В. Анчабадзе зафэу зэрилъытэрэмкIэ, а текIоныгъэм ипричинэмэ зэу ащыщыгъ зыхэтыгъэхэ феодализмэ пасэм иягъэкIэ тетыгъор зыIыгъыгъэ лIэкъолъэшхэм ыкIи оркъхэм ясоциальнэ-политическэ кIуачIэхэр зэрэмэкIагъэр, ахэмэ къэралыгъо щыIакIэ зэрямыIагъэр. НэмыкI причинэу а текIоныгъэм фэхъугъагъэр – унэIутхэмрэ пщылIхэмрэ пIытIыгъэфызыгъэ нэшанэхэр зэрахэлъыгъэм фэмыдэу, дофеодальнэ обществам къыкIэныжьыгъэгъэ шъхьафитныгъэм, зэгурыIожьыныгъэм, зэкъотныгъэм якъутафэхэр джыри шIукIаеу фэкъолIмэ зэрахэлъыгъэхэр ары [74: 205–206]. В. И. Лениным зыфиIогъэгъэ зэфэдэныгъэм иреволюционнэ псалъэ зэрэрыгъуазэщтыгъэхэр ары а фэкъолIмэ языкIыныгъэ зыгъэпытэщтыгъэр ыкIи текIоныгъэмкIэ лъэшэу зишIуагъэ къэкIуагъэр. Ящэнэрэ причинэу (ятIонэрэм къыпкъырыкIыжьэу) Шапсыгъэ восстаниер тезгъэкIогъагъэр – абдзэхэ, натыхъое фэкъолI зэтхьарIогъухэр восстанием яшъыпкъэу – псалъэкIи, IашэкIи, цIыфхэмкIи къызэрэдеIэгъагъэхэр ары. Ащ фэдэ классовэ зэдеIэжьыныр щымыIагъэмэ, Шапсыгъэ восстаниер пщы-оркъ шы лъабжъэхэмкIэ зэхапIытIэжьыщтгъагъэ ныIэп. 1797 илъэсым «ыуж Iэшэ кIуачIэкIэ нахьыбэрэ пачъыхьэ правительствэр феодалымэ адеIэжьыгъагъэп. Ащ ихьатыркIэ шапсыгъэмэ агъэуцугъэгъэ демократическэ шIыкIэ-гъэпсыкIэри къызэтенэгъагъэу», тэрэзэу В. В. Скитскэм ытхыгъагъ [75: 190]. Ау сы-

да пачъыхьэ хабзэр адыгэ феодалыжъымэ восстаниер апIытIынымкIэ анахьрэ 1797 илъэсым ыуж зыкIадемыIэжьыгьагъэр ыкIи сыда ар зыпкъ къикIыгъагъэр?

Мы очеркым иящэнэрэ пычыгъо къызэрыщылъэгъоштымкIэ, Шапсыгъэ восстанием икIэухыхэр ибэ-нахьыбэмкIэ чарэу зыфэхъугъагъэхэр фэкъолIышIу-оркъыкIэхэр ары. Феодализмэр зэбламыхъоу ижъырэ феодалмэ ачIыпIэ а «феодалыкIэхэр» Шапсыгъэ щиуцогъагъэх, политическэу пачъыхьэ хабзэмкIи зи ащ щынагъо гори хэлъыгъэп. ЗыгъэпщылIэкIо феодалым ычIыпIэ нэмыкI гъэпщылIэкIо феодал зэрихьагъэр къызыгурэIом, ижъырэ феодалымэ аритыщтыгъэ уIэшыгъэ IэпыIэгъури пачъыхьэ хабзэм зэпигъэужьыгъагъэ.

Охътэ хъатэ темышIэу Черноморскэ пачъыхьэ къэзэкъыдзэм хэтыгъэ зэолI къызэрыкIомэ Еремеевым иотряд пщы-оркъымэ адеIэу Бзыикъо заом зэрэхэлэжьэгъагъэри аумысыгъагъ. А отряд дэдэм хэтыгъэ урыс солдатэу Василии Фомин (мыщ ыIэ зэпыкIыгъэ адыгэ ныо горэм ыгъэкIыжьыгъагъ) 1852 илъэсым зеупчIыхэм, «и мне на долю выпало побывать в этом поганом деле» [73: 159; 75: 190; 56: 201] къариIожьыгъагъ. Пачъыхьэ хабзэм фэмыдэу, урыс солдат къызэрыкIом ышъхьэкIэ зигъэмысэжьэу джары зыхэлэжьэгъэгъэ Iофым уасэу фишIыжьыгъагъэр. Ар шапсыгъэ фэкъолIымэ зэрадеIэщтыгъэр а осэшIыкIэм къымыгъэлъэгъон ылъэкIырэп.

Адыгэ лэжьакIохэмрэ урыс къызэрыкIохэмрэ агукIэ зэпэблагъэхэу зэрэщытыгъэхэр нэмыкI фактми къаушыхьаты. Къинышхоу ателъыр афэмыщэчыжьышъоу августам 1797 ыкIи 1798–1799 илъэсхэм къэзэкъ дзэлI къызэрыкIомэ Черноморием восстаниехэр къащаIатыгъагъэх, зыуж афырэ заули загъэбылъынэу адыгэмэ адэжь къэкIожьыгъагъэх, зы купи Черноморием иIашъхьатетмэ агъэтIысыгъагъэх. ЗыкъэзыIэтыгъэгъэ баткэлIхэр ащ фэдэ гъэтIысыным къызэкIигъаблэхи, яначальникхэм якIухи мырэущтэу араIогъагъ: тиныбджэгъухэр къэшъумытIупщыжьхэмэ зэкIэ Iашъхьатетхэр шIотыбзыны «Черкесхэм адэжь ПшызэкIыб тыкIожьыщт» [76: 12]. ЗыкъэзIэтыгъэгъэ къэзэкъмэ Еремеевым иджэнэ кIыIутелъ кIыби зэIатхъыгъагъ [71: 345]. Джащ фэдэу адыгэ лэжьакIомэ агукIи язекIуакIэкIи къэзэкъ къызэрыкIохэр зэрафэщэгъагъэхэр «ыкIи къэзэкъ восстаниехэр пэрыохъу зэрэфэхъугъагъэхэм пае, 1797 илъэсым ыуж ижъырэ феодалмэ адеIэзэ Шапсыгъэ восстанием дзэкIэ ебэныжьынэу пачъыхьэ хабзэм амал ыгъотыжьыгъагъэп. Зигугъу къэтшIыгъэ пкъыгъуитIумэ (феодалыкIэ хабзэр, къэзэкъ къызэрыкIохэм явосстаниехэр) пачъыхьэ хабзэр амыIэжэгъагъэмэ, Шапсыгъэ восстанием итекIоныгъи бэрэ щыIэшъущтгъагъэп. Адыгэмэ ащыхьэрэ къэзэкъхэр ежь адыгэ дэдэми яптыны ябгъэусудыщт ыIоу 1797 илъэсым пачъыхьэу Апэрэ Павел ышIыгъэгъэ унашъоми, Шапсыгъэ восстанием икIэуххэр къызэтенэнымкIэ иягъэ къэкIогъагъэп [78: 17].

3. Восстанием исоциальнэ-политическэ кӀэухыхэр, ащ чӀыпӀэу нэмыкӀ восстаниемэ азыфагу щиубытырэр

ТапэкӀэ къызэрытӀуагъэу, Бзыикъо заомкӀэ Шапсыгъэ фэкъолӀ восстаниер ибэ-нахьыбэмкӀэ ухыгъэу хъугъагъэ. Арэу щытыгъэ нахь мышӀэми, тетыгъор зышӀокӀодыгъэгъэ Шапсыгъэ лӀэкъолъэшхэмрэ ыкӀи ахэмэ якъотэгъущтыгъэ бжъэдыгъу пщы-оркъхэмрэ Бзыикъо заом ыужи Шапсыгъэ бэкӀаерэ тебэнэгъагъэх. Ахэмэ яджэуапэу шапсыгъэ фэкъолӀыдзэхэри Бжъэдыгъуи Черноморием къарыбанэхэу къызэрэхэкӀыгъагъэри мэкӀагъэп. Мы зэтебэнэнхэм апкъ къикӀыкӀэ Черноморием иатаманэу Чепегэрэ Анапэ къэкӀожьыгъэхэу дэсыгъэ тыркудзэхэм яӀашъхьатетэу Сеид-Мустафа пащэмрэ дипломатическэу зэфилъынхэ фаеуи хъугъагъэх.

Августым и 21-рэм 1796 илъэсым шапсыгъэ-натыхъуаехэр «зыкӀэмыӀажэхэрэр» сыд ыӀоу Чепега письмэ фаригъэхьыгъагъ Сеид-Мустафам. Ау мы пашар амал горэми земыусэм, къэзэкъыдзэм бжъэдыгъу пщы-оркъыдзэ ригъэгъуси, Пшызэ зэпырыкӀи, ятӀонэрэ Бзыикъо заокӀэ уеджэми хъунэу Чепега шапсыгъэмэ зао аришӀылӀэгъагъ, нэбгыраби ащ хэкӀодэгъагъ [64: 104–105]. Урысыемрэ Тыркуемрэ декабрэм и 29-рэм 1791 илъэсым къалэу Яссэ щызэдашӀыгъэгъэ къэрарыр (а къэрарымкӀэ Пшызэ сэмэгу исыгъэ адыгэхэр Тыркуем къыхиубытэщтыгъэх) Чепега изекӀуакӀэ ыукъуагъэу, ар ыгъэмысэу мыщ фэдэ письми, грекэу Степан Герчиевым [97: 42] къырити, Сеид-Мустафа пашэм Екатеринодар дэсыгъэ Чепегэм къыфыригъэхьыгъагъ: «Народы из черкес и абадзинцев именуемые, первые шапсык, а последние бзадук, имея между собою почти непрестанную ссору, и хотя от стороны моей послан был ради примирения их, ко бзадуки в рассуждении жительства своего близ реки Кубана и имея дружбу с черноморскими казаками видимо прибегли к ним под защиту и по незнанию вашему собрали из нерассудительных казаков с оружиями и двумя пушками, перейдя чрез учрежденную границу по сию сторону реки Кубана, и соединяя казаки с бзадускими, и напав на шыпсыков, учинили чрезвычайное поражение, где побито немалое число народа; и как я уповаю на сие от стороны вашей не было дано позволения, то, конечно, вы имеете долг обязанности таковых бунтовщиков строго наказать, дабы на подобные предерзости и другие не отваживались. В случай же буде о сем были известны и от сего зла не удержали, то сим средством между высокими государствами утвержденная дружба, мир и благоденствие до сего времени продолжавшееся разрушит. Однако совершенно да и несумненно надеюсь, что Всероссийская Государыня не дасть на такое разорение подвластных его Султанскому величеству народов позволения, чтобы перейдя установленную мирными договорами границу нападать и делать поражение... прошу не оставить неукоснительным меня уведомлением, ибо обязан я по долгу моему донести о сем его Султанскому величеству» [76: 12; 64: 105].

Мы письмэ дэдэр нэмыкIэу зэдзэкIыгъэуи щыI. Ащ итхагъэр: «Народы из черкес и абазинцев, именуемые первые шапсик, а последние бзадук и состоящие подданными блистательной Порты, имеют между собой непосредственную ссору. И хотя с моей стороны послан был не раз ради усмирения их, но бзадуки в рассуждении жительства своего близ реки Кубани и склонив богатыми подарками вверенного вам войска Черноморского есаулов Пилипенко и Чобота, кои перейдя реку Кубань совместно с упомянутыми бздуками учинили чрезвычайное поражение сим абазинцам. Где побито было не мало народу, а также упомянутыми есаулами, в плен угнано достаточное количество. И как я уповал на сие со стороны вашего разрешения дано не было, а также родные тех абазинцев прибегли с просьбой взятых в плен возвратить домой — то, конечно, имеете вы долг таковых есаулов строго наказать, дабы на подобные предерзости более не отважились. Я и прежде вам сим, любезный сосед, упреждал и прошу не отказать в таковых намерениях, дабы пленных абазинцев розыскать и в обмен на пленных казаков выменять. Буде же не принято мер к розыску поставлен я буду в необходимость по сему делу донести его султанскому величеству» [97: 41–42]. Письмэр июным и 4-м 1795 илъэсым атхыгъагъэу К. Яровым зэриIорэр тэрэзын фаеп, сыда пIомэ, а илъэсым ыкIэхэм анэс Чепега Польшэм щыIагъ. Ар зэрэмытэрэзыр Короленкэм иIофшIагъэу тиIэубытыпIэми къегъэлъагъо. ЗэдзэкIыгъитIуми ыкIи нэмыкI шIэныгъэ къэкIуапIэми узарыгъуазэкIэ, «абазинцэкIэ» а лъэхъаным тыркухэр заджэщтыгъэхэр абдзахэхэр, натыхъуаехэр, убыххэр арыгъэ нахь, бжъэдыгъухэр, кIэмгуехэр, къэбэртаехэр, арыгъэп. Мы аужырэхэр гущыIэу «Черкесым» къыдырагъэубытыщтыгъэх.

«Къэзэкъхэр Пшызэ зыкIызэпырыкIыгъагъэхэр Тыркуем езэонхэу арыгъэп, «черкес хъункIакIохэр (урысхэр адыгэ пстэуми «черкескIэ» яджэщтыгъэх) ыгъэпщынэнхэу арыгъэ нахь» итхагъэу, Чепега джэуап письмэ Сеид-Мустафэм фаригъэхьыжьыгъагъ [80: 38].

Чепега итэлмащыщтыгъэхэу тыркубзэкIэ тхыгъэгъэ Сеид-Мустафам иписьмэ урысыбзэкIэ зэзыдзэкIыгъэгъэхэ Александр Зимайлэрэ (апэрэ зэдзэкIыгъэр) Муса Делинрэ яхьатыркIэ тызтегущыIэрэ темэм ехьылIэгъэ шIэныгъэ къэкIопIэ (первоисточникэу) тIэкIоу щыIэмэ япчъагъэ къыхэхъуагъ. АпэрэмкIэ, «имея между собою почти непосредственную ссору» зыфиIорэ сатырэм къеушыхьаты Шапсыгъэ восстанием илъэхъан зыкъэзыIэтыгъэгъэ фэкъолIыхэмрэ пщы-оркъыдзэхэмрэ бэрэ зэрзэбэныгъэхэр, шапсыгъэ фэкъолIхэмрэ бжъэдыгъу пщы-оркъхэмрэ чэзыу-чэзыоу зэрэзэтебэнэжьыщтыгъэхэр. ЯтIонэрэмкIэ, бжъэдыгъухэмрэ къэзэкъхэмрэ топитIу ягъусэу «напав на шапсыков, учинили чрезвычайное поражение, где побито немалое число народа» зыфиIорэ сатырэмэ Бзыикъо заори августым ыуж 1796 илъэсым щыIэгъэ Пшызэ заори («ЯтIонэрэ Бзыикъо зау») гум къамыгъэкIыжьынхэ алъэкIырэп.

Тырку «султаным изыусхьан» ыIэмычIэ илъ адыгэхэм къатебанэхэу зэрапхъохэу, зэхаукIыхьэхэу хъумэ а зиусхьаным ыдэщтэпыр – шъорышIэу, гум имылъэу, адыгэхэмкIэ Тыркуем зэрихьэщтыгъэ техэкIо политикэми димыштэу тхыгъагъэ ныIэп. АщыкIэ фактмэ къагъэлъагъощтыгъэр нэмыкI шъыпкъ. Шапсыгъэ восстанием хэлэжьэгъэгъэ абдзэхэ пэщитIу Бзыикъо заом ыуж Анапэ «къыригъэблагъэхи», Сеид-Мустафэм щыпаригъэлъэгъагъэх. Палъагъэхэм ашыхэм нэбгырэ мин 20 зыхэты дзэ (шапсыгъи, натыхъуаи, абдзахи) Анапэ къыращалIи пашам къезэожьыгъагъэх. Ау нахь зэтегъэпсыхьэгъэгъэ тыркудзэр къатекIуи, къызэкIэкIожьыгъагъэх. Адырэхэр адыгэ къуаджэмэ къадахьэхи хьакIэ-къокIагъэкIэ къадэзекIогъагъэх [81: 660]. 1796 илъэсым ыужи адыгэхэр султIан «зиусхьаным» пэуцужьызэпытыщтыгъэх. 1798 илъэсым Анапэ дэсыгъэ адыгэ нэбгырэ 400-мэ восстание къаIати мэфибгъо тыркудзэм езэогъагъэх. А илъэс дэдэм шапсыгъэхэр ыгъэIэсэнхэу Анапэ иIэшъхьэтетыкIэу Осмэн-пашам тырку дзэлI 1500-рэ игъусэу Шапсыгъэ къихьэгъагъ. Ау «нэбгырэ мин 20 зыхэтыщтыдзэ къэтыугъоины тыозэощт» шапсыгъэмэ къызыраIом, щыни, Осмэн-пашам Анапэ ыгъэзэжьыгъагъ [29: 550]. Джары тырку пачъыхьэм адыгэхэр «къызэриухъумэщтыгъэр», «ыIэмычIэ зэрилъыщтыгъэхэри» ыкIи ахэр ащ «зэрэфэIорышIэщтыгъэхэри».

ТапшъэкIэ къызэрытIуагъэу, зэутэкIыхэу, зэхэбанэхэу, лъыхэр ашIэжьыхэу, зызэрапхъожьыхэу Бзыикъо заом ыуж етIани илъэсиблэ фэкъолIхэмрэ Шапсыгъэ рафыгъэ лIэкъолъэшхэмрэ зэпылъыгъэх. БгъуитIури лъыпс гъэчъэным лъэшэу ыгъэулэугъагъэх. Шапсыгъэ зэрырамыгъэгъэхьажьыщтыр къазыгурэIом, Бжъэдыгъу икIыжьи 1798 илъэсым ШэрэлIыкъо АлисултIанэ Грун къуаджэр Черноморием щызэхищэгъагъ (а къуаджэщтыгъэр джы станицэ Гривенскэу Калининскэ районым ит), нэужым Урысыдзэм иполковникэу хъугъэу лIэгъагъэ. Ащ ишъузэу Мамырхъан Грун къуаджэм къыщызэIуахыгъэгъэ адыгэ школым кIэлэегъаджэу Iоф щишIэнэу 1822 илъэсым Iизын ратыгъагъ [69: 612]. Мыщ ыпэ адыгэ бзылъфыгъэ мыдин школ икIэлэегъаджэ хъугъэу историем къэбар къыIэкIэхьагъэгоп.

ШэрэлIыкъо АлисултIанэ ипыщэгъумэ анэмыкI оркъхэмрэ лIэкъолъэшхэмрэ фэкъолIымэ яIызын хэлъэу зырызэу Шапсыгъэ къэкIожьыгъагъэх [52]. Ау къэзгъэзэжьыгъэгъэ лIэкъолъэшхэмкIэ ыкIи оркъхэмкIэ «ар текIоныгъэщтыгъэп, компромиссыщтыгъэ нахь» [12: 200]. Нэужым зэзэгъыныгъэ-компромиссым пылъ унашъохэр 1803 илъэсым щыIэгъэ Псычэтыкъо (Абын псыкъул) зэфэсым [82] фэкъолIхэмрэ къэзгъэзэжьыгъагъэ ижъырэ феодалхэмрэ щызэдаштэгъагъэх [83: 110]. Бзыикъор уIэшыгъэ зэо кIэухэу Шапсыгъэ фэкъолI восстанием ибэ-нахьыбэкIэ фэхъугъэмэ, а восстанием игъэхъагъэхэр юридическэу зызэфахьысыжьыгъагъэхэр Псычэтыкъо зэфэсыр арыгъэ.

Джаущтэу Бзыикъо заом ыуж илъэсибл унае тешIагъэу, фэкъолIмэ ежь аIашъхьэкIэ къыдахыгъагъэ текIоныгъэм юридическэ хабзэ шъуашэхэр рагъэгъотыжьыгъагъэх ныIэп. Ежьымэ ямылажьэу, фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэм (фэкъолIышIу-оркъыкIэхэр хэтлъытэгорэп) яклассовэ акъыл бгъуззэу, фызыгъэу зэрэщытыгъэм, ячарэ хъатэу пымылъхэу, ащ фэдиз илъэс пчъагъэ зэрэтырагъэшIэжьыгъэри зэу ишыхьатыгъ.

Псычэтыкъо зэфэсым иунашъохэм мэхьанэ купкIэу иIагъэр – фэкъолIышIу-оркъыкIэхэмрэ ядэжь къэзгъэзэжьыгъагъэ ыкIи Шапсыгъэ къинэгъэгъэ лIэкъолъшхэмрэ яунае мылъкурэ (частная собственность) яцIыфышъхьэрэ ухъумэгъэнхэр, фэкъолIышIухэм ялъапсэ нахь гъэпытэгъэныр ыкIи лIэкъолъэш-оркъхэм яIэгъэ фитыныгъэхэр нахь егъэIыхыгъэхэу шIыгъэнхэр арыгъэ. Ащ ишыхьатых а унашъохэм япычыгъо зэрызхэу мы къыкIэлъыкIощтхэр.

ШIэныгъэ къэкIуапIэмэ анахь пасэм зэритхагъэмкIэ, восстанием ыпэкIэ лIэкъолъэшыр (оркъышхор) заукIыкIэ былым шхьи 100, фэкъолIым пае былым шъхьэ 21 атыщтыгъэмэ, Псычэтыкъо зэфэсым ыуж апэрэмэ ялъыуасэ (вергильд, вира) былым шъхьэ 22-рэм къагъэси, фэкъолI лъыуасэм шъхьитIу нахьыбэкIэ темыкIэу ашIыгъагъ [96: 12]. НэмыкI шIэныгъэ къэкIуапIэмэ къызэраушыхьатырэмкIэ шапсыгъэ восстанием ыпэкIэ лIэкъолъэш-оркъыр заукIыкIэ лъыуасэ псэу шы 42-рэ атыщтыгъэмэ [84: 97, 115; 85: 144], джы ар шъхьа 12-кIэ къырагъэохи «30-м нагъэсыгъагъ» [52]. ФэкъолIым илъыуасэ шы 20 нахь мыхъущтыгъэмэ [84: 97, 115; 85, 144], Псычэтыкъо зэфэсым иунашъокIэ ащ ыуасэ шы 28-рэм рафылIэгъагъ [52]. Къупшъхьэр къыдиубытэу е къыдимыубытэу лIэкъолъэш-оркъыр зауIэкIэ, апэрэмкIэ лъыосэ ныкъоу шъхьа 27-рэ ыкIи ятIонэрэмкIэ шъхьэ 20 нахьыпэм компенсациеу аIахыщтыгъэмэ, джы шъхьи 5–8 нахьыбэ кIэдэдэонхэ фитыгъэхэп. А IофтхьэбзитIумкIэ фэкъолIымэ ялъыуасэ шъхьитф–шъхьищ нахь ижъыкIэ рамыпэсыщтыгъэмэ, нэужым ахэмэ япчъагъэ шъхьи 6–8-мэ къарафылIэгъагъ. КIэкIэу къэпIон хъумэ, укIын-уIэн IофхэмкIэ нахьыпэм шъхьэ 89-рэ лIэкъолъэш-оркъымэ ыкIи шъхьэ 28-рэ фэкъолIымэ аратыщтыгъэмэ, джы ахэмкIэ оркъымэ къаIэкIахьащтыргъэр шъхьэ 53-рэ (36-рэкIэ ипчъагъэ къеохыгъагъ), фэкъолIымэ – 47-рэ (19-кIэ нахьыбэ хъугъагъэ). НэмыкI гущыIэхэмкIэ ар къэпIоны хъумэ, къикIырэр мары: Шапсыгъэ восстанием ыпэкIэ лIэкъолъэш-оркъым илъыуасэ фэдищкIэ фэкъолIым илъыуасэ нахьи нахьи нахьыбагъэмэ [89: 28], Псычэтыкъо зэфэсым иунашъохэмкIэ а лъыуаситIу зэфэшъхьаф дэдэщтыгъэхэр (оркъымэ ялъыуасэ шъхьэ 61-рэкIэ нахьыбагъ) шхьих нахькIэ зэтемыкIыжьыхэу зэфэдиз хьазыры хъугъагъэх [53: 47].

Лъыуасэхэр зэфэдэ хьазырэу зэрагъэуцугъэм техыгъэу, унае мылъкум иухъумэнкIи хабзэхэр (компенсациехэр) зэфэсым щагъэуцугъэх. ФэкъолIым шIуатыгъугъэ шы дэдэр тыгъуакIом къыри-

мыгъэгъэзэжьымэ, а тыгъуакIом зышыр шиблкIэ, е а зэманым зэраIощтыгъэу, «зэриблкIэ» ыпщыныжьын фэягъэ, къыригъэгъэзэжьымэ, ащ зышы гуадзэ къыригъэгъусэжьыщтыгъэ. ЛIэкъолъэш-оркъым имылъку затыгъукIэ, апэрэ шIыкIэр шибгъукIэ («зэрибгъукIэ»), ятIуанэрэр шитIукIэ тыгъуакIом ыпщыныжьыщтыгъэ. Мы IофымкIи фэкъолIхэмрэ лIэкъолъэш-оркъхэмрэ зышы-шитIу нахькIэ зэтемыкIыхэу Псычэтыкъо зэфэсым ышIыгъагъэх [52]. Джарэущтэу Псычэтыкъо зэфэсым иунашъохэмкIэ, фэхъугъэ фэкъолIхэмрэ къэзгъэзэжьыгъэ ыкIи Шапсыгъэ къинэжьыгъэгъэ лIэкъолъэш-оркъхэмрэ яцIыфышъхьэхэмрэ яунае феодальнэ мылъкурэ зэфэдэ хьазырхэу юридическэу ухъумагъэхэ хъугъагъэх, лIэкъолэш-оркъмэ яэкономическэ ыкIи яполитическэ хабзэ ылъапсэхэри шIукIаеу я унашъом къагъэлэнлагъэх. Илъэситф восстанием ащ фэдэ социальнэ-экномическэ текIоныгъэхэр къыщыдэзыхыгъэгъэ фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэмкIи ар макIэу чарэщтыгъэ, сыда пIомэ, зихабзэ лэнлагъэу зэфэдэныгъэм езэгъыгъэ лIэкъолэш-оркъыжъымэ фэкъолIхэр пщылIыхэу зэрашIыщтхэ амалхэр икъукIэ яIэжьыгъэпышъ ары.

Псычэтыкъо зэфэсым иунашъохэр мытхыгъэ адыгэ уголовнэ правэм феодальнэ нэшанэхэр иIэу зэрэхъугъэм ищысэ нэрылъэгъух. Ахэмэ къызэрагъэлъагъорэмкIэ, адыгэ хабзэм бзэджэшIэгъитIу щыIэу ылъытэщтыгъэр. Апэрэр – цIыфышъхьэм пэшIуекIорэ зекIуакIэхэр (преступления против личности) ыкIи ятIонэрэр – унае мылъкум пэшIуекIорэ Iофыгъохэр (имущественное преступление). МитIумкIи зэрагъэпщынэщтыгъэхэр – мылъку нахь, лъышIэжьыщтыгъэп. Ау къэIогъэн фае, мыхэмэ анэмыкIэу «адыгэ хабзэм» (адатым) бзэджэшIагъэкIэ етIани ылъытэщтыгъэхэр зыфэдагъэхэр. Ахэр: 1) уинарод къумалыгъэ дызепхьаныр, 2) къэрэбгъагъэ къызхэбгъэфэныр, 3) унэIутыр зыем пэуцужьыныр, емыдэIуныр е хэхьажьыныр, 4) тыукIыныр, 5) зэIахьылхэр къэзэрэщэжьыныр, 6) бзылъфыгъэр куиныр, 7) хьакIэ фэIофашIэм епхыгъэ хабзэхэр уукъоныр ыкIи 8) уиунагъорэ уигъунэгъухэмрэ уятыгъоныр [163: 530]. Псычэтыкъо зэфэсым ыпэкIи бэ шIагъэу классынчъэ лъэпкъ (родовой) щыIакIэм къыкIэныжьыгъэгъэ лъышIэжьыныр ибэ-нахьыбэмкIэ адыгэ обществэм хэкIодыкIыжьыгъагъ. Феодализмэр къызежьакIэм лIэкъолэш-оркъым фэкъолIыр зиукIыкIэ, мы аужырэм иIахьылымэ лIэкъолъэш-оркъыр аукIыжьын фитыгъ. ЛъышIэжьын IофыхэмкIэ ахэр апэрэмкIэ зэфэдагъэх. Ау нэужым лIэкъолъэш-оркъмэ а зэфэдэныгъэр амыщэчышъоу агъэкIоди, ежьыхэмэ ямылъку-шъхьауасэ нахь лъапIэу агъэуцугъагъэ арэу зэрэхъугъэр адыгэ феодализмэр къежьэгъэкIэ дэдэу зэрэщытыгъэми ишыхьат. Псычэтыкъо зэфэсым иунашъохэми лъышIэжьыныр къахэфэгъагъэп. Мыщ ычIыпIэкIэ ахэмэ зигугъу ашIыгъагъэр мылъку-шъхьауасэхэр зэфэдэ хьазырхэу шIыгъэныр арыгъэ нахь, лъэпкъ псэукIэм илъэхъан щыIэгъэ лъышIэжьыным фагъэзэжьынгъэхэу арэп. Вергельдымрэ ком-

пенсациемрэ зыпшъэ дэкIыщтыгъэхэр бзэджэшIэ закъоп, ар зыщыщыгъэ лIакъори арыгъэ нахь. Iахьыл зэфыщытыкIэхэр обществэм къыкIэныжьыгъэгъэ лъыосэпIурыр (нартэу Пэтэрэз – лъыосэпIурыщтыгъ) зэрагъэфедэщтыгъэри а шыхьатымэ зэу ащыщыгъ (аукIыгъэм исабый къатыгъути апIущтыгъэ).

ТапшъэкIэ зигугъу тшIыгъэ зэфэдэныгъэр лIэкъолъэш-оркъыжъхэмкIэ нэпэшъоо хьылъэу щытыгъ. Ау ащ нахьи нахь хьылъэу ахэмэ къафыдэкIыгъагъэхэр ары (нахьыпэм адыгэ пщыоркъымэ ябаиныгъэрэ ыкIи ялъэрыхьагъэрэ къызэрырадзэщтыгъэр былымышъхьэ пчъагъэу е чIыгоу яIагъэр арэп, пщылIы-унэIут пчъагъэу аIэ илъыгъэр ары нахь). Восстанием ахэмэ япщылI-унэIутхэр зэбгыриутIупщыжьыгъагъэх. «ЯщыIэкIэ-псэукIэ пщылIымэ апэблагъэщтыгъэ фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэр къызэрамыгъэбырысырыщтыхэм пае» [39: 250], фэхъугъэ фэкъолIхэр шъхьаихыгъэу пщылI-унэIут IофхэмкIэ лIэкъолъэш-оркъыжъымэ адеIэшъугъагъэхэп, фэхъугъэ фэкъолIхэр ямыIэпэIэгъоу ежь лIэкъолъэш-оркъыжъыми япщылI-унэIутхэм къарагъэгъэзэжьышъунэуи щытыгъэп. Ау, воостание ужым, феодализмэм хахъо къэс, а пщылI-унэIутщтыгъэхэр мэкIэ-макIэу фэхъугъэ фэкъолIхэми лIэкъолъэш-оркъыжъхэми икIэрыкIэ гъэпщылIынымкIэ «зызгъэчаныщтыгъэхэр» «оркъыжъымэ анахь мыIаехэмэ анахь мышIухэу щытыгъэ» оркъыкIэхэу фэкъолI фэхъугъэхэр арыгъэ [39: 251].

Восстанием ихьатыркIэ зищыIакIэ зий зэхъокIыныгъэхэр зыфэмыхъугъагъэхэр фэхъугъэ фэкъолIхэм япщылIхэмрэ яунэIутхэмрэ. Ахэмэ шъхьафитыныгъэ аратымэ, экономическэ щыIэкIэ-псэукIэу фэхъугъэ фэкъолIмэ яIэм ылъапсэ кIэутыгъэу хъущтгъагъэ. Ащ къыхэкIыкIэ япщылI-унэIутхэм апаекIэ оркъыкIэмэ шъхьафитныгъэм игугъуи ашIыгъагъэп. Ау восстание ужым оркъыкIэхэмрэ лIэкъолъэш-оркъыжъхэмрэ япщылI-унэIутхэм япчъагъи хъатэу хэхъогъагъэп. 1858 илъэсым нэс, нэмыкI адыгэ лъэпкъмэ ялъытыгъагъэмэ, Шапсыгъэ исыгъэ пщылI-унэIутхэр пчъагъэкIэ анахь мэкIагъ. ГущыIэм пае, яплIэнэрэ убыхыр ыкIи ящэнэрэ абдзахэр пщылI-унэIутэу а илъэсым щытыгъэмэ, шапсыгъэхэмкIэ ятIокIынэрэ цIыфыр арыгъэ [33: 31] ныIэп юридическэу пщылI-унэIутыщтыгъэр. Ау «ФэкъолIышIу иорэд» хэт оркъыкIэм амал зэфэшъхьафхэмкIэ иIофхэр зэригъэгъэцакIэщтыгъэ фэкъолI къызэрыкIохэу, юридическэу «шъхьафитхэу», фактическэу пщылIыпIэм ихьэу щытыгъэхэр гум къэбгъэкIыжьыхэмэ, ыкIи лIэкъолъэш-оркъыжъыхэми а фэкъолI къызэрыкIомэ атыралъхьэщтыгъэхэ тын фэIо-фашIэхэри къыдэплъытэмэ, Шапсыгъэм имызакъоу, пстэумкIи Адыгэ шъолъырым исыгъэ цIыфымэ яятIонэрэри феодальнэ бжьым зэрэчIэтыгъэм щэч гори хэплъхьан плъэкIыщтэп. Наукэм зэриIорэмкIэ, «не следует сводить всякую феодальную зависимость к наиболее грубой форме внеэкономического принуждения – крепостному состоянию, личной крепости. Так, например, индийский,

норвежский или кастильский крестьянин никогда не был крепостным, но был феодально зависимым» [89: 80]. Адыгэ фэкъолI къызэрыкIомэ азыныкъо Iэпэ-цыпи джащ фэдэ чIыпI зэрытыгъэр (адыгэ ныкъор фактическэу пщылIыпIэм итыгъ). Обществэм ироцент 86-рэ е 75-рэ фэкъолIымэ аубытыщтыгъэ ыIоу мы очеркым къыхафэрэ чIыпIэхэм ямэхьанэ купкIи джары къызэрыбгурыIон фаер.

ЛIэкъолъэш-оркъхэм алъэкъуацIэ фэшъхьаф къымыгъэнагъэу, шапсыгъэхэр феодализмэм хищыщтыгъэхэу ыкIи «торговэ капитализмэм» фищэгъагъэхэу Б. В. Скитскэм фэкъолI восстаниер къышIошIыгъагъ [75: 192]. Ау ащ фэдэ еплъыкIэр наукэм зафэу ылъытагъэп. З. В. Анчабадзэ, Е. И. Дружининам, Е. Н. Кушевам, В. П. Фадеевым тэрэзэу зэраIуагъэмкIэ, я XVIII лIэшIэгъум Темыр Осетием фэдэу Адыгэ шъолъырыми «еще отсутствовали объективные предпосылки для замены феодализма другим, более прогрессивным способом производства» [86: 175].

1791–1796 илъэсхэм ащыIэгъэ восстанием ыужи пэсэрэ феодальнэ щыIэкIэ-псэукIэу шапсыгъэмэ яIагъэм ылъапсэ зэщымыкъоу къэнэгъагъ, шапсыгъэ обществэм светскэ феодал, моллэ-ефэнд, пщылI, унэIут, фэкъолI гощыкIэу хэлъыгъэхэри къызэтенэжьыгъагъэх. Политическэ хабзэм елъытыгъэмэ, ар мэкъу-мэщышIэ жъугъэхэмкIэ зэрарэу фэхъугъэ оркъыкIэ фэкъолIыхэмрэ ижъырэ аристократиемрэ зэдагощыгъагъ. Мыхэмэ къахэкIыкIэ, шапсыгъэ обществэм зэмызэгъыныгъэхэу (противоречиехэу) хэлъыгъэхэри къэнэжьыгъагъэх. Ау нахьыпэм щыIэщтыгъэ апшъэрэ противоречием ычIыпIэкIэ джы апшъэрэ зэмызэгъыныгъэр нэмыкIэу хъугъагъэ. Ар лIэкъолъэш-оркъыжъхэмрэ фэкъолIышIу-оркъыкIэхэмрэ, зыбгъумкIэ, ыкIи фэкъолI жъугъэхэмрэ пщылI-унэIутхэмрэ, адырабгъумкIэ, азыфагу къихьэгъагъ. Зэмызэгъыныгъэ пстэуми афэдэу, мы апшъэрэ зэмызэгъыныгъэр Октябрэшхом къынэсыжьыгъагъ ыкIи лэжьакIохэмкIэ федэу а революциешхом ар ыгъэкIодыгъагъ.

Нэфэшъхьаф мэкъумэщышIэ восстаниемэ афэдэу социальнэ-политическэ кIэухыхэмкIэ Шапсыгъэ фэкъолI восстаниери чыжьэу мыкIоу, бгъузэу щытыгъ. Ау ащ емылъытыгъэу мы восстанием шапсыгъэ закъомэ анэмыкIэу, зэкIэ Адыгэ шъолъырымкIи прогрессивнэ-историческэ мэхьанэ гъэнэфагъэ иIагъ. АпэрэмкIэ, автор зэрызмэ зэраIорэм фэдэу [74: 206; 88: 102], шапсыгъэмэ япроизводительнэ кIуачIэхэмрэ япроизводственнэ зэфыщытыкIэхэмрэ (отношениехэмрэ) яхэхъонкIэ а восстанием ишIуагъэ къэкIогъагъ [39: 79], ахэр пщы зиIэгъэ кIэмгуе-бжъэдыгъухэм япроизводительнэ кIуачIэхэм ыкIи япроизводственнэ зэфыщытыкIэхэм анахь лъхъанчэхэу ышIыгъагъэхэп, кIэмгуе-бжъэдыгъумэ яобщественнэ гъэпсыкIэ (строй) нахьри нахь лъагэу шапсыгъэмэ яобщественнэ шIыкIэ-псэукIэ тIэкIу диIэтиегъагъ [75: 195]. Арэу зыкIэхъугъагъэр мыпроизводителэу щытыгъэ феода-

лыжъымэ ачIыпIэ ибэ-нахьыбэмкIэ производительхэм ахэтыгъэ фэхъугъэ фэкъолI-феодалхэм тетыгъор зэраубытыгъагъэр ыкIи производительнэ кIуачIэхэм, хозяйствэм, сатыум яхэхъонкIэ ахэмэ нахь яшIуагъэ къызэрыкIощтыгъэхэр арых. «В период, – етхы журналэу «Вопросы истории» зыфиIорэм иредакцие, – пока феодальные производственные отношения обеспечиваают дальнейший рост производительных сил, класс феодалов играет прогрессивную роль» [89: 85]. ЯтIонэрэмкIэ, Шапсыгъэ восстанием прогрессивнэ-историческэ мэхьанэ зыкIыриIагъэр ямылъкукIи яхабзэкIи лIэкъолъэшоркъыжъыхэм яфитныгъэхэм, ахэмэ тын фэIо-фашIэу фашIэщтыгъэхэм пычышхокIае зэрафишIыгъагъэр ары. Ащ фэдэ восстаниемэ яхьатыркIэ, «неоднократно имело место уменьшение повинностей отдельных крестьянских хозяйств. В этом нередко заключался результат крестьянских восстаний» [89: 81]. ЯщэнэрэмкIэ, восстанием прогрессивнэ-историческэ мэхьанэ къезытыщтыгъэр, феодальнэ нэшанэ иIагъэ нахь мышIэми, шапсыгъэ обществэр нахь «демократическэу» зэрэхъугъэр ары [90]. ЫкIи, яплIэнэрэмкIэ, а восстанием ащ фэдэ мэхьанэ зыкIыриIагъэр зыч-зыпчэгъоу лэжьакIохэр зэдэбанэхэмэ оркъыжъымэ зэратекIошъущтхэр нэрлъэгъоу къызэришIыгъагъэр ары. 1524–1525 илъэсхэм Германием щыIэгъэ мэкъумэщышIэ заом фэгъэхьыгъэу Ф. Энгельс мырэущтэу ытхыгъагъ: «Оркъхэр зэрэкIочIэнчъэхэр мэкъумэщышIэмэ апашъхьэ къыщышъыпкъэгъагъ; тыдэкIи ахэр щаубытыщтыгъэх ыкIи затын фаеу хъугъагъэх» [91: 433]. Мы гущыIэ дэдэхэр Шапсыгъэ фэкъолI восстанием дэгъоу езэгъых.

Оркъыжъымэ яхабзэ пычыхэр иIэхэу ыкIи общественнэ щыIакIэр нахь «демократическэу» зэрэхъугъэм ихьатыркIэ, пщы-оркъ хэкущтыгъэхэу КIэмгуем, Бжъэдыгъум, Къэбэртаем ыкIи Бэслъыныем арысыгъэ лэжьэкIуабэхэмкIэ Шапсыгъэ екIужьыпIэу, шъхьа ухъумэжьыпIэу я XIX лIэшIэгъум изыныкъохэм адэжь щытщтыгъэ. ГущыIэм фэшI, я XIX лIэшIэгъум ия 30-рэ илъэс закъохэм къакIоцI Бжъэдыгъу икIыжьыхи шапсыгъэхэм (ыкIи абдзахэхэм) адэжь мэкъумэщышIэ 6000 фэдиз кIожьыгъагъэ [92: 92]. ЯоркъыкIэхэми яоркъыжъыхэми ябэнынхэмкIэ ахэмэ афэдэ «мыхьаджырхэр» шапсыгъэ фэкъолI къызэрыкIо жъугъэхэмэ IэпыIэгъушхохэу афэхъущтыгъэх, адыгэ лэжьэкIо-псэуакIоми языкIыныгъэ агъэпытэщтыгъэ, лъэпкъ зэхэдзыхэри нахь агъэмакIэщтыгъэ, лъэпкъ зэхэкIухьар агъэпсынкIэщтыгъэ.

КIэкIэу пIоны хъумэ, Шапсыгъэ фэкъолI восстаниери зэу ахэт феодализмэм илъэхъан щыIэгъэ мэкъумэщышIэ заохэу мыщ фэдэ гущыIэхэр тапшъэкIэ зыцIэ къетIогъэ редакцием зыфиIуагъэхэм: «Крестьянские восстания носят прогрессивный характер, являются важной силой, движущей это общество вперед» [89: 81].

ШIэныгъэ къэкIуапIэхэмрэ еIолIапхъэхэмрэ

1. Зубов Платон. Картина Кавказского края. Ч. III. СПб., 1835.

2. *PaIIas P. S.* Bemerkunden auf einer Reise in die sudIichen statthaIterschaften des Russischen Reichs in Iahren 1797 und 1794. Ester Band. Ieipzig, 1803.

3. Я XVIII-рэ лIэшIэгъум хьатикъуехэр Илэ псыхъо Iусыгъэхэу Палласи Л.Г. Волковами (Этнонимы и племенные названия Северного кавказа. М., 1973. Н. 30) зэраIорэр тэрэзэп. Сентябрэм 1783 илъэсым А. В. Суворовыр Лэбапэ дэжь хьатикъуаехэм ащыIукIэгъагъ (еплъ: Аутлев П. У. Суворов об адыгах // УЗ АНИИ. Т. XIII. Майкоп, 1971. Н. 431).

Шапсыгъэ итыгъэ ермэл къуаджэу «Хьатикъуай» зыцIагъэм авторхэр ыгъэплъэхъугъэнхэкIэ енэгуягъо.

4. Бжъэдыгъу пстэуми япащэу мы кърым чэбан-хъаным зилъытэжьыщтыгъэ. ЫлъэпкъыкIэ ар кърым нэгъоигъ, ау кърым нэгъой хъан шъыпкъэмэ ар куйрылъфэу, мэлахъом (чабаным) къаригъэлъфыгъэу алъытэщтыгъэ. Бжъэдыгъупщымэ ар хъатэу къырадзэщтыгъэп.

5. КъэзыIотэжьыгъэр Тхьахъохъо Зэчэрый, Афыпсып, 1841 илъэсым къэхъугъ. Къэзытхыжьыгъэр Наурзэ Ибрахьим июным и 19, 1931 илъэс. 1962 илъэсым Пщыбэкъо Ерэджыбэ къызэриIотэжьыгъэмкIэ (къэзытхыгъэр Хъуажъ Махьмуд), «Обрезная Кубань» зыфиIорэм дэжь Салтыку щытыгъ (АНИИ-и иархив. П. 74. Д. 23). НэмыкIымэ зэралъытэрэмкIэ, НэтIэшIоикъо дэжь (Подковым дэжь) Бжыхьэкъуае щытыгъ, Салтыку – джырэ Пашковскэм ичIынатIэу Iулъэшъогъагъ.

6. ГАКК. Ф. 249. Оп. 1. Д. 248. Л. 12.

7. ГАКК. Ф. 249. Оп. 1. Д. 326. Л. 12.

8. Бутков В. Г. Материалы для новой истории Кавказа. Ч. 2–3. СПб., 1869.

9. Броневский Семен. Новейшие географические и исторические известия о Кавказе. Ч. 2. М., 1823. Мыр авторым зитхыгъэр 1806 илъэсыр ары. Ащ зигугъу къыщишIырэ къэбархэр я XVI–XVIII лIэшIэгъумэ ибэнахьыбэкIэ япхыгъэх.

10. Кумыков Т. Х. Общественный строй адыгских народов в XVIII – первой половине XIX в. // УЗ КБГУ. Вып. 43. Серия историко-филологическая. Нальчик, 1971.

11. Покровский М. Н. Дипломатия войны в царской России в XIX столетии. Сб. статей. М., 1923.

12. Мэрэтыкъо М. «жъонанэм» къикIырэр «нэнэ цIыкIоу» къызэрышIошIыгъэр а къытхыгъэ бзэ фактмэ язэгъырэп (еплъ: Меретуков М. А. Система родства и свойства у адыгов // УЗ АНИИ. Т. XI. Майкоп, 1970. Н. 308).

13. Бердзенишвили (Киладзе) Н. З. Первобытное земледелие в Грузии // Труды института истории им. И.А. Джавахишвили АН Груз. ССР. Т. II. Тбилиси, 1956.

14. Читая Г. С. О некоторых основных чертах древнеколхидской культуры // Европа и Венгрия. Этнографический конгресс в Венгрии 16-20 октября 1963 г. Будапешт, 1965.

15. Гарданов В. К. К вопросу об экономическом развитии Кабарды в XVIII веке // УЗ КБНИИ. Т. XXIII. Нальчик, 1965.

16. БзэзэгъашIэу Г. В. Рогава зэрилъытэрэмкIэ, мэщы, гъэтхэщы, гъэщы, ашэфы, цIырамышъ, гъычы (фыгъолъэпкъ) зыфэпIощт лэжьыгъацIэмэ язэфэдэ лъапсэу ахэтхэр – *щы, шы шэ, шъы, чы*. Абхъазыбзэм хэт гущыIэхэу «ча»-м фэдэу а пстэуми «хьалыгъу» мэхьанэр ары къарыкIырэр (еплъ: *Рогава Г. В*. К вопросу о структуре именных основ и категориях грамматических классов в адыгских (чер-

кесских) языках. Тбилиси, 1956). Абхъазмэ ямызакъоу «ача»-р адыгэми ягущыIэгъэн фае. Арэу озгъаIорэр шапсыгъацIэу «Ачэкъо» – коцэу ачэм ыкъу (мэщыкъом ихьачыр) ыкIи бжъэдыгъуцIэу «Очэпщ» – очэм-ачэм ипщ.

17. Къушъхьэм чIэсыгъэ абдзахэмэ ячылэхэр зэпыщыгъэхэу, унэгъо тIурытIу-щырыщхэр зы чIыпIэ къэшIыхьагъэм зэдыщысхэу, лэжьыгъэ шIапIэхэр, хъупIэхэр, мэкъупIэхэр, псынэкIэчъхэр унэгъо тIурытIу-щырыщ пэпчъ зэдыряIэхэу гъэпсыгъагъэх [9: 63]. Ащ фэдэ чылэр чIыпIэ (территориальнэ) общинэ цIыкIоу щытыгъ. Зигугъу къэтшIыгъэ унэгъо тIурытIу-щырыщхэри ащ ихьаблэщтыгъэх е итамэщтыгъэх. Хьаблэ горэм ыцIэкIи чылэм еджэщтыгъэх. ЧIыпIэ общинэшхоу чылэ пчъагъэ зыхэтыщтыгъэм «псыхъокIэ» еджэщтыгъэх. Шапсыгъэ-нэтхъое чылэхэри псыхъохэри джаущтэу гъэпсыгъагъэх [2: 332]. Шъолъырымэ арысыгъэ чылэхэри (къуаджэхэри) хьаблэ-хьаблэу ыкIи къоджэ тIурытIоу зэхэтыгъэх (Джэджэхьаблэ къоджитIоу зэхэтыгъ). Шъолъыр адыгэхэмкIэ общинэшхощтыгъэр чылэр ары. «Псыхъо» ыцIэу ахэмэ общинэ яIагъэп.

«Псыхъор» егъашIэми чIыпIэ (территоиальнэ) общинэу щытыгъэ нахь, ар ижъыкIэ зэлъэпкъэгъу (кровнородственнэ) общинэу, Мэрэтыкъо М. А. зэрилъытэрэм фэдэу, щытыгъэп (Меретуков М. А. Экзогамия у адыгов // УЗ АНИИ. Т. VIII. Майкоп, 1968. Н. 260).

18. КъэзыIотагъэр Пэдыс Къэзанч, 1854 илъэсым къэхъугъ, къызщыIотагъэр Пэнэхэс. 1924 илъэсым къэзытхыгъэр А. С. Беткович (А. Бай) – АНИИ-м иархив (зэхэмыфыгъ).

19. Аутлев П. У., Алибердов Т. Д. О народной метронимии адыгов (черкесов) // УЗ АНИИ. Т. VIII. Майкоп, 1968.

20. Адыгэмэ ащыгъыщтыгъэ щазымэу «лъэхъстаным» ыцIэ къызтекIыгъэр кърым нэгъойхэр Польшэм зэреджэщтыгъэхэ гущыIэу «Ляхистаныр» (Ляхмэ яхэгъэгу) ары. А лъэкъопылъхьэм иродинэр – Польша. Персхэри лъэхъстанкIэ ащ еджэщтыгъэх.

21. PeissonneI. Traite sur Ie commerce de Ia mer Noire. Tome premier, Paris, 1787.

22. Киреев Иван. Замечание о закубанских народах, составленное 13 августа 1796 года [45: 75]. Ефэнд-моллэхэр зэрэщыIагъэм къикIырэп ислам диным инэу адыгэ обществэм зыщиушъомбгъугъагъэу. Киреевым зэрыхигъэунэфыкIырэмкIэ, адыгэмэ анахьыбэхэм Iиман зыфыряIагъэр Тыгъэр, Мазэр, жъуагъохэр, къащ сурэтхэр зытырашIыхьэгъэ чъыгхэр арыгъэ. Я XVIII-рэ лIэшIэгъум иапэрэ ныкъо шапсыгъэхэмрэ натхъуаехэмрэ илъэс тIокI дин зао яIагъ. Ислъам диныр зыштэгъагъэ шапсыгъэ унагъохэр ар зымыштэгъэ натхъуаемэ атебанэхэзэ якъащхэр агъэстыщтыгъэх. Натыхъуехэри шапсыгъэмэ къякIухэзэ ямэщытхэр ашIуагъэстыщтыгъэх [120: 168; 68: 23]. Я XIX-рэ лIэшIэгъум иапэрэ ныкъо изэмани адыгэмэ яIэгъэ дин къулыкъушIэхэр тIоу гощыгъэхэу щытыгъэх. Апэрэ купыр тхьабэрыпсэу динымрэ чристан (христиан) динымрэ апылъыгъэх. ЯтIонэрэ купыр исламым фэлажьэщтыгъэ. Мы купитIумэ азыфагу зэпымыужьбанэ щыжъотзэпытыщтыгъэ. Ащ зэу ишыхьат ятIонэрэ купыр апэрэ купым «джауркIэ» зэреджэщтыгъэхэри [33: 30]. Къащ лъэпкъэу агъэфедэщтхэмкIи а адыгэ «джаурмэ» зэхэдз яIагъэп. Ахэмэ язэфэдэу католическэ къащыми [33: 18] православнэ тхьалъэIухэр арашIыщтыгъэх.

23. Пейсонель К. Исследование торговли на черкесско-абхазском берегу Черного моря в 1750–1762 годах. В изложении Е. Д. Фелицына. Краснодар, 1927.

24. Веселовский Н.И. Военно-исторический очерк города Анапы // ЗРВААИРВИО (Записки разряда военной археологии и археографии императорского Русского военн-исторического общества). Т. III. Петроград, 1914.

25. Каменев Николай. Бассейн Псекупса. IV // Кубанские войсковые ведомости. № 28. 1867 г.

26. Каменев Николай. Бассейн Псекупса. IV // Кубанские войсковые ведомости. № 27. 1867 г.

27. Русско-адыгейские торговые связи. Сборник документов. Майкоп, 1957.

28. Бутков П. Г. Материалы для новой истории Кавказа с 1722 по 1803 год. Часть 2. СПб, 1869.

29. Краткий исторический и медико-топографический очерк Кубанской кордонной линии Черноморского казачьего войска // Журнал Министерства внутренних дел. Часть 20-я. № 6. СПб, 1836.

30. Вотчинэхэмрэ поместьехэмрэ адыгэ феодалмэ зэряIагъэхэмкIэ яплъ Николай Каменев. Бассейн Псекупса. IV // Кубанские войсковые ведомости. № 23. 1867 г.; Гарданов В. Г. Общественный строй адыгских народов в XVIII – первой половине XIX в. Автореферат диссертации на соискание ученой степени доктора исторических наук. М., 1966. Н. 36.

31. Советскэ историческэ, экономическэ ыкIи юридическэ литературэм феодальнэ рентэмэ язэкIэлъыкIуакIэкIэ, ащ епхыгъэу феодализмэм ипериодхэмкIи (феодализмэ пас – ранний феодализм – развитой феодализм, феодализмэ кIас – поздний феодализм, период разложения феодализма) зыIо щытетыхэп. Зы ученэ купмэ «отработочная-продуктовая-денежная» рентищыр хэбзэ гъэнэфагъэ хэлъэу зыщызэкIэлъыкIохэрэр зыпкъ иуцогъэ феодализмэр арэу алъытэ [89, 83]. ЯтIонэрэ купым «отработочная-продуктовая» рентэхэр феодализмэ пасэм ыкIи «денежная» рентэр зыпкъ иуцогъэ феодализмэм ихабзэщтыгъэхэу алъытэх [121: 81]. Ящэнэрэ купым ашIонахь тэрэзыр «дань-натуральный оброк» (феодализмэ пасэмкIэ) – «отработочная рента» (зыпкъ иуцогъэ феодализмэм тетыгъор щеубыты) – «отработочная-продуктовая-денежная» рентэхэр (капитализмэр къызыщыхъунэу ежьэгъэ феодализмэ кIасэмкIэ) [122: 467–473].

К. Маркс итхылъэу «Капитал» иящэнэрэ том ия 47-рэ шъхьау «Генезис капиталистической земельной ренты» зыцIэр ыкIи В. И. Лениным а шъхьам фыриIэ еплъыкIэхэр [38, 166–169, 185, 193] зэфэмыдэу къызэрагурыIуагъэхэр ары а купищымэ аIохэрэр зэтезмыгъафэхэрэр. «Обработочная – продуктовая – денежная» зыфиIорэ докапиталистическэ рентэхэр феодализмэ кIасэм илъэхъан къыхэхъухьанэу ежьэгъагъэ капиталистическэ чIыгу (земельнэ) рентэм зэригъогууанэр ящэнэрэ купымэ нахь пшIошъ агъэхъу, даным илъэхъан щыIэгъэ отработочнэ рентэр (барщина) рабствэм къыкIэныжьыгъагъэуи ахэмэ къызэрашIошIырэми уегъэразэ.

Адыгэ историемкIэ укъикIымэ, Е. С. Зевакинэри, М. В. Покровскэри, Б. М. Джымэри, В. К. Гардановыри зэрыгъуазэхэрэр капиталистическэ чIыгу рентэм игенезис нахь, феодализмэм ирентэ игенезисэп. ГущыIэм пае, К. Маркс игущыIэхэу «первоначально свободные крестьяне… превращаются… в обязанных нести барщину или обязанных к платежу продуктовой ренты» [123: 238] зыфиIохэрэр адыгэ фэкъолIымэ язытетыгъи Е. С. Зевакиным арипхыгъагъ [113: 179]. Ау ар тэрэзэп, сыда пIомэ, Маркс игущыIэхэр зэхьылIагъэхэр Польшэмрэ Румыниемрэ ямэкъумэщышIэхэу рентэ кIасэмэ атыращыжьыхи рентэ пасэмэ атырагъэхьэжьыгъагъэхэр арых. ФэкъолIымэ ибэ-нахьыбэмкIэ ателъыгъэр ихэхъоныгъэкIэ барщинэм шъхьадэзыфыгъэгъэ продуктовэ рентэр арэу Б. М. Джымэм етхы [124: 16]. Авторым гу зылъимытагъэу ащ къикIырэр: барщинэр абгыни продуктовэ рентэм фэкъолIхэр техьэгъагъэхэу е, нэмыкIэу къэпIоны хъумэ, адыгэ феодализмэм фэкъолIыхэр пщылIыпIэ мышъхьафитныгъэм къыхищыхи нахь шъхьафиты ышIыгъагъэхэу ары. Ау феодализмэм пщылIыныгъэ нахь фэкъолIымэ къафихьыщтыгъэр, шъхьафитныгъэп.

32. Адыгэ орэдыжъхэр. Мыекъуапэ, 1946.

33. Лапинский Теофил. Горцы Кавказа и их борьба за освобождение против России. Т. I. Гамбург, 1863. НэмцабзэкIэ тхыгъэр урысыбзэкIэ зэзыдзэкIыгъэр К. Н. Бестужев-Рюмин // ЗИРГО (Записки императорского Русского географического общества). Кн. 1. СПб, 1863.

34. Ленин В. И. Доклад о субботниках на Московской общенародной конференции РКП (б) 20 декабря 1919 г. // Полное собрание сочинений. Т. 40.

35. Дубровин Н. Черкесы (адыге). Краснодар, 1927.

36. Алиев У., Городецкий Б. М. и Сиюхов С. Адыгея (Адыгейская автономная область). Историко-этнологический очерк. С предисловием Ш. Хакурате. Ростов-на-Дону, 1927.

37. Лихницкий Н. Феодализм в Адыгее накануне крестьянской реформы // Историк-марксист. Т. 6 (40). ОИЗ, 1934. Мы авторыр ары, тэ къызэрытшIошIырэмкIэ, апэдэдэ фэкъолIышIумэ «оркъыкIэкIэ» («новые дворяне») советскэ историческэ наукэм щяджагъэр.

«ФэкъолIышIу иорэд» пщыхэм, лIэкъолъэшхэм, оркъыжъыхэм агъэпщылIыщтыгъэхэ гъэпщылIакIохэу фэхъугъэ фэкъолI-оркъыкIэхэм ягимнэу зэрэщытыгъэр, ащ пафэсэу иIэр ижъырэ феодалмэ ачIыпIэ феодалыкIэхэр (фэкъолIышIухэр) иуцонхэу зэрэфэягъэхэр къыдамылъытэу, народым шIу ылъэгъурэ орэдми ахагъэуцо, а поэмэм исследовательхэри щэтхъух (яплъ: Аутлев М, Зевакин Е, Хоретлев А. Адыги. Историко-этнографический очерк. Майкоп, 1957. Н. 39; Костанов Д. Г. Некоторые вопросы становления и развития адыгейской советской литературы // УЗ АНИИ. Т. 3. Майкоп, 1964. Н. 8–9; Аутлева С. Ш. Историко-героические народные песни XVI–XVIII веков. Автореферат диссертации на соискание ученой степени кандидата филологических наук. Тбилиси, 1965. Н. 15). Орэдым ыцIи джы къызнэсыгъэм зэфэмыдэу урысыбзэкIэ зэрадзэкIы: «Песня о хорошем тфекотле» (Аутлев, Зевакин, Хоретлев, н. 39), «Песнь о славном тфокотле» (Аутлева, н. 15), «Песнь о бравом тфокотле» (Костанов, н. 8), «Песнь о добром фокотле» (Аутлев П.У., Алибердов Т.Д. О народной метронимии адыгов (черкесов), н. 105). Имэхьанэ купкIэкIэ укъикIымэ, поэмэм ыцIэ зэрэзэбдзэкIынкIэ нахь къекIурэр: «Песнь о новом дворянине». Орэдым иклассовэ мэхьанэ джа цIэр ары къытырэр. КIуай Зэфэс къыIотэжьи 1927 илъэсым Iашъхьэмэфэ Даут къытхыжьыгъэгъэ вариантымкIэ – фэкъолI кIалэм ятэу фэкъолI НэпашIор ары пщы 17-р зыукIыгъагъэр. Мы вариантымкIи а фэкъолIышIу нахьыжъыр лъэшэу баищтыгъэ, ащ дышъэ къапщыкъибли (чысибли) иIагъ (АНИИ-м иархив. П. 33. Д. 1) – я XVII–XVIII лIэшIэгъухэм зы чысэм пиастрэ 500 илъын фэягъэр.

38. Ленин В. И. Развите капитализма в России // ПСС. Т. 3.

39. А зэтхьарыIогъумэ яисториекIэ еплъ: Гарданов В. К. Общественный строй адыгских народов (XVIII – первая половина XIX в.). М., 1967.

40. Арэу зыхъугъагъэр 1557 илъэс зыIохэрэр зафэхэп (еплъ: Кабардино-русские отношения в XVI–XVIII вв. Т. 1. М., 1957. Н. 7). Июлым 1557 илъэсым Урысием хэхьэгъагъэр Кабартаер ары (еплъ джар дэдэм, н. 5), 1555 илъэсым ежьымэ ашIоигъоу адыгэхэр Урысыем зэрэхэхьэгъагъэхэм К. Маркс щыгъозагъэп. Ащ къыхэкIыкIэ, адыгэхэр егъашIэми Урысыем хэмытыгъэхэу 1853 илъэсым К. Маркс ытхыгъагъ (К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. Т. 9. Н. 417–418). Хъугъэ шIагъэм щыгъозэгъагъэмэ, арэу ащ зэримытхыщтыгъэм щэч гори хэплъхьанэу щытэп.

41. Новосельцев А.П. История народов Закавказья и Северного Кавказа раннефеодального периода в современной буржуазной историографии // Проблемы возникновения феодализма у народов СССР. М., 1969.

42. Попко Иван. Черноморские казаки. СПб., 1858.

43. Новицкий В. Анапа и закубанские поселения (с картою) // Записки Кавказского отдела Русского географического общества. Кн. 2. Тифлис, 1853.

44. Дмитриенко И. И. Сборник исторических материалов по истории Кубанского казачьего войска. Т. 1. СПб., 1896.

45. Маркс К. Лорд Пальмерстон // К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. Т. 9.

46. Смирнов Н. А. Кабарда и реакционное движение Шейха Мансура накануне русско-турецкой войны 1787–1791 гг. // Сборник статей по истории Кабарды. Вып. 1. Нальчик, 1951.

47. Кабардино-русские отношения. Т. 2. М., 1957.

48. Волконский Н. А. Кавказ в 1787–1799 годах // Кавказский сборник. Т. XV. Тифлис, 1894

49. Записка о судьбе генерал-фельдмаршала графа И.В. Гудовича, им самим составленная // Русский вестник. Т. 1. №13. СПб., 1841.

50. Культура и быт колхозного крестьянства Адыгейской автономной области. М. – Л., 1964.

51. Каменев Николай. Бассейн Псекупса. IV // Кубанские войсковые ведомости. № 29. 1867 г.

52. Хан-Гирей. Бесльнеий Абат // Кавказ. № 42. 1847-рэ илъ. Октябрэм и 18; Хан-Гирей. Избранные произведения. Нальчик, 1974. Н. 235–236, 238–240.

53. Ленин В. И. Сила и слабость русской революции // ПСС. Т. 15.

54. Каменев Николай. Бассейн Псекупса. III // Кубанские войсковые ведомости. № 14. 1867 г.

55. АНИИ-м иархив. П. 99. Д. 94.

56. Зевакин Е. С., Бушуев С. К., Азаматова М. З. Изменения в хозяйстве и усиление социально-имущественного расслоения в Адыгее. Усиление классовой борьбы. Восстание крестьян (конец XVIII – первая половина XIX в.). Еплъ тх.: «Очерки истории Адыгеи». Майкоп, 1957; АНИИ-м иархив (зэхэмыф). 1962-рэ илъэсым Шэбэнэхьаблэ щыщэу къэзыIотэжьыгъэр Тэхъутыекъо Шумаф. Къэзытхыжьыгъэр Хъуажъ Махьмуд.

57. Мы уахътэм (1793 илъэсым) бжъэдыгъу оркъхэмрэ пщыхэмрэ япащэщтыгъэр Батчэрыещтыгъэу Е. С. Зевакиным, С. К. Бушуевым, М. З. Азаматэм (56, 201) зэраIорэр тэрэзэп. Ежьырым нахьыжъэу щытыгъэ Алкъэсыр щыIэу, илъэс 25–30-рэ нахь зымыныбжьыгъэ Батчэриер пщышхо-пщытэтэнэу хъущтгъагъэп. Китайскэ церемоние минипшIым фэдиз хьазырэу зэхэтыгъэ оркъ хабзэми ар екIущтыгъэп.

58. АНИИ-м иархив. П. 74. Д. 23. Бзыикъо зау. КъэзыIотэжьыгъэр Пщыбэкъо Ерэджыб, Щынджый. 1963 илъэсым къэзытхыжьыгъэр Хъуажъ Махьмуд.

Хъанджэрие зэритхырэмкIэ, Алкъэс илъэс 90-м ехъу ыныбжьэу 1832–33-рэ илъэсхэм адэжь лIагъэ (еплъ: Записки о Черкесии. 1836. Н. 202 об.). НэмыкIэу пIоны хъумэ, 1742–43-рэ илъэсхэм ар къэхъугъэгъэн фае, 1793 илъэсым адэжьы илъэс 50–51-рэ ыныбжьыгъэщт. Пщыбэкъо Ерэджыбэ къылъыIэсыжьыгъэ къэбархэмкIэ, зэфэсыр зыдэщыIагъэр чылэу Козэт дэсыгъэ Инэмыкъохэм яхьакIэщыщтыгъ. ЯтIонэрэ зэфэсри мы къуаджэм щыIагъэу а къэбархэм къаIуатэ.

59. Тхьахъуахъо нахь ылъэкъоцIагъэр Тхьаркъуахъоп. Шапсыгъэмэ ащ фэдэ лъэкъуацIэ зэряIагъэр «Тхьахъохъо Джамболэт игъыбзи» (АНИИ-м иархив. Ф. 1. П. 34. Д. 27) къеушыхьаты. «Тхьахъуахъор» адыгэ гущыIэжъмэ зэу ащыщ. Апэ дэдэ ар къэзытхыжьыгъэр 1629–1630 илъэсхэм адыгэмэ яхьакIэгъэ итальянцэу Джиованни де Лукка. Мыщ илъэхъан «Тхьахъуахъор» дин IэнэтIацIэщтыгъ, джэназым ипащэу, тхьам ыцIэкIэ дунаим ехыжьыгъэм гущыIэ фэзыIощтыгъэм (тхьам фэхъохъущтыгъэм) «Тхьахъуахъо» раIощтыгъэ.

60. Сборник материалов для описания местностей и племен Кавказа (СМОМПК). Т. XII. Тифлис, 1891.

61. Дьячков-Тарасов А. Н. Абадзехи (Историко-этнографический очерк) // Записки императорского Русского географического общества (ЗИРГО). Кн. 22. Вып. 4. Тифлис, 1902. (1901-рэ илъэсым Бжъэдыгъухьаблэ кIуагъэу Ахэджагокъо КIэмгуе авторым къыриIохи ригъэтхыгъагъэх).

62. АНИИ-м иархив. П. 76. Д. 2. Н. 2, 26–30. 1931 илъэсым къэзыIотэжьыгъэр Гъобэкъуае щыщэу Сташъу ФэкъолI-хьадж, илъэс 68-рэ ыныбжьыгъ. Къэзытхыжьыгъэр Цей Ибрахьим.

63. АНИИ-м иархив. П. 83. Д. 16. 1963 илъэсым къэзыIожьыгъэр ПкIыхьалIыкъуае щыщэу Гъыщ Мыхьамод Щорэ ыкъу, 1888 илъэсым къэхъугъ. Къэзытхыжьыгъэр Къадэ Рим Х.

64. Короленко (П.П.). Черноморцы. СПб., 1874; Ар дэдэр. Материалы по истории Кубанского казачьего войска // Кубанский сборник. Т. 13. Екатеринодар, 1905. Н. 19.

65. Июным и 29-рэм 1972-рэ илъэсым ВООПИК-м (Всероссийское общество охраны памятников истории и культуры) и Адыгэ хэку отделение иэкспедицие Нэджыдэ гъэхъунэхэр къезгъэлъэгъугъэр Инэм щыщэу, илъэс 72-рэ зыныбжьэу, лъэшэу экспедициер зыфэразэу КIэрмыт Исмахьилэ Хьаджэбэчыркъор ары.

66. ГАКК. Ф. 249. Оп. 1. Д. 319.

67. Адыгэ хэку музеим иархив. 1960 илъэсым къэзыIотэжьыгъэр Тэхътэмыкъуае щыщэу Бракъый Тыу. Къэзытхыжьыгъэр Хъуажъ Махьмуд.

68. Хаджимуков В. Н. Народы Западного Кавказа (По неизданным запискам природного бжедуха князя Хаджимукова) // Кавказский сборник. XXX. Тифлис, 1911.

69. Щербина Ф. А. История Кубанского казачьего войска. Т. II. Екатеринодар, 1913.

70. ГАКК. Св. 19. Кн. 59. Д. 333.

71. Советская Историческая Энциклопедия. Т 11. М., 1968.

72. Дьячков-Тарасов А.Н. Бзиоко зауо (Историко-социальный этюд) // Революция и горец. № 1–2 (3–4). Ростов-Дон, 1929.

73. Андриевич Петр. Бивуак при ауле Хурунхабль // Военный сборник. Т. Х. 1859.

74. Анчабадзе З. В. Социальное положение тльфокотлей и их классовая борьба в адыгейском обществе первой половины XIX в. // Труды Института истории имени И.А. Джавахишвили АН Грузинской ССР. Т. II. Тбилиси, 1956.

75. Скитский Б. В. К вопросу о крестьянских движениях на Северном Кавказе во второй половине XVIII в. // Известия Северо-Осетинского НИИ. Т. XVII. Орджоникидзе, 1956.

76. Коссович П. Ф. Из истории нашей области. Майкоп, 1963.

77. Голобуцкий В. А. Черноморское казачество. Киев, 1956.

78. Записки Разряда военной археологии и археографии Русского военноисторического общества. Т. 1. СПб., 1911.

79. ГАКК. Ф. 249. Оп. 1. Д. 319.

80. Короленко П. П. Двухсотлетие Кубанского казачьего войска (Исторический очерк). Екатеринодар, 1896.

81. Черноморская кордонная линия // Энциклопедический словарь Брокгауза и Ефрона. Т. 38-а. СПб., 1903.

82. Авторыбэмэ адыгэ къэIуакIэу иIэм текIэу, адыгэми урысыми къагурымыIонэу «Почетнико зефес» атхы. ГущыIэу «Псычэтыкъу» зыфиIорэм къикIырэр – «Псычэт псыхъу», «Псычэт бэу зытес псыхъу».

83. Хан-Гирей. Записки о Черкесии. СПб., 1836 (Iэпэрытх).

84. Мамонтова А. В. Социально-экономический строй у нижних черкесов (адыгов) накануне крестьянской реформы 1867 гоода // УЗ Кабардинского НИИ. Т. 1. Нальчик, 1946.

85 Покровский М. В. Политика русского царизма по отношению к адыгейской феодальной знати в конце XVIII – первой половине XIX в. // История СССР. 1958. № 1.

86. Вопросы истории. 1955. № 1.

87. Боцвадзе Т.Д. Социальные отношения Кабарды в первой половине XIX в. Автореферат диссертации. Тбилиси, 1962. Антифеодальнэу Шапсыгъэ восстаниер щытыгъэ нахь мышIэми, патриархальнэ демократием зэрэфэбанэщтыгъэм пае ар регрессивнэщтыгъ, феодализмэр зэкIидзэщтыгъ ыIоу З. В. Анчабадзе [74: 206] зэритхыгъэм Т. Д. Боцвадзари тет.

88. Джимов Б. Крестьянское движение в дореформенной Адыгее (1793–1868 гг.) // УЗ АНИИ. Т. XI. Майкоп, 1970. Адыгэ феодализмэм ихэхъон Шапсыгъэ восстаниер пэрыохъу фэхъугъэу, З. В. Анчабадзе ыIуагъэм тетэу, мы авторми етхы. З. В. Анчабадзе зытетым фэшъхьаф шъыпкъэу 1956 илъэсым М. Н. Покровскэм ытхыгъагъ. Мыщ иеплъыкIэкIэ, Шапсыгъэ восстанием фэдэмэ «отнюдь не поворачивали колесо общественного развития вспять, к чему-то вроде «второго издания родового строя», и, конечно, не сопровождались ликвидацией наметившихся черт феодального развития. Достаточно указать, что это движение не повлекло за собой уничтожения крепостничества, существовавшего в адыгейском обществе», и реставрации родовых институтов [133: 4; 134: 63].

89. Вопросы истории. 1955. № 5.

90. ГущыIэу «демократическэ» кавычкэмэ зыкIадэтыр гъэнэфагъэ. Шапсыгъэ щагъэуцугъэ «демократиер» ибэ-нахьыбэмкIэ зидемократиещтыгъэр фэкъолIышIу-оркъыкIэхэмрэ лIэкъолъэш-оркъыжъыхэмрэ арыгъэ нахь, лэжьэкIо жъугъэхэр арэп. Социалистическэ демократиер хэгъэкIыпи, буржуазнэ демократиеми нахь лъхъэнчэжьэу а шапсыгъэ «демократиер» щытыгъ. Мы демократием угу къегъэкIыжьы норвежскэ ыкIи швейцарскэ къушъхьэчIэс фэкъолIхэм яхьылIагъэу Ф. Энгельс игущыIэхэр:

«Как Норвегия, так и старая Швейцария дают еще подлинные образчики того человеческого племени, которое некогда в Тевтебургском лесу сокрушило римлян истинно по-веставльски – дубинами и цепями. Как Норвегия, так и старая Швейцария организованы демократически.но существуют разного рода демократии… в старой Швейцарии видим, как массой невежественных пастухов, несмотря на их демократическую конституцию, управляют на партриархальных началах несколько богатых землевладельцев, вроде Абиберга и т.п.» (К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. Т. 4. Н. 349–350). Джащ фэдэ демократием ихьачырыгъ шапсыгъэ демократиери.

91. К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. Т. 7.

92. Покровский М. В. Адыгейские племена в конце XVIII – первой половине XIX в. // Труды Института этнографии. Новая серия. Т. 46. М., 1958.

93. Вилкуна К. Как пахали поле до появления плуга // Советская этнография. 1973. № 1.

94. Покровский М. В. Социальная борьба внутри адыгейских племен в конце XVIII – первой половины XIX веков и ее отражение в общем ходе Кавказской войны. М., 1956.

95. Покровский М. В. О характере движения горцев Западного Кавказа в 40–60-х годах XIX века // Вопросы истории. 1957. № 2.

96. Новицкий. Географическо-статистическое обозрение земли, населенной народом Адехе // Тифлисские ведомости. 1829. № 25.

97. Яров М. Документы говорят. Исторический рассказ // Советский Северный Кавказ. № 7–8. Ростов н/Дон., 1931.

98. АНИИ-и иархив. Ф. 1. П. 34. Д. 20. КъэзыIотэжьыгъэр Нэгъуцу Сэпщахь, илъэс 80 ыныбжь, Агуй. Къэзытхыжьыгъэр Аулъэ Малыч, 1952 илъэс.

99. К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. Т. 25. Ч. 2.

100. Унэгъо промыслэхэмрэ ремеслохэмрэ япхыгъэ упчIэхэр этнографическэ адыговедением щызэхафы зэхъум автор зэрызхэм гуфэплъэныгъэ хъатэу къызхагъэфагъэп. «В стране, – етхы Е.С. Зевакиным, – в которой не существовало городов, не могло быть и речи о классической феодальной организации ремесла.

В рассматриваемый период (я XVI–XVII лIэшIэгъухэм – *П. А.*) ремесло еще не отделилось от сельского хозяйства. Это было домашнее ремесло, которое только начинало превращаться в домашний промысел…

Профессиональная специализация работ была редким явлением у адыгов…

Только обработка металлов и, отчасти, деревянных изделий была более или менее специализирована… [149: 164–165].

Мыр шIомытэрэзэу М. А. Мэрэтыкъом мырэущтэу ытхыгъ: «В очерках истории Адыгеи указано, что ремесло у адыгов в XIX веке начинало превращаться в домашний промысел – первая стадия равития ремесла, которое не отделилось еще от сельского хозяйства. При домашнем ремесле члены хозяйства производят необходимые изделия для удовлетворения своих небольших потребностей.

В XVII–XIX веках у адыгов существовало два вида ремесла: ремесло на заказ и ремесло на рынок… доминирующим в ремесленном производстве адыгов в XIX веке являлось ремесло на рынок…

М. Покровский пишет, что у адыгов «кузнечное дело, изготовление оружия и ювелирное искусство поднялись до настоящего ремесла, т. е. производства изделий на заказ и на продажу»…

В сборнике «Русско-адыгейские торговые связи» указано, что оборот адыгейской торговли с Россией (я XVIII лIэшIэгъум – *П. А.*) определялся в 1.335.202 руб…

Если в указанный период (я XIX лIэшIэгъум – *П. А.*) у адыгов существовал домашний промысел, а не ремесло на рынок, вряд ли бы они могли изготовить массу изделий, которые вывозили бы за границу» [96: 70–71].

«Авторы очерков истории Адыгеи высказывают такое мнение. Когда в адыгейском быту появились металлы, их на первых порах употребляли, главным образом, для выделки оружия. Таким образом, авторы утверждают, что не материальные, экономические условия являются причиной появления металлов у адыгов, а военные столкновения» [н. 69].

АпэрэмкIэ, «Очерки истории Адыгеи» иапэрэ том изыавтороэу Е. С. Зевакиныр зытегущыIэрэр адыгэмэ я XVI–XVII лIэшIэгъухэм яIэгъэ экономикэр ары нахь, М. А. Мэрэтыкъом зэриIоу я XIX лIэшIэгъум (1801–1900 илъэсхэр) арэп.

ЯтIонэрэмкIэ, я XVI–XVII лIэшIэгъухэм рынкэм фэлажьэщтыгъэ ремеслор Адыгеим щебэкIыщтыгъэу зэритхыгъэр факт пстэуми (пасэрэ феодальнэ щыIакIэми, къалэхэр адыгэмэ зэрямиIагъэми, хэгъэгу кIоцIым ежь яеу яхъчэ хозяйствэ зэримылъыгъэми) апэшIуекIох. Мы лъэхъаным Адыгеим щебэкIыщтыгъэр унэгъо кIоцI промыслэхэр арыгъэ [39: 105–122], ахэмэ ачIыпIэ «ремесло на заказымрэ ремесло на рынокымрэ» язакъоу итыгъэхэу къыпшIозгъэшIын факт гори щыIэп, Адыгеир къэлэ хэгъэгущтыгъэу къызыщымыгъэхъумэ. Я XVII–XVIII лIэшIэгъухэм ремесло плъышъуитIу нахь (на заказ, на рынок) адыгымэ

ямыIагъэу, унэгъо кIоцI ремеслор ахэмэ зэранэкIыгъагъэу зеIом, зыпкъ иуцогъэ феодализмэм (развитой феодализм) адыгэ обществэр лIыгъэкIэ зэрэхищагъэми авторым гу лъитагъэп, унэгъо кIоцI ремеслом пылъыгъэ адыгэхэр зэрзэбгырифыгъэми агъэгумэкIыгъэп.

ЯщэнэрэмкIэ, М. Покровскэм ыIуагъэр Мэрэтыкъо М. зэIигъэхьагъ. М. Покровскэм зэритхыгъэмкIэ, ремесло пстэури арыгъэп мэкъумэщым кIэрычыгъэхэу хъугъагъэхэр. Ащ ытхыгъагъэр: «Однако лишь кузнечное дело, изготовление оружия и ювелирное искусство поднялись до положения настоящего ремесла, т. е. производства изделий на заказ и на продажу. Все остальные виды ремесленной деятельности были тесно связаны с сельским хозяйством… и ориетировались в основном на удовлетворение потребностей семьи» [92: 100 – кIэзгъэтхъ. – *П. А.*].

ЯплIэнэрэмкIэ, «Русско-адыгейские торговые связи» зыфиIорэ тхылъыр сборникэп, М.В. Покровскэм иочерк нахь. А очеркым ия 15-рэ нэкIубгъо я XVIII лIэшIэгъум (илъэсишъэм къазыфагу) Адыгеим Урысыем дишIыгъэ сатыум сомэ 1.335. 202-рэ къытыгъагъэу итхагъэп. Очеркым итхагъэр: «Общая стоимость всех привезенных на екатеринодаские ярмарки в 1847 году товаров определялась в крупной сумме – 1.335.202 рубля 50 коп.»; «Общая же сумма ярмарочных оборотов Черномории за 1837 год составила 7.680.175 рублей 46 коп.» [112: 53–54]. Мы гущыIэмэ къагъэлъагъорэр зы илъэсым (1837-рэ илъэсым) Черноморием иермэлыкъ пстэуми урысми адыгэми къаращэлIэгъэ товармэ къакIэкIогъэгъэ сомэ пчъагъэр ары нахь, адыгэ закъомэ ятовархэм аосэ ахъчэ пчъагъэр арэп.

ЯтфэнэрэмкIэ, «Очерки истории Адыгеи» зыцIэ тхылъым авторибл иI. Зы авторым – Е.С. Зевакиным – ыIуагъэмкIэ блыри бгъэмысэныхэ зэрэмыхъущтым гу лъытэгъуаеп. Ау а зы авторыри мысэп, сыда пIомэ, металлургиер къызхэкIыгъэм ар тегущыIэрэп, металлургием къытыщтыгъэ пкъыгъохэр Iофтхьабзэу зыфагъэфедэщтыгъэм къытепсэлъыхьэ нахь.

Ф. Энгельс урыгъуазэмэ, мы тапшъэкIэ къэдгъэлъэгъогъэ «критикэу» Мэрэтыкъо М. ышIыгъэм укъызэрищэлIэжьырэр мары: «Если желаешь заниматься научными вопросами, необходимо прежде всего научиться читать сочинения, которыми хочешь воспользоваться, так, как их написал автор, и прежде всего не вычитывать из них того , чего в них нет» [114: 26].

101. Щербина Ф. А. Очерки борьбы русских с черкесами. Вып. 1. Екатеринодар, 1912.

102. Максимов П. Горские сказки // Советский писатель. 1937. Н. 7.

103. Короленко П. П. Записки о черкесах // Кубанский сборник. Т. XIV. Екатеринодар, 1908.

104. Фелицын Е. Д. Князь Сефер-бей Зан // Кубанский сборник. Т. X. Екатеринодар, 1904. Н. 5. (Шапсыгъэ фэкъолI восстаниер я XVIII лIэшIэгъум ызынықъом щыIагъэу, 1887 илъэсым ытхыгъагъэр риутыжьэу [111], мыщ къыщеIо).

105. Федор Глинка. Подвиги русских за Кубанью в 1789 году // Отечественные записки. Ч. V. № 9. СПб., 1821.

106. АНИИ-м иархив. Ф. 1. П. 6. Д. 8 (10). КъэзыIотэжьыгъэр Инэм щыщэу Козын Шъалихь. Къэзытхыжьыгъэр Дэхъужь Л.

107. Хуажев Исмаил. Бзиюкская битва // Социалистическэ Адыгей (на адыг. яз.). 1941. Маим -9.

108. АНИИ-м иархив. Ф. 1. П. 37. Д. 31.

109. АНИИ-м иархив. Ф. 1. П. 48. Д. 102. Шапсыгъэу Хьаплъэкъо Гъубдж игъыбзэ къэзыIожьыгъэр Хьаджыбыекъо Сахьид. Краснодар, 1935 илъэс.

110. Адыги, балкарцы и карачаевцы в известиях европейских авторов XII–

XIX вв. Составление, редакция переводов, введение и вступительные статьи к текстам В. К. Гарданова. Нальчик, 1974.

111. Фелицын Е. Д. К вопросу о сословиях у горских племен Кубанской области // Кубанские областные ведомости. № 27. 1887. 11 июля.

112. Покровский М.В. Русско-адыгейские торговые связи. Майкоп, 1957.

113. Очерки истории Адыгеи. Т. 1. Майкоп, 1957.

114. К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. т. 25. Ч. 1.

115. Меретуков М. А. Развитие металлургии у адыгов в XIX в. // УЗ АНИИ. Т. VIII. Майкоп, 1968.

116. Анчабадзе З., Робакидзе А. К вопросу о природе горского феодализма // Тезисы докладов сессионных и пленарных заседаний Всесоюзной научной сессии, посвященной итогам полевых археологических и этнографических исследований в 1971 г. Тбилиси, 1971.

117. Рубинштейн Л. Н. Крестьянское движение в России во второй половине XVIII века // Вопросы истории. 1956. № 11.

118. Джанашвили М. Г. О родстве грузинского языка с индоевропейскими // Труды XIII-го съезда естествоиспытателей и врачей в гор. Тифлисе 16–24 мая 1913 года. Т.VI. Тифлис, 1916.

119. Аутлева С. Ш. Идейно-художественные особенности адыгейских историко-героических песен // УЗ АНИИ. Т. VII. Майкоп, 1968.

120. Энциклопедический словарь Брокгауза и Ефрона. Т. 38. СПб., 1903.

121. Поршнев Б. Ф. Очерк политической экономии феолализма. М., 1956.

122. Колганов М. В. Собственность. Докапиталистические формации. 1962.

123. К. Маркс и Ф. Энгельс. Соч. т. 25. Ч. 2.

124. Джимов Б. М. Социально-экономические отношения и крестьянское движение в Адыгее в XIX в. (до 1870 года) // УЗ АНИИ. Т. IV. Краснодар, 1965.

П.У. Аутлев

Восстание шапсугских фокотлей в 1791–1796 годах

В истории классовой борьбы адыгейского народа видное место занимает пятилетнее восстание шапсугских фокотлей – крестьян, в основном завершившееся знаменитой в местной хронике событий четырехчасовой Бзиюкской битвой 29 июня 1796 года. Вместе с тем, оно было самым крупным по широте, глубине, силе и размаху крестьянским выступлением XVIII века не только в пределах Адыгеи, но и в границах Кавказа в целом.

В предлагаемом кратком очерке излагается содержание следующих трех вопросов: 1. Причины восстания; 2. Ход восстания в рамках двух периодов (первый – с 1791 по 1792 и второй – с 1973 по 1796 годов) и причины победы крестьян; 3. Социально-экономические итоги восстания.

Материал к публикации подготовлен Н.Х. Емыковой.

Кроме большого числа исторических источников автор широко использует данные адыгского фольклора (Н.Е.).

P.U. Autlev

Revolt of Shapsug peasants in 1791 through 1796

In the history of class fight of the Adyghe people, 5-year revolt of Shapsug peasants, which ended in the well-known four-hour Bziyuksky fight on June 29, 1796 (according to local chronicle of events), is ranked very high. At the same time, it was the largest peasants' uprising of the 18th century in width, depth, force and scope not only within Adyghea, but also in borders of the Caucasus in general. In the offered short sketch, the following three questions are considered: (1) revolt reasons; (2) the revolt course within two periods (the first – from 1791 to 1792 and second – from 1973 to 1796) and the reasons of peasants' victory; (3) social and economic results of revolt.

(In addition to a large number of historical sources the author widely uses data of the Adyghe folklore. – N. Emykova).

